E. BERDİMURATOV, J. PİRNİYAZOV,
Q. ALLANAZAROV

# OQIW KİTABI

TO'RT JILLIQ BASLAWISH
MEKTEPTİN' 4-KLASI USHIN SABAQLIQ

*Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tastıyıqlag'an*

TASHKENT — «O'ZBEKISTON» — 2009

E. BERDİMURATOV, J. PİRNİYAZOV, Q. ALLANAZAROV

**Oqıw kitabı. 4-klass:** To'rt jıllıq baslawısh mekteptin' 4-klası ushın sabaqlıq. No'kis: «Qaraqalpaqstan», 2009. 272 bet.

Qayta redaktorlag'an QROMO metodisti J. Uspanova.
No'kis qalalıq XBBne qaraslı 1-sanlı qa'nigelestirilgen ma'mleketlik ulıwma bilim beriw mektebinin' mug'allimi X. Abdijabbarova.

**Respublikalıq maqsetli kitap qorı esabınan ijara ushın basıp shıg'arıldı**

# 1-SENTYABR — O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASININ’ G’A’REZSİZLİK ALG’AN KU’Nİ. BİLİMLER BAYRAMI

## O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI MA’MLEKETLİK GİMNİ

**A. Aripov** *so’zi*
**M. Burxanov** *muzıkası*

Serquyosh, hur o‘lkam, elga baxt, najot,
Sen o‘zing do‘stlarga yo‘ldosh, mehribon!
Yashnagay to obod ilmu fan, ijod,
Shuxrating porlasin toki bor jahon!

**Naqıratı:**

Oltin bu vodiylar— jon O‘zbekiston,
Ajdodlar mardona ruhi senga yor!
Ulug‘ xalq qudrati jo‘sh urgan zamon,
Olamni mahliyo aylagan diyor!

Bag‘ri keng o‘zbekning o‘chmas iymoni,
Erkin, yosh avlodlar senga zo‘r qanot!
Istiqlol mash‘ali, tinchlik posboni,
Haqsevar ona yurt, mangu bo‘l obod!

**Naqıratı:**

Oltin bu vodiylar — jon O‘zbekiston,
Ajdodlar mardona ruhi senga yor!
Ulug‘ xalq qudrati jo‘sh urgan zamon,
Olamni mahliyo aylagan diyor!



## QARAQALPAQSTAN RESPUBLİKASININ’ MA’MLEKETLİK GİMNİ

***İ. Yusupov*** *so’zi*
***N. Muxammeddinov*** *muzıkası*

Ja’yhun jag’asında o’sken bayterek,
Tu’bi bir, shaqası mın’ bolar demek,
Sen sonday sayalı, quyashlı elsen’,
Tınıshlıq ha’m ıg’bal sendegi tilek.

**Naqıratı:**

Diyqan baba na'pesi bar jerinde,
Juwsan an'qıp, kiyik qashar sho'linde,
«Qaraqalpaqstan» degen atın'dı,
A'wladlar a'diwler ju'rek to'rinde.

Aydın keleshekke shaqırar zaman,
Ma'rtlik, miynet, bilim jetkizer og'an,
Xalqın' bar azamat, dos ha'm mehriban,
Erkin jaynap-jasnap, ma'n'gi bol aman.

**Naqıratı:**

Diyqan baba na'pesi bar jerinde,
Juwsan an'qıp, kiyik qashar sho'linde,
«Qaraqalpaqstan» degen atın'dı,
A'wladlar a'diwler ju'rek to'rinde.

**Tapsırma:**

Gimndi naması menen yadlap alın'.

## G'A'REZSİZLİK HAQQINDA QOSIQ

*A. Seytjanov*

Bir arzıwlı a'rman edin' babama,
Bu'gin kirip keldin' kewil xanama,
Shu'kiranamız ko'p Alla talag'a,
Aybatım, sawlatım, g'a'rezsizligim!

Burın ju'rer edik ishimiz janıp,
Kim ekenimizdi bile almay anıq,
Bu'gin ju'rmiz o'zligimizdi tanıp,
A'ybatım, ikramım, g'a'rezsizligim!

Ul-qızların' qarar keleshegine,
Azamat bolıw ushın tuwg'an jerine,
Quday tala ma'det bergey sendey elime,
Maqtanıshım, ma'rtim g'a'rezsizligim!

Jolın' aydın boldı, appaq niyetin',
Jan'adan jaynattın' Watan kelbetin,
Qaraqalpaqstan — bir su'yikli perzentin',
Shadlıg'ım, saltanatım, g'a'rezsizligim.

Bu'lbu'l bag'ın taptı, gu'ller bag'manın,
O'zbekstan ja'ha'n boylap jan'ladın',
Hasla gidirmesten alg'a hag'ladın',
Qu'diretim, hikmetim, g'a'rezsizligim.

**Soraw ha'm tapsırmalar:**

1. O'zbekstan Respublikasının' g'a'rezsizlik alg'an ku'nin qashannan beri bayramlaymız?
2. Sizler g'a'rezsizlik bayramına qanday tayarlıqlar ko'rip atırsız?
3. Mug'allim menen birlikte qosıqtı tu'sinip oqıp mazmunın so'ylep berin'.
4. G'a'rezsizlik haqqında tag'ı qanday qosıqlar bilesiz?

# BİLİMLER BAYRAMI

Ekinshi sentyabr — bilimler bayramı. Bul ku'ndi ha'r jılı xalqımız u'lken quwanısh penen ku'tip aladı. A'sirese, balalardın' quwanıshı sheksiz! Olar o'zlerinin' ana mektebine jetkenshe asıg'adı. Bul ku'n mu-g'allimlerdin' de, ata-analardın' da ku'tken bayramı. Ju'zlerinde quwanısh belgileri jaynap qushaqlasıp ko'risip atırg'an oqıwshılardı ko'resen'. Al mug'al-limlerdin' qushag'ı gu'l menen tolg'an. O'zlerinin' bilim berip, ta'rbiyalap o'sirgen oqıwshıların sag'ınısh penen ku'tip aladı.

Awa, bul ku'ni ha'rkimde ha'r tu'rli oy-sezimler ha'm maqsetler boladı.

Mine, endi bizler jazg'ı dem alıstı kewilli o'tkerip klaslarımızg'a kirip, partalarımızda otıra baslaymız. Sabaq baslanadı. Mug'allimnin' so'zlerin dıqqat qoyıp tın'laymız. Sabaqtan son' mug'allimnin' bergen tapsırmaların orınlawg'a kirisemiz.

A'lbette, bul waqıt oqıwshılardın' bilim alıp, o'ner u'yrenip shug'ıllanatug'ın da'wiri bolıp esaplanadı.

**Sorawlar:**

1. Sentyabr ayının' ekinshi sa'nesi qanday ku'n bolıp belgilenedi?
2. Sizler bul ku'ndi qalay kutip aldın'ız?

# BİLİM

*X. Saparov*

Bilim so'yler tilimsen',
Jan'lap shıqqan u'nimsen',
Tirishiliktin' anası,
Jarqırag'an ku'nimsen'.

Ju'rektegi qanımsan',
Hu'jdan, namıs-arımsan'
Quwat bergen boyıma,
Bilim — tatlı nanımsan'.

Bilim kelbet, sa'nimsen',
Qapshıq-qapshıq da'nimsen',
Heshqashan da azaymas,
Tasqınlag'an ka'nimsen'.

Bilim so'nip o'shpeydi,
Elge xızmet isleydi.
Turmısımda ko'rdim men,
Sensiz ku'nim keshpeydi.

Bilim — hasıl tozbag'an,
Hesh waqıtta azbag'an.
Bilimsizdin' ko'shede,
Tayag'ın iyt qayzag'an.

Teren' bilim alg'alı,
Toltırdım men ortanı,
Ko'terildi ma'rtebem,
Bilimim, sen arqalı.

Barar jerge baraman,
Dan'qım ko'pke tarag'an,
Jumsamasam seni men,
Obalın'a qalaman.

Bilim ushar qanatım,
On'g'a bastı talabım,
Bilim menen tag'ı da,
Abat bolar elatım.

Bilim biyik asqarım,
Sog'an qa'dem tasladım,
Alaqanda turg'anday,
Ja'ha'nge ko'z tasladım.

**Soraw ha'm tapsırmalar:**

1. Qosıqtı ta'sirli etip oqın'.
2. Qosıq qatarlarında shayır neni so'z etedi?
3. Qosıqtın' da'slepki 4 kupletin yadlan'.

## Naqıl-maqallar

Bilegi ku'shli birdi jıg'adı,
Bilimi ku'shli mın'dı jıg'adı.

Oqıg'an ozar,
Oqımag'an tozar.

Aqılı ka'mil ilimi zor,
İlimli el bolmaydı xor.
(Berdaq)

## O'ZBEKSTAN — WATANIM MENİN'

*A. Sultanov*

Bag'ları miywalı bir ja'nnet yan'lı,
Xalqı tınıshlıqta qarsı aldı tan'dı,
Mustaqıllıq alıp ıg'balı jandı,
Jayna-jasna go'zzal ma'kanım menin'
O'zbekstan — ullı Watanım menin'.

İslam a'leminde Naqıshband babam,
Xiywa, Buxara — bul ullı Kaabam,
Tashkentim — shıg'ısta shamshıraq qalam,
Jayna-jasna go'zzal ma'kanım menin'
O'zbekstan — ullı Watanım menin'.

Beruniy, Ulug'bek, Ha'kim Ulıqpan,
Sonday danıshpanlar shıqqan xalıqtan,
Ha'ziret Nawayıdan sabaq alıppan,
Jayna-jasna go'zzal ma'kanım menin',
O'zbekstan — ullı Watanım menin'.

## O'ZBEKSTAN BARAR SARRAS JOL MENEN

*X. Saparov*

Xalıq qolı menen ja'nnet jaratıp,
Hadal miynetinin' jemisin tatıp,
Ullı u'mit penen qa'demin atıp,
O'zbekstan barar sarras jol menen.

Erkin el — bul biylik o'zinde,
Ma'lim boldı pu'tkil du'nya ju'zinde,
Kewli tolıp quwanıshlı sezimge,
O'zbekstan barar sarras jol menen.

Ha'rbir azamatı bayıtqan eldi,
Ku'n sayın ko'rkeyter tuwılg'an jerdi,
A'rman iske asıp, da'wranı keldi,
O'zbekstan barar sarras jol menen.

Belin bekkem buwdı bawırman xalıq,
G'a'rezsizliginen ku'sh-quwat alıp,
Keleshegi bunnan beter nurlanıp,
O'zbekstan barar sarras jol menen.

Biyik shın'g'a pa'rwaz etken sun'qarday,
Alıs jaylawlardan kelgen tulparday,
Watan ma'pi dese tayar ullarday,
O'zbekstan barar sarras jol menen.

Doslarg'a qushag'ı ashılg'an ken'nen,
Birlik ha'm tınıshlıq qa'dirin bilgen,
Qu'diretli, mehriban a'jayıp u'lkem,
O'zbekstan barar sarras jol menen.

**Sorawlarg'a o'z so'zin'iz benen juwap berin':**

1. Qosıqta O'zbekstannın' qanday u'lke ekenligi aytılg'an?
2. Ol g'a'rezsizlikke qashan eristi? Onın' a'hmiyeti nede?
3. «Sarras jol» degende neni tu'sinesiz?
4. Na'tiyjeler qanday? Qanday o'zgeshiliklerdi sezesiz?
5. Mektebin'izde qanday o'zgerisler bar?
6. Jasap atırg'an ma'kanın'ızda she?

## TASHKENT

*T. Jumamuratov*

Ko'n'li da'rya A'miw, Sır ha'm Zarafshan,
U'lken o'zbek ag'amızg'a sharap-shan.
Atlas do'nip, gu'l jamılg'an sha'ha'rim,
Ku'n shıg'ısta jarqırag'an daraqsan'.

Sa'lem, Tashkent, mehribanlı bas qalam,
Jer ju'zine dan'q ko'tergen astanam,
Ziyaratqa kelip turman elimnen,
Qaraqalpaq bawırın'nan assalam.

### So'zlik

Sharap-shan — abıroy-danq ma'nisinde

Astana — paytaxt ma'nisinde

**Tapsırma:**

Qosıqtı yadlap alın'.

## QARAQALPAQPAN

*J. Aymurzaev*

Tariyxı bar en' a'yyemgi sag'adan,
Heshbir qalıspag'an sezim-sanadan,
Barlıq xalıqtan o'zin kishi sanag'an,
Beli berik tuwılg'an Qaraqalpaqpan!

O'mir ushın bilgen dostın' keregin,
Dostınan ayamay bergen ju'regin,
Ashlıqta da bo'lip jegen sho'regin,
A'zelden dos su'ygen Qaraqalpaqpan!

Miyman kelse, bergen barlıq jıyg'anın,
Qaytarında bergen qapqa sıyg'anın,

Ba'rhama oylag'an adamnın' g'amın,
Dosqa da'rman u'ygen Qaraqalpaqpan!

Burınnan ju'rgen bolsa sho'l gezip,
Ha'zir ma'kan bastı u'skene du'zip,
Zarlatqan jawızdın' tumsıg'ın ezip,
Jawdan kegin alg'an Qaraqalpaqpan!

Hadal miynet etip ayamay terdi,
Paxta, salı egip, molaytıp jerdi,
Baxıtqa bo'legen tuwılg'an eldi,
Jan'arıp, jasarg'an Qaraqalpaqpan!

Tuwısqanlar qolın sozıp bawırman,
Miyrimdi qandırdı ashılıp sag'an,
Qazaq-bawırlasım, o'zbek-o'z ag'am,
Xalıqlarg'a bawırman Qaraqalpaqpan!

Aqıl, ku'shti kishi jastan do'retken,
Sho'listannan bag'ı-bostan do'retken,
Shayırları jan'a da'stan do'retken,
Baxıttan yosh alg'an Qaraqalpaqpan!

Jurttan burın alg'an tiyisli shegin,
Jaylawında mallar, jerinde egin,
Xalıqlar menen man'gi qosqan ju'regin,
Xalıq penen quwang'an Qaraqalpaqpan!

Baylıq o'ngen taw, tas, qırı-oyınan,
Altın o'ngen qushag'ınan, qoynınan,
U'lken qurılıs qurg'an Tu'yemoyınnan,
Qaharmanlıq qılg'an Qaraqalpaqpan!
Ullı ma'rtebeli Qaraqalpaqpan!

**Tapsırma:**

1. Ko'rkemlep oqıwg'a u'yrenin'.
2. Mazmunın o'z so'zlerin'iz benen aytıp berin'.

## XALIQ SO'ZLERİ

*İ. Yusupov*

Xalqımdı dana desem bolar,
Naqıl etken bile-bile,
So'yley-so'yley sheshen bolar,
Ko'sem bolar ko're-ko're.

Naqıl ko'ptin' mu'lki bolar,
Adam sumı tu'lki bolar,
İyt juldızg'a ku'lki bolar,
Ayg'a qarap u're-u're.

Qorqqanlarg'a qos ko'riner,
Joldaslıq jolda biliner,
Ju'rgenge jormal iliner,
Ko'p ko'rersen' ju're-ju're.

Shayırlıq etse nadanlar,
Ba'lege qalar adamlar,
Axmaq aytar, aqıl tın'lar,
Zeyin menen ile-ile.

Du'nya quwg'an bayır o'ter,
El qıdırg'an sayıl o'ter,
İz qaldırıp shayır o'ter,
So'z marjanın tere-tere.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Qosıqtı ta'sirli etip oqın'.
2. Shayır o'z xalqın qalay ta'riypleydi?
3. «Naqıl ko'ptin' mu'lki bolar» degen qatardı mug'allimnin' ja'rdemi menen talqılap tu'sinip alın'.
3. Qa'legen 3 kupletin yadlap alın'.

## MENIN' QALAM

*X. Saparov*

Erkinlikten qayta tuwg'an,
Xalqı iske belin buwg'an,
Shıraq jaynap tu'ndi quwg'an,
Nur qoynında menin' qalam.

No'kis biri — jas qalanın',
Quwandırar bas jobası,

Tırnag'ına tas qalandı,
Qa'ddin tikler menin' qalam.

Topar-topar miyman keler ,
Xalqım og'an: — Xosh keldin'! — der,
Hu'rmet etip to'rin berer,
Bawırman, dos menin' qalam.
Da'wirge ba'ri ılayıq,
Miynet su'ygish bar qalayıq.

**Tapsırma:**

1. Qosıqtı ta'sirli etip oqın'.

## XALQIM QAHARMAN MENİN'

*X. U'bbiniyazov*

Jeri — ken' jazıq da'sturxan,
Eli ko'kirekti yoshtırg'an,
Tabıs — da'ryasın tastırg'an,
Xalqım qaharman menin',
Kewlim — ba'ha'r tan' menin'!

Ekkeni altın, aq paxta,
Appaq jipektey pa'k paxta,
Shiyrin jemisi ko'p bag'da,
Xalqım qaharman menin',
Kewlim — ba'ha'r tan' menin'!

U’stirtim — ullı keleshek,
Aytsam g’a’ziynem ele ko’p,...
Qırmanı ırıs, bereket,
Xalqım qaharman menin’,
Kewlim — ba’ha’r tan’ menin’!

Aq paxta ıg’bal, ma’rtebem,
Baylıqqa tolg’an ha’r to’bem,
Shadlıq sazların shertemen,
Xalqım qaharman menin’,
Kewlim — ba’ha’r tan’ menin’!

Bahadır paxtakeshkerim,
Salıkesh za’berdeslerim,
Bu’gingi qaysar ma’rt erim,
Xalqım qaharman menin’,
Kewlim — ba’ha’r tan’ menin’!

**Sorawlar:**

1. Xalıqtın’ qaharmanlıq miynetleri qosıqta qalay bayanlanadı?
2. Elimizdin’ tiykarg’ı baylıqları qaysılar?

# Gu'z



## ALTIN GU’Z

*X. Seytov*

Altın gu’zde aralasam el bag’ın,
Kewlimde ku’lim qag’ar nur sag’ım,
Jer baylıg’ın ta’rezige tartqan gu’z —
Ha’r ma’wsimnen basım senin’ salmag’ın’.

Ju’gi awır — gu’z tabıslı boladı,
Gu’z gu’zarı — jawın selli boladı.
Ma’rt diyqannın’ miynetinin’ o’lshemi,
Gu’zdin’ juwmag’ında belli boladı.

Sonın’ ushın dabıl qag’ıp elatqa,
Barlıq diyqan turıp alıp bir sapqa,
Zu’ra’a’tti tez jıynawg’a atlanıp,
Jumıs qızıp, ku’sheyedi talap ta.

Qıs xabarın aytıp samal, sın’sılar,
Asıg’ın’lar! Dep tırrıwlar tırnalar,
Gu’z aqırı. Qıraw tu’sip jer ton’ıp,
Qaymaqlasıp tınıq suwlı arnalar.

Silpi jawın jawsa, bolıp jer tayg’aq,
Tu’nde qatıp, ku’ndiz erir muzqaymaq.
Ko’z aldımda eles berip turadı,
Ku’nshuwaqlap jatırg’anday gu’lli aymaq.

**Soraw ha'm tapsırmalar:**

1. Ne ushın bul ma'wsim altın gu'z dep ataladı? Gu'zdegi ta'biyatta bolatug'ın o'zgerislerdi aytıp berin'.
2. Zu'ra'a'tti jıynaw ha'reketi berilgen qatarlardı tawıp oqın'.
3. Qosıqtı ta'sirli oqıp, mazmunın so'ylep berin'.

## Gu'z

*J. Aymurzaev*

Gu'z. Ko'k ala bult ku'ndi jasırg'ısı keledi. Qızıl suwdan keyingi sen'dey bolıp jılıslap bult tu'njırap tumlı-tusqa jıljıg'anday ha'reketke keledi. Qula du'zden ko'terilgen quyınday qumarlanıp, ku'nnin' ju'zine boyın taslag'ısı keledi. Tandırdan shıqqan tu'tindey burqasınlap baratırg'an bult ku'n nurınan qaq ayırılg'anday ko'rinedi. Qoyıw qara bult ku'ndi qaplawg'a ha'rqıylı ha'reket etken, qanatın jayg'an bu'rkit ta'rizli, ku'nnin' ko'rkem ju'zine pa'nje urg'ısı kelgendey umtıladı. Esken samaldın' aldına erksiz sho'jege umtılg'an ash shag'alag'a megzep sulıw sa'wlenin' sımbatına awız urg'ısı keledi. Ko'ktin' qara bultına qol berip kewlin qosqanday jerden ko'terilgen duman to'bege qaray tutasqısı keledi.

Bul da ja'rdem etkendey boladı. Ku'shli esken samaldın' ku'shi menen gez kelgen jag'ına jıljıp, turarg'a jer tappaydı.

Bult penen dumandı ku'n mensinbey, qaynag'an jaqtısı menen bulttı bo'lip, dumandı quwıp shıg'arıp, jer ju'zinde sa'wle shashadı. Qabag'ın u'ygen qara bult ku'n shapag'ına shıdam bere almaydı. Shag'ırayıp sharshag'an ku'nnin' sa'wlesi ko'kten ku'lip qarag'anday jerdi su'yedi. Jer qırtısın jibitip, jan bergisi keledi. O'zinin' jag'ımlı nurı menen jer ju'zin jaynatadı.

**Tapsırmalar:**

1. Oqıp shıg'ın'.
2. Tekst mazmunı menen ta'biyat sa'ykesligine baqlaw ju'rgizin'.
3. Mazmunın o'z so'zlerin'iz benen aytıp berin'.

## USTAZ — ATAN'DAY ULLI USTAZLARG'A

*S. Abbazov*

U'lkeydi dep, nalıman'ız jasımız,
Ag'ardı dep, qapalanban' shashımız,
Bunın' ba'ri ullılıqtın' nıshanı,
Aldın'da iyiwli bizin' basımız.

Qıylanban'ız, a'jimli dep ju'zimiz,
Oylanban'ız, girewli dep ko'zimiz,
Mın'san sha'kirtlerin' — sulıw shırayın',
Nurlap turg'an ko'z bolamız o'zimiz.

Ju'rilmegen tın'larg'a iz saldın'ız,
En' qıyın ka'sipti tan'lap aldın'ız,
Bilim bulag'ınan qandırıp bizdi,
Hu'rmet qushag'ında ma'n'gi qaldın'ız.

## USTAZLAR

*T. Qabulov*

Sulıw diydarın'ız ba'har tan'ınday,
Yoshlı ju'regin'iz jang'an jalınday,
Anamız A'miwdin' tolqınlarınday,
Qanatlı qosıq ha'm jırsız, ustazlar!

Jaslardı jetelep bilim bag'ına,
Baslaysız o'mirdin' nurlı jag'ına,
Million ju'rek sıyg'an ken' qushag'ına,
A'jayıp du'nyasız, du'rsiz, ustazlar!

Bilimnin' bag'ında bu'lbu'ldey sayrap,
O'mir ag'ısında tuwılg'an qaynap,
Ashıq aspanımda quyashtay jaynap,
Ju'rekke quyılg'an nursız, ustazlar!

Sa'lem, ana mektep! Bilim bulag'ı!
Sa'lem, ustazlar! Siz, soldatsız qırag'ı.
Atın'ız ju'rekte ma'n'gi turadı,
Qatarda jawınger narsız, ustazlar!

O'mir a'lipbesin usıng'an bizge,
Bizler minnetdarmız mudamı, Sizge.
Jaynag'an juldızday ju'regimizde,
Ma'n'gi yadımızda barsız, ustazlar!

## MUG'ALLİMGE RAXMET

*T. Qayıpbergenov*

Tu'ni menen ag'am ekewimiz qawın qorıqta bolıp, tan'nın' aldında u'yge kelip jattıq. Qay waqıt bolg'anın bilmeymen. Shırt uyqıda jatır edim. Apam qoyarda–qoymay julqılap atır.

— Tu'rgel, Turdımurat, tu'rgel!

Esheyinde bu'ytip oyatpaytug'ın edi. U'ydin' bir jag'ına ot tiyip ketken shıg'ar dedim de, apalaqlap ko'zimdi ashtım. Apam baz-bayag'ı gu'birlenip atır.

— Tu'rgel, ju'ktin' artına kir.

Ko'zimde shala uyqı bar edi. Hayranman, burın ju'ktin' artında jatpaytug'ın edim.

— Juktin' artında ne bar? – dedim apama qarsılasıp.

— Kir, sorı qaynag'an, mug'allim kiyatır! — dep ol sıbırlap, meni asıqtırdı. Usı ma'ha'lde mug'allimnin' keshegi mushın siltep ketkeni esime tu'sti. Bul jo'ninde u'ydin' ishine heshna'rse aytpag'an edim. Endi apamlar bilgen eken-aw, dep oyladım: «Urmaytug'ın bolsa, nege

kiyatır. U'yimizdi bilmeytug'ın adam bizin' u'ydi qalay tawıp aladı. Keshe atımdı biykar aytqan ekenmen. Sorım qaynap tayaq jemesem bolar edi»...

Apam arshanın' u'stindegi qorjın–bog'jamalardı jıldam-jıldam alıp jerge qoyıp atır.

— Atımdı aytıp qoydım, — dedim men mug'allimnen qashıp qutıla almaytug'ınımdı bilip. Apam da, ag'am da menin' so'zimdi tın'lamadı.

— Jat, jat! — dep ekewi ten'nen buyırdı. Bir waqıtta ag'am meni qushaqlap aldı da, arshanın' u'stine kese jatqardı. Apam u'stime qorjın-bog'jamalardı u'yip, onın' u'stine ko'rpe jiynadı. Ko'kiregim tap sonday qısıldı, erkin dem alıwıma mu'mkin bolmay qaldı. Bir jag'ımnan kerege qıssa, ekinshi jag'ınan u'stimnen ju'k basıp baratır. Dawısımnın' barınsha «Way-way demiktim» — dep baqıraman. Biraq dawısım o'zimnen alıslap kete almaydı. Gu'birlengenimdi ag'am sezgen qusaydı. Tu'rgelip, betimdi azg'antay ashıp qoydı. Bunnan keyin azlap erkin dem alayın dedim. Apam qolına urshıg'n ala-sala alaqshınnın' qasına otıra qaldı. Ag'am qobdıydan atawız benen sho'kkishin alıp, sozanın sabaqlay sala, go'ne gewishin jamawg'a kiristi. Ba'rin de ko'rip jatırman. Durıs aqıl taptıq deskendey, ekewi bir-birine jımıyısıp, qarasıp qoyadı. Aradan ko'p waqıt o'tpey-aq, aqsaqal menen keshegi men ko'rgen jigittin' o'zi kirip keldi. Sa'lemlesip qolınan alsa da, kelgen qonaqlarg'a

ag'am orın bere qoymadı. Tek jılısın'qırap, esik betirekten olarg'a orın awıstırdı.

Kelgenler meni tu'k sezbeydi. Tek apama ko'rinetug'ın usayman. Bir ret men ta'repke qaradı da, sestin'di shıg'arma degendey, o'zinin' ketik tisli awzın alaqanı menen bastı. Men onısız da tınısh jatırman.

— Balan'ız qayda? — dedi aqsaqal. Bunı ol ag'amnan sorasa da, apam da'rriw juwap berdi.

— Qız apasınıkine qıdırıp ketip edi. Mug'allim bir na'rselerdi jazatug'ınday bolıp qolına qa'lem, qag'az alıp otır.

— Qashan ketti? — dedi ol.

— Keshe.

— Balan'ızdın' atı kim? — dep soradı mug'allim. Usı waqıtta men burıng'ıdan da beter qısıldım. «Apam atımdı aytsa, onın' qıdırıp ketti, degenine mug'allim inanbaydı. Sabap ketse de, bu'ytip jasırınbawım kerek eken. Ag'am menen apam ten'nen o'tirikshi boladıaw» dep qıynaldım. So'ytip jatıp, sa'l qozg'aldım ba deymen, u'stimdegi bir ko'rpe arshag'a su'yenip otırg'an aqsaqaldın' u'stine jalp ete qaldı.

— Haw! — dedi apam heshna'rseni bilmegensip, so'ytip ırg'ıp tu'rgele sala jan'ag'ı ko'rpeni bas ushıma tamanıraq tasladı. Ko'rpe tu'sken waqıtta ayag'ım shamalı ashılıp ketti me, — dep qorqtım. Sebebi mug'allimnin' eki ko'zi ayaq ush betimdi

jep baratır. Og'an bildirmew ushın ayaqlarımdı a'ste g'ana bawırıma tartıp edim, u'stimdegi ko'rpe-to'seklerdin' barlıg'ı qulap, tasırayıp ko'rindim. Bul ba'rinen de jaman boldı. Jata bererimdi de, tu'rgelip qonaqlar menen sa'lemlesiwdi de bilmedim. Apam menen ag'am astındag'ı erinlerin tislep alg'an shıg'ar deymen. Bir-birine adırayısa qarastı. Apamnın' urshıg'ı u'zilip, ag'amnın' sho'kkishi man'layına tiyip ketti.

— Turdımurat, demigip qalmadın' ba? — dedi mug'allim ku'lip. Ol menin' atımdı umıtqan shıg'ar dep edim. Umıtpag'an eken. Uyalg'anımnan ne qılarımdı bilmey, moyın omırtqası u'zilip ketken kisidey, ornımnan zorg'a turdım.

— Jigit te jasırına ma eken? Bul qorqaq adamlardın' isi. Al, Turdımurat sen keshe batır edin' g'oy? — dedi de mug'allim qasıma kelip, basımdı sıypaladı. — Jasın' neshede?

— On u'shte, — dedim men sıbırlanıp.

— Oqıysan' ba? — dep mug'allim bir na'rseledi jaza basladı.

Ne dep juwap qaytarарımdı bilmey, da'slep ag'ama, onnan son' apama qaradım. Olar «oqımayman de» degendey, birese ko'zlerin qısıp, birese basların shayqap-shayqap qoyadı.

— Kempir-g'arrın'a nege qaraysan'? — degen awıl aqsaqalının' sorawına ne derimdi bilmey uyalın'qırap tursam, mug'allim de menin' ishime kirip shıqqanday, bılay dedi:

— Bul ma'rt jigit oqıydı.

Ja'ne ne derimdi bilmey biraz turdım da, birden moynımdı ko'terip turıp:

— Awa, oqıyman, mug'allim, — dedim.

Apam menen ag'am mag'an adırayısa qarasa da, aqsaqal menen mug'allim ketkenshe heshna'rse dep keyiy almadı.

— Genjetay balamız edi. Tiymen', shırag'ım, — dedi ag'am bir na'rselerdi jazıp atırg'an mug'allimge.

— O'lip-o'lip ko'rgen o'lim sarqıtı edi taslap ket, — dedi apam da jalınıp.

— A'ketpeymiz, taslap ketemiz, — desti mug'allim menen aqsaqal ten'dey! — Shu'lenbaydan tartıp alıng'an jayda oqıydı.

Awılımızda Shu'lenbay degennin' ko'p jaylarının' biri mektep ushın alınıptı dep esitken edim. Endi qayda baratug'ınımdı tu'sindim.

— Turdımurat so'ytip mektepke barasan' g'oy-a'? — dedi mug'allim ja'ne de pisirin'kiregisi kelip.

— Baraman, — dedim birden.

— Erten' azanda erte bar, — dedi ol. Bunnan son' ekewi de ko'p irkilmedi.

### Sorawlar:

1. Balanı ne ushın jasırdı?
2. Mug'allim haqqında ata-analardın' tu'sinigi qanday?
3. Turdımurat qanday sheshimge keldi?
4. Sizlerdin' oqıwın'ızg'a ata-anaların'ız qalay qaraydı?

### So'zlik

**Qorjın** — ju'nnen toqılıp islengen, awzı o'rilip qoyılatug'ın eki bo'limli a'njam (zat). Eshekli, atlı ju'k alıp ju'riwge arnalg'an.

**Bog'jama** — alashadan to'rt mu'yeshli etip islengen, mu'yeshlerine baw tag'ılg'an, kiyim – kenshek salıp baylap qoyılatug'ın zat.

## MUG'ALLİM

*T. Qabulov*

Mug'allim — ol artist, biraq ta,
Og'an heshkim qol shappatlamas.
Skulptorg'a keter usap ta,
Lekin, onı bahalawshı az.

Mug'allim — ol vrash, biraq ta,
Elestirmes emlegenleri.
Megzeydi tap tom-tom kipatqa,
Man'layının' terlegenleri.

Mug'allim — ol miynetkesh adam,
Biniyat bolg'an quyashtan, nurdan,
Nege desen': ha'rbir baladan,
Jaratar ol haqıyqıy insan.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Shayır qosıg'ın kimlerge arnag'an?
2. Mug'allimdi qalay su'wretlegen?
3. O'z ustazların'ızdı sıylaysız ba?
4. Qosıqtı ta'sirli etip oqın'.

## OQIWSHI JASTIN' QOSIG'I

*X. Turımbetov*

Jarqıraydı ku'n menen,
Mektebimnin' aynası.
Qushag'ında o'spekte
Watanımnın' ko'p jası.

Sol jaslardın' birimen.
Quwanaman sol ushın,
Jumsalsa dep oylayman,
Elim ushın bar ku'shim.

Mug'allimnin' so'zine,
Kewlimdi beremen,
Tapsırmasın orınlap,
Pitkeremen, kelemen.

Bilim alıp, u'yrenip,
Shınıg'aman, o'semen
Bilimlenip erten'-aq,
İste alg'a tu'semen.

**Tapsırma:**

Qosıqtı ko'rkemlep oqın', yadlap alın'.

## OQIWSHIG'A ESTELİK

*(qısqartılıp alındı)*

*B. İsmaylov*

Ja's a'wlad — el keleshegi!
Watan — sizge ata-ana,
O'sirdi ol terbep seni,
Sen — ko'z nurı, og'an bala.

Kitap — bilim ka'ni degen,
Xalqımızdın' bar naqılı,
Joldas bolıp kitap penen,
Balalıqtan o's jatlıg'ıp.

Miynet etpey ra'ha't joq,
Miynet etpey arzıwlar push,
Miynettin' de tu'rleri ko'p,
Barlıq jerde tabılar is.

Kitapxana kitapları,
Ku'tip oqı pataslama,
Kitap kerek erten', jarın,
Ja'ne sennen basqag'a.

**Soraw ha'm tapsırmalar:**

1. Oqıwshılar qanday bolıwı kerek?
2. Oqıwshılar qag'ıydası menen qosıqtı baylanıstırıp tu'sindirin'.
3. Tekstten kitap tuwralı kupletti tawıp oqın'.

## JASLIQ BAG'I

*J. Dilmuratov*

Barag'oysan' awılga,
Kewlin'de yosh artar,
Ko'rkemlengen ko'rinis,
Qızıqtırıp ko'z tartar.

Jol boyında bir bag' bar,
O'zi sulıw o'zi jas,
Onın' ha'rbir tu'bine,
Sin'gen jaslıq zor ıqlas

Aytar onı ko'pshilik,
«Jaslıq bag'ı» dep,
Sebebi og'an balalar,
Miynet etti ku'ta' ko'p.

O'simlikler iyisi,
La'zzet berer ju'rgende.
Jasıl do'ngen bag'lardı,
Su'ysinesen' ko'rgende.

Aralasan' bag' ishin,
Erik, shabdal, alma bar,
Miywelerdin' basqa da,
Tu'rli tu'ri tabılar.

Qumarlanıp isledi,
Balalardın' ha'rbiri,
Kimnin' qaysı miyweni,
O'sirgeni belgili.

**Tapsırma:** Qosıqtı yadlap alın'.

## BAG'MAN HA'M BALA

*A'. Seytjanov*

Bala: Bag'man ata, bag'man ata,
Qolın'nan pal tamg'an, ata,
Aytıp bershi mına bag'ın',
Qalay payda bolg'an, ata?

Bag'man: Ba'rekella, tın'la, balam,
Ta'riypleyin ba'rin sag'an,
Jas ku'nimnen joldas boldı,
Bul su'yikli ka'sip mag'an.

Na’Ishe ko’rsem tawıp ebin,
Na’I shıbıg’ın qa’dirledim,
Ya sho’lletpey, ya sındırtpay,
G’amxor boldım, erinbedim.

Bala: Ata qanday sulıw bag’ın’,
Bag’man bolsam dep quwandım,
Aytıp bershi yadın’da ma,
En’ da’slepki tabısların’.

Bag’man: Bag’ degenin’ — eldin’ ko’rki,
Keneldirer qolı epli,
Sırın bilmey sendeyimde,
Jemis berdi azlı-ko’pli.

Ko’p u’yrendim onın’ sırın,
Egip ko’rdim neshshe tu’rin,
Kemis qalmay jılda sırg’ıp,
Miywe berer birim-birim.

Bala: Ko’z jetpestey ko’pg’oy ba’ri,
Ko’zlerimnin’ jawın aldı,
Mazalısı ha’mmesinin’,
Qaysı miywe bag’ın’dag’ı?

Bag’man: Mına alma erte piser,
Mınanı xalıq almurt deser,
Anaw a’njir-a’narımız,
Shiyrin ba’ri, balam, jep ko’r.

Ju'zim degen solqım-solqım,
Bıyıl taptım jan'a sortın,
Sen de, balam, talapshan' bol,
Birge jaynat eldin' ko'rkin.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Bag' qalay payda bolg'an edi?
2. Da'slepki tabıslarg'a qalay eristi?
3. Bag'man balag'a qanday na'siyat berdi?
4. Sizler qanday miywelerdin' tu'rin' bilesiz? Atap aytıp berin'.
5. Qosıqtı qatnasıwshılarga bo'lip oqın', mazmunın so'ylep berin'.

## SHABDALDIN' SHAQASI

*(gu'rrin')*

*S. Aytmuratov*

Gu'z aylarının' da'slepki ku'nleri. Mektepten qaytıp kiyatırmız. Jol-jo'nekey so'ylesip, awıldın' ortasındag'ı u'lken bag'dın' qasına kelip qalg'anımızdı bayqamay qalıppız. Sharbaqtın' ishinen samal menen shaqaların terbep turg'an miywe ag'ashların ko'rip, o'zimshe bir tu'rli bolıp kettim. Keshegi islegen jaramsız isimdi a'llekimler sezip qoyg'an sıyaqlı.

Bul bag'dın' bag'manı jası jetpislergre jetken Seydan degen g'arrı. Ol shınında da, miywe ag'ashların o'sirip, a'lpeshlewge sheber. O'zi de kishipeyil jaqsı

adam. Bizin' awılda turatug'ın adamlardın' ha'mmesi de Seydan atanın' bag'ına kelip, pisken gezleri onın' da'slepki jemislerin ten'dey tatısadı. Bul ku'nleri bizler de miywe jep ju'da' quwanısıp qalamız. Mektepten qaytatug'ın gu'zar jol da tap usı bag'dın' sharbag'ın jag'alap o'tedi.

Mine, bu'gin de sol sharbaqtın' qası menen ju'rip kiyatırmız. Ju'regimdi a'lleqanday qısınıwshılıq qıynap turg'an sıyaqlı. Qasaqanasına sharbaqtın' awzına jaqınlay bergenimiz sırtqa shıg'ıp kiyatırg'an Seydan atanı ko'zim shalıp qaldı. «Keshe tanıp qoyg'an joq pa eken?» Da'rhal usı oy meni biyledi. Joldı birden burıp ketiw de qolaysız.

Seydan ata bizlerdin' keliwimizdi ku'le shıray menen ku'tip turdı. Men izirekte kiyatırman. Barlıq balalar jabırlasıp onı qorshap aldı. Men de barıp sa'lem berdim.

— Ha, oqıwdan kiyatırsızlar ma? — dedi ol Jamiyla menen Shamurattın' iynine qolın salıp.

— Awa, ata. Aytpaqshı, shabdallar pisken shıg'ar ya? — dedi, Jamiyla og'an erkelep so'ylep.

— Pisti, balalarım! Jegin'iz kelip tur ma?

Ju'rin', ju'rin' ... Men esabın tawıp qalıp qoymaqshı edim, a'tten' Qa'lbiyke: Ju'r, A'met, ju'r, — dep, meni ishke qaray iyterdi. Ha'mmemiz bag'dın' ortasındag'ı

Seydan atanın' kishkene qosına keldik. Qostın' to'r betine ensizlew sıpa sog'ılgan.

— Otırın', shıraqlarım. Mına eki bala menin' menen ju'rsin. Birewin'iz ana samardı uslan'...

Qa'lbiyke menen Jamiyla qosta qaldı. Al bizler Shamurat ekewimiz miywe a'keliw ushın samardı ko'terip, bag'dın' bir shetine kettik. «Demek, Seydan ata mag'an heshna'rse demedi. Shaması sezbey qalg'an eken». Men usını oylag'annan keyin azg'ana kewillendim.

U'lken shabdal ag'ashının' tu'bine jaqınlag'anımızda Jamiyla menen Qa'lbiyke otırıwg'a taqatları jetpedi me, izimizden keldi.

— Qa'pelimde:

— Ata, mına shabdaldın' shaqası o'zi sıng'an ba? — dedi Qa'lbiyke tan'lanıp. Ju'regim suw etti. Ha'mme balalar alıp atırg'an miywelerin qoyıp sol jaqqa qarastı.

— Yaq, qızım. O'zi sınbag'an, — dedi Seydan ata qapalanıp.

— Bul bag'dın' ha'rbir miywe ag'ashı, ha'rbir shaqası mag'an janımday qa'dirli. Keshe usını ko'rgende ju'da' irenjidim. Tap o'zimnin' su'yegim sıng'anday boldı. Aqırı, en' miywelisi usı!

— Haw, onda sındırg'an kim? Ya samal ma? — dep Jamiyla so'zge aralastı.

— Keshe keshqurın eki bala ruxsatsız sharbaqtan asırılıp ishke tu'sipti. Ko're sala baqırıp edim, tım-tıraqay qashtı. Birewi usı shaqag'a asıla bergeni, mort etip sındı.

— So'ytip kim ekenin bilmey qaldın'ız ba? — dedi Shamurat.

— Qartayg'an adamda ko'z bar ma, shıraqlarım, an'lamay qaldım! Tanıg'anımda ma, mug'allimine aytıp... Seydan ata basın shayqadı.

Men heshkimnin' ju'zine tik qaray almadım. Awa, jan'a miywesi pisken shabdal shaqasın sındırıp, Seydan atanı qapa etken sol balalar men ha'm menin' menen birge oqıytug'ın Da'wlen degen bala edi. Ernimdi jıbırlatıp o'zime-o'zim islegen isim ushın ku'yindim! Biraq keshirim sorawg'a namısım barmadı. Oqtalıp turaman da ja'ne to'men qarayman. Awzıma so'z tu'ser emes.

Onnan beri de bir ha'ptedey waqıt o'tti. Mektepten qaytıp kiyatırıp, sharbaqtın' qasınan o'tsem, da'rhal shabdaldın' sıng'an shaqası, onı ko'rgende qapalanıp turg'an Seydan ata ko'z aldıma elesleydi. Mu'mkin, ol shaqa ha'zir quwrap ta qalg'an shıg'ar. Eger sınbag'anında onın' miywesin jep, basqalar da ra'ha'tlenbes pe edi! Joq men qa'telik isleppen. Seydan atadan keshirim sorawım kerek!

A'lbette, men o'zimdi ba'rha' bunday awır sezimlerdin' soqqısına duwshar ettirip qoymayman. So'zsiz, Seydan atadan keshirim sorayman. Biraq onın' menen de is pitpeydi-aw. Adamzatqa mazalı jemisin inam etken sol bir shabdaldın' sıng'an shaqasın aytshı! Ol endi sira' bayag'ı ornına qaytıp kele me? Eh, balalıq, balalıq!

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Mektepten qaytıp kiyatırıp, sıng'an shaqanı ko'rip bala ne ushın oylandı?
2. Bag'man atanı ko'rgende bala ne ushın qısındı?
3. Seydan atanın' so'zlerin tawıp, dawıslap oqıp berin'.
4. Shabdaldın' shaqasının' sınıwında islegen qa'teliklerin joyıw ushın bala qanday sheshimge keldi? Teksten tawıp oqıp berin'.

## MEN DİYQANMAN

*T. Qabulov*

Men diyqanman!
Ko'p a'diwlep jer meni,
O'zinin' ken' qushag'ında terbedi,
Jer ha'm Ana juldız bolıp jolımda,
Mendegi ko'p go'zzallıqtı ko'r dedi.

Jumıs etip, jumsap jaslıq jigerdi,
Qanday baxıt xızmet etiw bul elge!

Erkin miynet, hu'rmet, ziynet, sap hawa,
Meni de ma'rt diyqan etip jiberdi.

Men diyqanman!
Diyqan mag'an jana-jan,
Meni izlesen', paxtazardan tabasan',
Menin' diyqan ekenimdi da'lillep,
Atızlarda ırg'alıp tur g'awasham.

**Soraw ha'm tapsırmalar:**

1. Qosıqtı ko'rkemlep oqın'.
2. Ata-anaların'ız qanday ka'sip mamanları?
3. «Qanday baxıt xızmet etiw bul elde» qosıq qatarın mug'allimnin' ja'rdemi menen talqılan'.
4. Diyqanlar paxtadan basqa ja'ne neler egedi?

## AG'ASH KESİWSHİNİN' BİR BO'LEK NANI

(xalıq ertegi)

Bir jarlı adam bolg'an eken. Jarlı bolg'anda da onday gedey awıl boyınsha da bolmag'an eken.

Bir ku'ni ol, ku'n udayına ag'ash kesiw ushın tog'ayg'a ketti. Hayalı og'an kishkene bir bo'lek nan beripti, onnan artıq hesh mu'mkinshiligi bolmaptı.

— Kip-kishkene nan eken, zıyanı joq, toyıp ta jewge bolmaydı, ashtan da o'lmeysen'! — depti ku'yewi.

Otın kesiwshi tog'ayg'a kelip qolaylı orındı tan'lap alıptı. Nanın bir tu'birdin' u'stine qoyıp, otın kesiwge kirisipti. Keskende baltası jarqıldap, jon'qalar ja'n-jaqqa ushıptı. Oyda otırg'an shaytan bir adamnın' otın shawıp atırg'anın, tu'birdin' u'stinde bolsa bir bo'lek nannın' jatırg'anın ko'ripti. Ol nandı bildirmey alıptı da ketip qalıptı. Ol juwırıp kelip basqa shaytanlardın' aldında: Men mınaday is isledim, — dep maqtana baslaptı.

Onın' bul isine barlıq shaytanlar qattı ashıwlanıp, og'an baqırıp quwıp jibermekshi bolıptı: — Sen sonday uyatsız ekensen'! Bunın' oylap tawıp ju'rgenine qara: biyshara adamnın' en' keyingi nanın urlap alg'anına maqtanadı-aw. Ket bul jerden! O'zinin' islegen urlıg'ının' nadurıs ekenligin tu'singen shaytan ne qıların bilmey, ag'ash kesiwshige kelip:

— A'y, qayırqom adam, meni xızmet islewge al. Men sag'an ja'rdemleseyin. Ne buyırsan', barlıg'ın isleymen! — depti.

Ag'ash kesiwshi oylanıp bılay depti:

— Men sendey ila'na'zik qatpag'a qanday jumıs beremen? Sen mag'an kerek emessen'! O'z jumısımdı o'zim de islep u'lgeremen.

Sonda shaytan og'an:

— Qayırqom adam, toqtap turın'! Meni quwman', men o'z ayıbımdı sizin' aldın'da juwajaqpan. Mag'an

en’ qıyın jumıslardı tapsırsan’, barlıg’ın da orınlayman, — depti.

Ag’ash kesiwshi tag’ı oylanıp:

— Usı jerdin’ bay adamının’ tog’ayg’a kerek emes batpaqlı jeri bar. Usı batpaqlıqtı qurg’atıw senin’ qolın’nan kele me?— depti.

— Qolımnan keledi!

— Onda olay bolsa, usı batpaqlıqtı su’rip, og’an sulı egiwge maga’n ruxsat beriwin baydan sorayman. Ol ruxsat eter.

— Bul batpaqlı jerge sulı ko’gere me eken? Sen oylanıp ko’r, — depti shaytan.

— Eger bizler onı jaqsılap qurg’atsaq, tazalasaq, su’rsek jaqsı o’sedi.

— Onda boladı, — depti shaytan, — bayg’a bara g’oy.

Bay ruxsat etse, da’rhal onı keptiremiz.

Ag’ash kesiwshi bayg’a barıp:

— Bay ag’a, sizin’ tog’aydag’ı jerin’izdi qurg’atıp ha’m su’rip, egislik jerge aylandırıwg’a mag’an ruxsat etin’. Og’an sulı egejaqpan, — depti.

Bay hayran qalıptı. Diyqan batpaqlı jerdi egislik jerge qalay aylandırıwı mu’mkin? Onnan ol heshna’rse shıg’ara almaydı, ku’shin biykarg’a jumsaydı g’oy.

— Boladı, — depti bay, — isley ber, menin’ hesh qarsılıg’ım joq. Ag’ash kesiwshi bayg’a alg’ıslar aytıp, keyin qaytıptı.

Shaytan otırıp alıp, onı shıdamsızlıq penen ku'tipti.

— Qa'ne,— dep soraptı shaytan,— qanday jan'alıq alıp keldin'?

Og'an ag'ash kesiwshi bılay depti:

— Bay ruxsat etti. Bizler onda bir na'rse isley alar ma ekenbiz? Menin' isengim kelmeydi-aw.

— Tınıshsızlanba, — depti shaytan, — barlıg'ı da jaqsı boladı.

Olar tog'ayg'a barıp batpaqlıqtı tawıp alıptı. So'ytip shaytan jumısqa kirisipti. U'lken tereklerdi tamırı menen qoparıp alıp, bir shetke taslaptı. Jerdi tazalap, suwın shıg'arıp to'gipti. So'ytip o'zi jerdi su're baslaptı. Olar sulı sewipti, sulı tan' qalg'anday bolıp, qalın' baslı bolıp o'sipti. Bul jerlerde sulı bunday bolıp hesh waqıtta o'spegen eken.

Bul tuwralı bay esitipti. Ol tog'ayg'a kelip sulılardı ko'rip:

— Bul jer menin' jerim, demek, sulı da meniki boladı! — depti. So'ytip ag'ash kesiwshige biydaydı orıwg'a ruxsat etpepti. Og'an bay o'zinin' adamların jiberipti. Baydın' xızmetkerleri ag'ash kesiwshinin' sulısın ora baslaptı, olardı baydın' sharbag'ına alıp kelip, bir u'lken sarayg'a jıynaptı.

Bay heshqanday mashaqatsız-aq, sonsha sulını jıynap alg'anına kewli tolıp, ırza bolıptı.

Al, ag'ash kesiwshi menen shaytan, u'lken uwayım qayg'ıg'a batıptı. Olar sıqmar bay ushın biykarg'a jumıs islegenine og'ada qattı qıynalıptı.

— Qoyıp tur,— depti shaytan ag'ash kesiwshi ge, — bir na'rse oylap taptım! Men ha'zir bayg'a barayın, — bizin' sulımızdan en' bolmasa bir bawın alıwg'a ruxsat et, — dep sorayın.

— Boladı,— depti ag'ash kesiwshi — bara g'oy, mu'mkin sorap alarsan'.

Shaytan bayg'a juwırıp barıp:

— Batpaqlıqtı tazalap, og'an sulı egemen degenshe qansha azap shegip, miynet isledik! Al, sen bolsan' endi onı bizlerden tartıp aldın'. Bizlerge en' bolmasa bir bawın alıwg'a ruxsat et, — dep soraptı. Bay kishkene arıq shaytang'a qarap turıp, ku'lip jiberipti.

— Meyli, ala g'oy, men sıqmar emespen, o'zin' qanshasın ko'tersen' sonsha sulını bir ret g'ana alıp kete g'oy, — depti.

Shaytan ag'ash kesiwshige juwırıp kelip bılay depti:

— Tezirek barıp, kendir satıp alıp kel. Men kendirden arqan esip biyday alıp keliwge baraman. Bay men qansha ko'tersem, sonsha alıp ketiwge ruxsat etti!

Ag'ash kesiwshi kendir satıp alıp, og'ada uzın arqan esipti. Shaytan arqandı alıp, bayg'a qaray juwırıptı.

Keliw boyına saraydın' qasına arqandı kerip, jiberip, sarayda qansha sulı bolsa, sonın' barlıg'ın arqang'a salıp ag'ash kesiwshige alıp kelipti.

Bay onı ko'rip ne derin, ne islerin bilmey, turg'an jerinde sileyip qatıp qalıptı.

Ol bir waqıtta esine kelip:

— A'y, xızmetkerler! Tezirek qoranı ashıp, qutırıng'an o'gizlerdi jiberin'ler, on'bag'an jaramastı su'zip o'ltirsin!

Xızmetkerleri qoranın' awzın ashıp, o'gizlerdi shıg'arıp jiberipti. Bul o'gizler sonday ashıwshaq ha'm ku'shli edi. Heshkimnin' de olarg'a jaqınlap barıwg'a batılı barmaytug'ın edi. O'gizler mo'n'iresip, o'zlerinin' o'tkir shaqların to'men salıp, shaytannın' izinen quwıptı.

Bay olarg'a qarap:

— Ha'zir onı tırp ettirmey su'zip o'ltiredi — dep quwanıp tura beripti.

Biraq olay bolmaptı. O'gizler shaytang'a jetken waqıtta, olardı uslap, u'stilerine sulını artıp, ag'ash kesiwshige alıp kelipti. Bul waqıyanı ko'rgen bay qattı ashıwlang'anlıg'ınan, o'limshi bolıp qulap, talıp qalıptı.

Shaytan ag'ash kesiwshige kelip:

— Qabıl etip alın'ız, xojayın! Sulı menen o'gizlerdin' barlıg'ı siziki boladı! — depti.

Aga’sh kesiwshi shaytang’a alg’ıs aytıptı, sonda shaytan bılay depti:

— Sen mag’an alg’ıs aytpay-aq qoy! Mag’an alg’ıs aytıwdın’ keregi joq.

**Soraw ha’m tapsırmalar:**

1. Ag’ash keshiwshinin’ nanın kim urlag’an edi?
2. Shaytan doslarınan uyalg’anınan ne isledi?
3. Baydan qanday jerdi aldı?.
4. Tayarg’a tayın bolg’an baydın’ isi durıs pa?
5. Bir tislem nanın alg’anı ushın shaytan nelerdi isledi?
6. Shaytan menen baydı salıstırın’.

## NANNIN’ USAG’I

*U. Sadıqov*

— Ne terdin’, Sag’ıydulla?
— Nannın’ usag’ın,
— Jerde jatır ma?
— Minekey, awa.
— Tu’sti eken kimnen?
— Bilsem, a’tten’ men!

— Ne qılar edin’?
— Uyaltar edim.
— Qanday so’z benen?
— Qarap-aq ko’z
benen.
— Sen durıs aytasan’.
— Jamang’a qa’ytesen’!

**Tapsırmalar:**

1. Oqın’. Mazmunın o’z so’zlerin’iz benen tu’sindirin’.
2. «Nan haqqında» dialog tu’rinde (soraw-juwap) qısqa gu’rrin’ jazın’.

## Naqıl

Nannın' usag'ı da nan

# NANNIN' İYİSİ

*(Gu'rrin')*

— Ha'y, ju'wernimek, ana nannın' usag'ın bastın' — g'oy! Nan jesen' usag'ın tu'sirip, shashıp jep ju'rgenin'. Men sag'an qashang'ı aytaman? — dep qamır jayıp otırg'an Asqardın' apası, oshaqtın' basında qol sozım jerde jatırg'an kesewdi alıp og'an ta'p berdi.

Asqar ornınan shapshıp turdı da, sırtqa qaray atlıqtı. Bolmag'anda, qaq jın'g'ıldan islengen kesew jawırına tiyetug'ını turg'an ga'p edi.

Ele uyqıg'a kete qoymag'an Ja'lmen ata kelininin' shawqımlı dawısın esitip, basın dastıqtan ko'terip, boyın tiklep qaradı. Son' kelininen aqlıg'ı Asqardı shaqırttırıp aldı da kelinine qarap:

— Balam, hesh waqıt na'resteni urıwshı bolma! Qa'pelimde ashıw menen bir jerin mayırıp alarsan'. Maqulı aldastırıp, jıllı so'zler menen tu'sindir, — dedi.

— Asqar, balam, beri kelo's, — dep aqlıg'ın shaqırıp alıp, aldına otırg'ızdı. — Qa'ne, balam, men sag'an qızıqlı ertek aytıp bereyin be? — dedi ol aqlıg'ının' ju'zine tigilip.

Ja'lmen ata aqlıg'ına ba'rhama ertek aytıp beretug'ın edi. Al aqlıg'ı bolsa, atasının' aytqan erteklerin uyıp tın'laydı. Mine, bu'gin de atasının' aldında otırıp, onın' paxtaday appaq saqalın sıypalap, ertek tın'lap otır.

— Bir bar eken, bir joq eken. Burıng'ı o'tken zamanda bir bay menen bir jarlı jasaptı. Bay sonın'day bay eken, onın' du'nyasının' jartısı altın,al jartısı gu'misten eken. Jarlının' u'yi de, jataq jeri de bolmaptı. Ol sol baydın' xızmetinde bolıp, otını menen kirip, ku'li menen shıg'ıptı.

Bir ku'ni bay qudayg'a jalbarınıp, tag'ı du'nya soraptı: «O, ta'n'irim, menin' sennen tek bir g'ana tilegim bar. Usı tilegimdi orınlasan' men sag'an bir o'mir riyza bolar edim. Menin' du'nyam ele de az. Basqa baylar bolsa mennen ozıp ketti. Eger menin' qolım tiyg'en ha'rbir zat altıng'a aylansa, sen menin' tilegimdi orınlag'an bolar edin'», — depti.

Onın' bul tilegi orınlanıptı.

Son' jarlı turıp qudayg'a jalbarınıptı. «O, ta'n'irim, menin' qolım tiygen ha'rbir zat qa'ne, nang'a aylansa!» — depti.

Onın' da tilegi orınlanıptı.

Baydın' qolı tiygen barlıq na'rse altıng'a aylanıp kete beripti. Ha'tte, jeyin dep uslag'an nanına shekem altıng'a aylanıptı. So'ytip, bay son'ında ashtan o'lip, jay tolı du'nyasın ma'n'gige ta'rk etipti. Al, jarlı uslag'an

zatlardın' ba'ri nang'a aylanıp, nanı ko'p bolıptı. So'ytip jarlılardın' qarnı qalpıp, quwanısh ha'm shadlı turmısta jasaptı.

A'ne, balam, nan degen altıng'a bergisiz na'rse! Du'nya heshqashan insang'a nan bolmaydı. Al, nan ko'p bolsa o'mir boladı. Turmıs ja'ne de shadlı, ja'ne de ko'rkem boladı. Du'nya da mol boladı. Sol ushın ha'rqashan nandı qa'dirlew kerek, balam. Nannın' usag'ı da nan, — dedi aqlıg'ının' basınan uzaq sıypalap turıp.

Usı waqıtta esiktin' aldındag'ı tandırdan apası jawıp atırg'an ıssı nannın' iyisi ishke urdı. Asqar bolsa atasının' aldınan ırg'ıp turdı da, tandırg'a qaray juwırdı.

Ja'lmen ata: «Oh, sadag'an' keteyin, nannın' iyisi! Qanday jag'ımlısan'!» — dep gu'birlenip, ornınan turdı da, tandırdın' basında kishkene ıssı gu'lsheni bawırına qısıp jep turg'an aqlıg'ına terezeden uzaq su'ysinip qarap turdı.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Anası ne ushın Asqarg'a urıstı?
2. Ja'lmen ata aqlıg'ına qanday ertek aytıp berdi?
3. «Nannın' usag'ı da nan» degen danalıq pikirdi u'yrenip al.

## So'zlik

**Qarnı qalpıp** — toyıp degen ma'nide.

**Gu'lshe** — sho'rek nannın' en' kishkenesi.

## Naqıl

Arpa biyday as eken,
Altın gu'mis tas eken.

## G'ARBIZ

*X. Saparov*

Qalın' pa'lek aralap,
Qarıq boylap gezdim men.
Pisken g'oy dep shamalap,
Bir g'arbızdı u'zdim men.

Jegim keldi tez jarıp,
Qam ekenin bilmedim,
G'arbızım-aw qızarıp,
Nege belgi bermedin'?

O'kinemen ne payda,
İshke tartıp demimdi,
Julmas edim qalay da,
Bilgenimde ko'gin'di.

Boldım tentek kisidey,
Saqlanar bul yadımda.
U'zip algan pisirmey,
Ayıplıman aldın'da.

## QAWIN

Atam ele qarıwlı,
Qolg'a alıp ketpenin.
Egip g'arbız-qawındı,
Ko'rdim terdi to'kkenin.

Tornabat ha'm a'lekke,
Ala biyshek shireli.
U'zip alıp pa'lekten,
Jegen adam biledi.

Atam qosqa kelgende,
Qawın jarıp beredi.
Jegen adam: ekkenge,
Raxmet! — der edi.

Atam usı so'z ushın,
Qawın egip pisirgen,
Ha'mme adam jew ushın,
Larekke de tu'sirgen.

## KAPUSTA

Bir qıytaqtay jerime,
Kapusta ektim qarıqlap,
Azıq berdim ba'rine,
Qalmasın dep arıqlap.

Nurlap jaydı japıraq,
Ko'rsem alaqanımday,
Tu'ynek saldı demde-aq,
Oynaytug'ın tobımday.

Quyash nurın su'yesen'
Qarap turdım tu'ski waq,
Qabatlap ton kiyesen',
Ketpeysen' be ıssılap?

## QIYAR

Quwanaman ko'rgende,
Erte payda bolasan'.
Da'min' tatlı jegende,
Tu'rin' ko'ktey qarasan'.

Ko'k bolsan' da qıyarım,
Sag'an ha'wes artadı.
Bolg'an emes zıyanın',
Jep qumarım tarqadı.

Ko'zim ko'rdi ha'rdayım,
Qıyar zaya bolmaydı.
Pise g'oysan' sarg'ayıp,
Biraq ishtey almaydı.

## POMİDOR

Atızın'da isledim,
O'sti sho'pten tazarıp.
Ma'lim etti piskenin,
Pomidorım qızarıp.

Pomidordın' ba'ri nıq,
Ta'rezini basqanday.
Boyına ku'sh darıtıp,
İshteyin'di ashqanday.

Jerim suwg'a qandı ma,
Ha'rbirewi mushımday,
Qonaq kelse aldına,
Qoyar edim qısınbay.

## JU'ZİM

Esigimnin' aldında,
Ju'zim atız bir bo'lek.
Malınıp tur solqımg'a,
Shaqalag'an o'rmelep.

Qol uzattım asılıp,
Boyım ele keltelew.
Ju'rmen qurı asıg'ıp,
Alıp jewge ertelew.

Bolar bıyıl shaması,
Miywesi mol shireli,
Ko'termes dep shaqası,
Atam baqan tiredi.

Ju'zim sanar ku'n, aydı,
Waqtı bolsa pisedi,
Boyım bu'ytip turmaydı,
Sog'an shekem o'sedi.

**Soraw ha'm tapsırmalar:**

1. Gu'zde pisetug'ın palız eginleri tuwralı aytıp berin'.
2. «Ekken-tikkenlerge raxmet» degen alg'ıs kimlerge aytıladı?
3. Qawınnın' qanday tu'rleri bar? Atpa-at aytıp berin'.
4. Qosıqtı ta'sirli oqıp, mazmunın so'ylep berin'.

# ERTEKLER — JAQSILIQQA JETEKLER

## AQILLI G'ARRI

*(ertek)*

Burıng'ı o'tken zamanda bir zalım patsha taxtqa minip, «Erjetken ha'rbir jigit jumısqa jaramsız, qartayg'an a'kesin o'z qolı menen qoyımshılıqqa tiriley jerlewi kerek», — dep zan' shıg'arıptı. Eger de patshanın' bul hu'kimin kim de kim orınlamasa, o'zi o'limdar, mal-mu'lki patshalıq eken.

Jıllardın' birinde Salaw degen g'arrı ju'da' qartayıptı. Bir ku'ni erjetip, jigit bolga'n balası og'an ilajsızlanıp:

— Ag'a, arqama asıl, seni jerleytug'ın waqıt jetti, ku'nde patsha a'skerlerinen qalay jasırınıp otıraman, — depti. G'arrı dım u'ndemey o'limine qayıl bolıptı.

A'kesin arqalap sharshag'an balası jolda du'mpeshiktin' basına barıp dem aladı. Sonda g'arrı o'zinen-o'zi otırıp sılq-sılq ku'ledi. Qapalanıp kiyatırg'an balası bug'an tan'lanıp, sebebin sorag'anda a'kesi:

— A'y, balam, atan'a ne islesen', aldın'a sol keledi eken. Men de sendey waqtımda usı jazag'a bag'ınıp atamdı ko'miwge jolg'a shıqtım. Kiyatırıp tap usı du'mpeshikte dem alıp otırg'anım yadıma tu'sip atır, — depti.

— Sonda ne, qartaysam, meni de o'z balam usınday etip tiriley ko'me me?

— A'lbette, — depti g'arrı.

Bala ko'p oylanıp turmastan, a'kesin u'yine arqalap qaytıptı ha'm adam bilmeytug'ın jerge jasırıp astırtın ku'tipti.

Usı da'wirde bul patshalıqqa ekinshi bir eldin' patshalıg'ı urıs ja'riyalaydı. Urısta topılg'an ta'rep basım kelip, bul patshanın' a'skerleri qırıla baslaptı.

Jen'ilniw qa'wipin sezgen patsha da'rhal:

— Kim de kim aqıllılıq penen dushpannın' betin qaytarsa, onı qasıma wa'zir etip alaman, — dep qarawındag'ı xalıqqa dag'azalaptı.

Dushpang'a qarsı urısıp atırg'an jigit jasırıp qoyg'an a'kesinin' aman-sawlıg'ın bileyin dep, esabın tawıp u'yine kelipti ha'm patshanın' dag'azasın og'an da aytadı.

— Bunın' jolı an'sat, — depti g'arrı.

— Patshalıqtag'ı barlıq eshekti jıynap, olardın' u'stine mingiziw ushın ag'ashlardı adamg'a usatıp jonıw kerek. Kiyindirip, olardı a'skerdey etip qurallandırın' da, erge tan'ıp dushpanlarg'a qarata jiberin'. Sonda seskengen dushpanlardı ekinshi ta'repten barıp qırasız.

Durısında da, g'arrının' aqılı iske asıptı. Do'gerektin' ba'rin qorshap alg'an a'skerlerdi ko'rgen dushpan sasqalaqlap, keyinge qaray tım-tıraqay qashadı.

— Qa'ne aqıllı jigit, sen mag'an wa'zir bolasan' — depti, dushpan jen'ilgennen keyin patsha jan'ag'ı jigitke.

— Joq, — depti jigit, — bul aqıldı tapqan men emes edi.

— Kim onda?

— Bir qasıq qanımnan keshsen'iz, aytaman.

— Keshtim, — dep patsha kelisim beripti.

— Bunı oylap tapqan siz o'limge buyırg'an menin' g'arrı a'kem.

Bul so'zdi esitken patsha Salaw g'arrıg'a kelip,

onnan keshirim soraptı ha'm onı o'zine wa'zir etip belgilepti.

A'ne sonnan baslap neshshe patshalıqtan berli kiyatırg'an zan' qalıp, kerisinshe g'arrılardı sıylaw, hu'rmet etip, sa'lem beriw qaytadan baslang'an eken.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Patsha qanday sha'rt qoyg'an edi? Tekstten tawıp oqın'.
2. Bala patshanın' qoyg'an sha'rtin ne ushın orınlamadı? Ma'nisin tu'sindirin'.
3. Patsha o'z sha'rtin nege biykarladı?
4. Patsha menen jigit arasındag'ı gu'rrin'di tekstten tawıp oqın', olardı salıstırın'.

### Naqıl

Atan'a ne qılsan',
Aldın'a sol keledi.

## BAYLIQ. BAXIT. AQIL.

*(xalıq awzınan)*

Burıng'ı o'tken zamanda Baylıq, Baxıt, Aqıl birge joldas bolıptı. Olar o'z ara o'tken-ketkenlerdi aytısıp ju're beripti.

So'z «Adam balasına kim, qanday payda keltiredi? — degen tartıs tuwralı boladı.

Da'slep Baylıq bılay deydi:

— Menin' arqamda g'ana adam balasının' to'rt tu'ligi say, u'yli-jaylı bolıp, du'nya-mu'lkke, iship-jewge iye boladı. Sonlıqtan mag'an ten' keletug'ın heshkim joq, — dep g'oddaslap qoyadı.

So'z gezegi Baxıtqa kelip, ol bılay deydi:

— Men Baxıtpan, kimnin' basına qonsam, sonın' abıray-atag'ın shıg'araman, dan'qın aspang'a ko'teremen. «Aq degenim alg'ıs, qara degenim g'arg'ıs» boladı. Qarsı kelgen dushpandı jer menen jeksen etemen.

— O, doslarım, men sizlerdin' tartısların'ızg'a qosılmayman. U'shewimiz ten tuwıldıq. Biraq men sizlerden bir ko'ylek burın tozdırg'anman. Aytqanların' menin' kewlimdi toltırmaydı.

Men Aqılman. Sonlıqtan biykar hawlıg'ıp, menmensip so'ylegenin'izdi jaqtırmayman. Haqıyqatında da u'shewimiz de adam balasına kerekpiz. Kewillerin'e kelse de aytayın, ekewin' de mag'an g'a'rezlisizler. Adam balası mensiz o'mir su're almaydı. Kelispesen'ler danıshpang'a barayıq. To'religin sol aytsın, — dedi Aqıl sabırlı tu'rde.

So'ytip u'shewi danıshpang'a keledi.

U'shewin de tın'lap alg'an danıshpan:

— O'mirdin' o'zi u'lken sabaq: «Baylıq — bir jutlıq», «Baxıt payansız». Aqıl bar jerde g'ana baylıq ta, baxıt ta, awızbirshilik te tirishlik te ja'mlesip birige aladı.

Aqıl menen ha'mme na'rseni kewildegidey basqa-rıwg'a, orınlawg'a, pitkeriwge boladı. Aqıldın' miynet degen en' jaqın joldası bar. Sonlıqtan aqıllı bolıp miynet ete alg'an adam balası baylıqqa da, baxıtqa da qolı jetedi, mazmunlı jasap, a'rmansız o'mir su're aladı, — degen eken.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Tekstti tu'sinip oqıp, mazmunın so'ylep berin'.
2. Sizlerge kimnin' so'zi unadı?
3. Tekstten tawıp oqıp berin'.
4. Baylıq, baxıt, aqıl tuwralı naqıl-maqal yamasa xalıq awzında ju'rgen gu'rrin'ler bolsa so'ylep berin'.

## SUMLIG'I BASINA JETKEN TU'LKİ

(Ertek)

Burıng'ı o'tken zamanda tu'lki, sag'al, don'ız, g'arg'a, ayıw — besewi joldas bolıptı. Jolda baratırıp olar ash bolıp, sag'al tu'lkige:

— Tu'lki jora, ash boldıq g'oy, bir ilajın tappaysan' ba? — deydi.

— Tu'lki, tu'lki tu'n asar,
Quyrıqları mın' asar,
Sag'al bolsa shadıbek,
Don'ız bolsa dosıbek,
G'arg'a bolsa g'arqıldaq,
Kelin' jeyik ayıwdı! — deydi.

Sol jerde ha'mmesi bas salıp ayıwdı jep qoyadı. Tag'ı alg'a кete beredi. Bir jerlerge barg'anda sag'al ash bolıp, tu'lкige qarap:

— Tu'lкi jora, ash boldıq g'oy, bir na'rse taba go'r, — deydi.

Sonda tu'lкi:

Tu'lкi, tu'lкi tu'n asar,
Quyrıqları mın' asar,
Sag'al bolsa shadıbeк,
G'arg'a bolsa g'arqıldaq,
Basıp jeyiк don'ızdı! — deydi.

Sonnan кeyin olar don'ızdı da jep aladı. Tamaqların toydırıp alıp, sol jerden ja'ne кete beredi. Bir jerlerge barg'anda ja'ne sag'al ash boladı ha'm ol tu'lкige o'tinip:

— Tu'lкi jora, bizlerdi ashtan o'ltiretug'ın bolmasan', ja'ne bir ilajın retlestire go'r, — dep jalınadı. Sonda tu'lкi turıp:

Tu'lкi, tu'lki tu'n asar.
Quyrıqları mın' asar.
Sag'al bolsa shadıbeк,
Kelin' jeyiк g'arg'anı! — deydi.

Tu'lкi menen sag'al g'arg'anı da jep qoydı. Eкewi alg'a qarap кete beredi. Bir waqıtları tu'lкi sag'aldan

ozıp кetip, bir putanın' tu'binde otırıp, o'zinin' jasırıp, ash bolg'anda jermen dep ju'rgen isheкlerin shıg'arıp alıp, jey baslaydı. Bunın' u'stine sag'al кelip:

— Tu'lкi jora, sen ne qılıp atırsan'? — deydi.

— A'y, nesin soraysan', ash bolg'anlıqtan qarnımdı pıshaq penen jarıp, o'z ishegimdi o'zim jep atırman jora, — deydi tu'lкi. Ash bolıp кiyatırg'an sag'al bug'an inanıp:

— Oy-boy, tu'lкi jora, onday bolatıg'ın bolsa, pıshag'ın'dı mag'an da berip tur, men de qarnımdı jarıp, ishegimdi alıp jeyin,— deydi. Tu'lкi sag'alg'a pıshag'ın beredi. Sag'al ishine pıshaq uradı ha'm sol jerde o'lip qaladı. Tu'lкi sag'aldı da jep bolıp, jo'nine кete beredi. Jolda кiyatırıp bir кiyiкtin' qaqpang'a tu'sip atırg'anın кo'redi. Tu'lкi кiyiкti jeyin dese, qaqpang'a tu'sip qalarman dep qorqıp, кiyiккe jaqın jerdegi bir putanın' tu'binde sırttan an'lıp jata beredi. Jatqannın' u'stine basqa bir sag'al кelip:

— Ha'y, tu'lкi jora, qasın'dag'ı кiyiкti jemey ne qılıp atırsan'? — dep soraydı.

— Ha'y jora, sorama, menin' awzım oraza edi, sira' sag'an buyırg'an shıg'ar, sen-aq jey g'oy,— depti. Sag'al tu'lкinin' aytqanına inanıp, кiyiкti jeyin dep atırg'anda qurıwlı turg'an qaqpang'a tu'sip qaladı.

Tu'lкi bul sag'aldı da, кiyiкti de jep, tog'aydın'

ishinde mardan'lap кiyatırsa, otlap ju'rgen bir eshкige duslasadı.

Tu'lкi eshкige кelip:

— Ha'y, eshкi jora, men seni ha'zir jeymen, — deydi.

— Jaq, tu'lкi jora, menin' bir o'zimdi jegenin' menen ne shıg'adı? U'yde u'sh ılag'ım qalıp edi, solardı ha'zir ertip кeleyin, u'shewimizdi qosa jey g'oy, — deydi eshкi. Tu'lкi bunı maqul кo'redi. Eshкi tu'lкiden qutılg'anına quwanıp, ılaqlarına qosıladı.

Tu'lкi eshкinin' aldap кetкenine ashıwlanıp кiyatırsa, aldınan bir qoy shıg'adı:

— Al, qoy jora, men seni jeymen, — dep ta'p beredi.

Sonda qoy:

— Jaq, tu'lкi jora, sen meni jemey tur. Menin' ha'r tu'rli oyınlarım bar. Sen sol oyınlardı кo'r, onnan кeyin jesen' ırzaman, — dep o'tinedi. Tu'lкi кelisim beredi. Qoy: A'neкey, mineкey, кo'rdin' be, qızıq pa? — dep shapshıp serкirip ju'rip, iyesinin' u'yine кeledi de, qorag'a кirip кetedi. Tu'lкi qoydan da pa'nt jep, qapa bolıp кiyatırsa, aldınan bir at shıg'adı. Sonda tu'lкi turıp:

— Al, at jora, men seni jemesem bolmaydı, — deydi.

— Jesen' jey g'oy, biraq art betimde jazılg'an xatım bar edi, sonı oqıp bolıp, onnan кeyin jesen' кu'ta' jaqsı bolar edi, — deydi at. Tu'lкi og'an inanıp, ol qanday xat eкen dep, attın' artına aylana bergende, at qos ayaqlap turıp sa'ddelep jiberedi. Tu'lкinin' man'layı qaq ayırıladı. O'leyin dep atırıp tu'lкi:

Aldımnan shıqtı bir eshкi,
Nege кereк edi u'sh eshкi,
Aldımnan shıqtı qoyı,
Nege кereк edi oyın?
Aldımnan shıqtı bir at,
Nege кereк edi ol xat?

— Way-way, man'layım? — dep zir-zir qatıp, o'z sumlıg'ı basına jetip, jatqan jerinde jan tapsıradı.

## Sorawlar ha'm tapsırmalar:

1. Sag'al tu'lкiden qalay aldandı?
2. Tu'lкi eshкiden, qoydan ha'm attan qalay aldandı? Teкstten tawıp oqıp berin'.
3. Tu'lкinin' oylag'an sumlıg'ı o'z basına qalay jetti? O'ler aldında aytqan so'zin yadqa aytın'.
4. Erteкti qatnasıwshılarg'a bo'linip oqın'.
5. Mug'allimnin' ja'rdemi menen erteкtin' astarlı ma'nisin tu'sinip alın'.

# DOSLIQ — ULLI BAXIT

*(qırg'ız xalıq ertegi)*

Bir waqları du'nyada bir danıshpan g'arrı bolıp o'tken eken. Onın' jeti balası bolıptı. Biraq olar a'kesin tın'lamay, ha'rqaysısı o'z bildigin isleydi eken. U'lkenleri kishkenelerin sabasa, kishileri u'lkenlerine qas bolıp ju'redi eken.

Adamlar olardın' u'stinen ku'lip, «aqıllı g'arrının' balaları axmaq bolıp o'sip atır», — dep, ko'binese jalg'ız kiyatırg'anın ko'rse, uslap alıp uratug'ın bolıptı.

G'arrı bir ku'ni tog'ayg'a barıp, bekkem mayısqaq tog'ız shıbıq kesip a'keliptı. Ol balaların jıynap olarg'a bılay depti:

— Balalarım, men sizlerdin' ku'shlerin'izdi sınap ko'r-mekshimen. Mine, tog'ız shıbıqtı birge qosıp, bir sındırıp ko'rin'. Balalar gezekpe-gezek sındırıwg'a ha'reket jasap ko'ripti, biraq heshqaysısı sındıra almaptı.

Ha'mmesi sharshag'annan keyin, a'kesi shıbıqtı birewden harqaysısına uslatıptı. Balaları bolsa shıbıqtı qıynalmay-aq sındırıp taslaptı. Sonnan keyin g'arrı balaların qasına otırg'ızıp qoyıp, bılay depti:

— Men sizlerdin' keleshek turmısın'ızdan qorqaman. Eger sizler tatıw bolıp jasasan'lar, onda heshqanday dushpan sizler ushın qorqınıshlı bolmaydı. Ko'rdin'iz

be, jalg'ız shıbıqtı an'sat g'ana sındırıp tasladın'ız, biraq barlıg'ın birge qosıp sındıra almadın'ız.

Ko'p keshikpey g'arrı du'nyadan o'tipti. Balaları bolsa tatıw jasay baslaptı. Kishkeneleri u'lkenlerinin' aytqanınan shıqpaptı. Barlıg'ı jumıs islep bir-birine ja'rdem ko'rsetipti.

— Sonnan baslap qırg'ız xalqının' awzında «Dosliq — ullı baxıt» degen naqıl qalıptı.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Oqın', g'arrı balaların qalay sınap ko'rdi?
2. «Doslıq — ullı baxıt» degen naqıldın' ma'nisin o'z so'zlerin'iz benen tu'sindirin'.

## SAWG'A

Bir ku'ni g'ayratlı diyqan o'zinin' baqshasında jumıs islep atır edi. Bir waqıtta atızında u'lken suwqabaqtı ko'rdi. Bunday iri qabaqtı burın hesh ko'rmegen edi. Diyqan ku'ta' tan'landı, quwang'anınan onı ha'kimge sawg'a etsem, shep bolmas, — dep oyladı.

Ol sawg'anı alıp ha'kimnin' u'yine baradı. Ha'kim quwanısh penen qarsı alıp, o'zinin' en' jaqsı bir atın diyqang'a beriwge uyg'ardı. Diyqan bul sıylıqqa quwanadı...

Bul xabarlar pu'tkil qalag'a taralıp ketedi. Sonda bir bay: — Bir suwqabaq ushın diyqang'a sonsha sıylıq

bergen bolsa, onda men bir jaqsı at sawg'a etsem, ol mag'an ne berer eken — dep oylaydı.

Ol jılqılarının' ishinen en' jaqsısınan birewin alıp ha'kimge sawg'a etiwge alıp baradı.

Ha'kim baydın' sumlıg'ın tu'sinedi. Baydın' sawg'asın qabıl etip, o'z minnetdarlıg'ın bildiredi. Son' xızmetkerin shaqırıp:

— Mına adam mag'an a'jayıp bir atın sawg'a etti. Bul hu'rmeti ushın og'an bayag'ı suwqabaqtı ber, — dep buyırıptı.

*(Shıg'ıs erteklerinen)*

**Tapsırma:** Ertekti oqıp mazmunın so'ylep berin'.

## NAN H'AM ALTIN

*(xalıq ertegi)*

Bir bar eken, bir joq eken. Abbaz degen bir jarlı diyqan bolg'an eken. «Bir tislem nan tapsam» dep azannan keshke deyin awır miynet isleydi, al dem alg'an waqtında «qa'ne, endi mol du'nya tawıp, bayıp ketsem», — dep o'zinshe qıyal etedi.

Ku'nlerdin' birinde ha'r ku'ngi a'detinshe, qayna-g'an ıssıda atızda jumıs islep atır eken. Ol qattı sharshap, din'ke-dima'rı qurıp terektin' sayasına kelip dem aladı. Menin' sonday sıyqırlı ku'shim bolsa, qolımdı nege tiygizsem, sol na'rse altıng'a aylanıp kete berse, a'ne sonda awır miynetten qutılıp a'rmansız

turmıs keshirgen bolar edim, dep qıyal su'rip otırıp, uyqılap ketedi.

Tosattan onın' qulag'ına:

— Abbaz, ha'zir sen oylag'an a'rmanın'a jetesen'. Qolın'dı bir na'rsege tiygizip ko'r, sol da'rriw altıng'a aylanadı, — degen dawıs esitiledi. Abbaz o'z qulag'ına isenbeydi. Sonda da qolın bir kishkene tasqa tiygizip edi, ol da'rriw altıng'a aylanıp ketedi. Abbaz tag'ı da bir tasqa qol sozıp edi, ol da altıng'a aylanadı.

Abbaz endi ku'ta' quwanıshlı edi. Ha'zir qalag'a baraman barlıq taslardı altıng'a aylandıraman. Keyin jer satıp alıp, da'ryanın' jag'asına sawlatlı u'lken jay salıp, do'geregin bag' etemen. Jorg'a at ha'm u'stime jaqsı kiyim alaman, — dep oylaydı. Ol ornınan turmaqshı bolıp talpınsa, qattı sharshag'anlıqtan din'kesi qurıp qozg'ala almaydı.

«Azanda u'yden alıp kelgen nanlarımdı jep alayın», — dep terektin' tu'binde turg'an tu'yinshikke qolın sozadı. Abbaz nandı tislep ko'rse qattılaw. Nan da altıng'a aylang'an. Tu'yinshikte bir piyaz bar edi. Abbaz da'rriw onı qolına alıp qarasa, ol da altıng'a aylanıp ketken. Bul jag'daylardı ko'rgen Abbaz endi u'lken uwayımg'a tap boladı.

Abbaz ku'ta' hawlıg'adı. Do'gereginin' ba'ri altın, al ishinde iyt ulıydı. Endi qalayınsha ishi p-jeydi. Bul altınlar menen qalayınsha turmıs keshiredi. Bul turısta an'sat

g’ana tabılg’an altınlardın’ ra’ha’tin ko’re almay, ashtan o’lip ketemen g’oy, — dep o’zinshe oylanadı.

Qolı tiygen zattın’ altıng’a aylanıp baratırg’anın, aqırında ashtan o’lip qalıw mu’mkin ekenligin ko’z aldına keltirip, awır gu’rsinip, uwayım shekken Abbaz birden oyanıp ketedi. Ko’zin ashıp qarasa, terektin’ tu’binde otırg’anın sezedi. Onın’ ju’regin suwlatqan qıyallardın’ barlıg’ı tu’si ekenligine quwanıp:

— Qudayg’a shu’kir, — depti ol.

## So’zlik

**İshinde iyt ulıydı** — ju’da’ ash.

### Sorawlar ha’m tapsırmalar:

1. Abbaz ne haqqında a’rman etti?
2. Onın’ a’rmanı qalay iske astı?
3. Abbaz waqıyalardın’ tu’sinde bolganına ne sebep quwandı?
4. Nan qa’dirli me, altın qa’dirli me?
5. Ertekti tu’sinip oqıp, mazmunın oz so’zlerin’iz benen aytıp berin’.

## Naqıllar

Oqıw — oy azıg’ı,
Bilim — er azıg’ı.

Jigitke qırq o’ner de az.

Aqıl ko’pke jetkizer,
O’ner ko’kke jetkizer.

Atalar so’zi — aqıldın’ ko’zi.

# ATALAR JOLI — MA'RTLİKKE TOLI

## ULLILARDIN' NA'SİYATI

*T. Qabulov*

O'mir — da'rya turg'an ag'ıp,
Bilim — baylıq, bilim — baxıt,
Yadımızda barlıq waqıt,
Ullılardın' na'siyatı.

Keleshegim jarqın mudam,
Qaharmanlıq antım mudam,
Bizdi alg'a talpındırg'an,
Ullılardın' na'siyatı.

**Tapsırma:** Qosıqtı yadlap alın'.

## ERNAZAR ALAKO'ZDİN' GU'RESİ

*(a'psana)*

Ernazar alako'z jas waqıtlarınan-aq ku'ta' qarıwlı bolg'an. O'zi iri deneli, jawırını qaqpaqtay alako'z jigit eken. Onın' Ernazar alako'z dep atalıwının' sebebi de usınnan, — deydi xalıq. Ol gu'reske shıqqanda, ha'mel qollanıwdı bilmegen, o'zi menen gu'resken palwandı tikke qol ushına ko'terip sonnan keyin jerge qaq jawırınınan tu'siredi.

En' da'slep Ernazar alako'z awılındag'ı bolg'an toy-

merekelerde o'zi qatarlı jigitler menen gu'rese baslag'an. Onın' gu'restegi jen'isleri tuwralı xalıq awzında ko'plegen qızıqlı an'ız so'zler bar. A'sirese Xiywa qalasına barıp xan palwanı menen gu'reskeni haqqında aytılg'an an'ız so'zler xalıq arasında ku'ta' ken' taralg'an.

Xiywa xanı u'lken toy bergen. Og'an o'z qol astındag'ı elatlardın' barlıg'ınan bay biylerdi shaqırg'an. Ol toyg'a qaraqalpaqlardın' da sol waqıttag'ı atqa minerleri baratug'ın bolg'an. Olar arasında Ernazar alako'zdin' awılınan da bir biy bar edi. Ol ku'nleri Ernazardın' jan'a ku'shine tolısıp kiyatırg'an waqtı eken. Ernazar awılının' biyine meni de alıp ket, xannın' toyın ko'rip qaytayın dep o'tinish etken. Biy onın' tilegin orınlap o'zinin' atqosshısı esabında Ernazardı ertip ketken.

Xan barlıq jerlerden qonaqlar kelip bolg'annan keyin palwanlardin' gu'res tutıwına ruxsat etken. Xannın' palwanı ortag'a shıg'ıp gu'reske shıqqan palwanlardı olay-bulay qaratpastan jıqqan da turg'an. Gu'restin' u'shinshi ku'ni xannın' palwanı menen gu'reske shıg'atug'ın heshkim tabılmaydı. Xannın' palwanı «Endi mag'an ju'rek etip ortag'a shıg'atug'ın adam joq, bayrag'ımdı berin'» dep xang'a maqtanadı.

Ernazar alako'z xan palwanı menen gu'resiwdi a'rman etedi. O'zi menen birge kelgen biyden ruxsat

soraydı. Ol qayılshılıq bermeydi. Aqırında jalınıp qoymag'annan keyin, biy ta'repinen ruxsat beriledi. Ernazar ortag'a shıg'adı. Xan palwanı qattı qa'ha'r menen kelip Ernazardı olay-bulay qaratpay ılaqtırıp jibermekshi boladı. Biraq Ernazarg'a ku'shi jetpeydi. Ernazar xannın' palwanın qol ushına ko'terip jıynalıp turg'an xalıqtın' aldınan bir aylanadı ha'm xan palwanın xannın' aldına aparıp, shalqasınan tu'siredi. Sol waqta Ernazardın' awılınan kelgen biy «Ko'ter narım» dep baqırıp jiberedi. Xan o'z palwanının' jıg'ılg'anına ha'm jan'ag'ı biydin' so'zine qattı qa'ha'ri keledi.

— Narın'ız qansha ju'k ko'teretug'ın edi? — deydi xan biydi qasına shaqırıp alıp, qattı ashıw menen.

— 25 pud ju'kti ko'teredi, — deydi biy. Bunı esitken Ernazar: «Eger xannın' narları ju'k ko'tere almaytug'ın bolsa, xan ushında 25 pud ju'kti ko'teremen», — deydi. Bul so'z burıng'ıdan da beter xannın' qa'ha'rin keltiredi. Xan 50 pud ju'kti o'lshetip Ernazarg'a ko'teriwdi usınadı. Ernazar 50 pud ju'kti ko'terip, qırdo'gerek otırg'an adamlardı bir aylanıp ju'kti a'kelip xannın' aldına taslaydı.

Xan ilajsızdan bayraqtı Ernazar alako'zge beriwge ma'jbu'r boladı. Ernazardın' palwanlıq dan'qı usı ku'nlerden baslap, xalıq arasına ken' taralıp ketedi.

Son'g'ılıqta Ernazar alako'z qaraqalpaq xalqının'

ma'pin oylag'an a'dil, bahadır, biy boladı. Biraq ol ko'p jasay almaydı. Ernazar alako'z qaraqalpaq xalqının' azatlıg'ı ushın Xiywa xanına qarsı ko'teriliske basshılıq etken jılları xannın' jansızları ta'repinen an'sızda sırttan atıp oltiriledi.

*«Jetkinshek» gazetasınan*

### So'zlik:

**Atqosshı** — ja'rdemshi.
**Pud** — 16 kg shamasında

### Sorawlar ha'm tapsırmalar:

1. Ernazar Alako'z xalıq arasında palwan sıpatında qalay ha'm qashan ko'zge tu'se basladı?
2. Ernazardın' o'tinishi qalay orınlandı?
3. Xiywa xanının' ne sebep qa'ha'ri keledi?
4. Biydin' «Ko'ter narım» degen so'zinin' ma'nisin mug'allimnen sorap, tu'sinip alın'.
5. Sizler Ernazar Alako'z tuwralı nelerdi bilesiz?

## XALQIM

*D. Allamaxova*

Tariyxqa bir na'zer taslap qarasam,
Adam qayıl islerin' bar orasan
Tegin'nin' shıg'ısın serlep sorasam,
Aweliy basınan ma'rt bolg'an xalqım.

Jawlar shawıp ba'rin tartıp alsa da,
U'miti u'zilip, gu'li solsa da,
Qayg'ı-ha'siretke ishi tolsa da,
Begligin buzbag'an ma'rdana xalqım.

Qıyır-shıyır jasap o'ttin' da'wirdi,
Ku'sep edin' elpip esken sa'wirdi,
Erkinlik quyashı basıp ha'wirdi,
Ma'n'gige shadlanar ma'rdana xalqım.

Araldın' suwları qurıp ketse de,
Nırqlar minip, shoqqısına jetse de,
Ne jaqsılar shıday almay o'tse de,
Albırap, qa'ddin bu'kpegen xalqım.

Miyrim-sha'pa'a'tke tolı elatım,
Qariyalarg'a izzet, jaslar polatım,
Ju'rgende tayanısh, ushsam qanatım,
Ka'mine keltirip o'sirgen xalqım.

**Tapsırma:**

1. Qosıqtı ta'sirli etip oqın'.
2. «Begligin buzbag'an ma'rdana xalqım» degen qatarın mug'allimnin' ja'rdemi menen tu'sinip alın'.

# BABALAR

*S. Pirjanov*

Talay jerde turaqlap,
Qartayıptı babalar,
Ketse biri jıraqlap,
Ortayıptı balalar.

Tawlar menen sırlasıp,
Biyik boptı babalar,
Dushpan kelse jawlasıp,
Tıyıq boptı babalar.

Menin' tuwg'an jerim, — dep,
Jar salıptı babalar,
Qatnasayıq kelin', — dep,
Jol salıptı babalar.

Ko'p qısıwmet ko'rse de,
Nalımaptı babalar,
San mın' la'shker kelse de,
Jalınbaptı babalar.

Qa'ytkende de el ushın,
Ko'rik bolıptı babalar,
Iqrarına sol ushın,
Berik bolıptı babalar.

So'ytip taw ha'm tasların,
Qorg'ap kelgen babalar,
Tuwg'an jerdin' da'stanın,
Tolg'ap kelgen babalar.

Tuwg'an jerge ne barın,
İyip ketken babalar,
Ma'n'gilikke diydarın,
Su'yip ketken babalar.

**Tapsırmalar:**

1. Qosıqtı ko'rkemlep oqın'. Ma'nisin o'z so'zlerin'iz benen tu'sindirin'.
2. Babalardın' basıp o'tken jolındag'ı ma'rtlik-ma'n'gilik islerin bilip alın'.
3. Qosıqtın' keyingi u'sh kupletin yadlan'.

## AYANISHLI KU'NLER

(«İnternatta» gu'rrin'inen u'zindi)

*N. Dawqaraev*

Og'an ko'p jıllar boldı.

Kese etekte sıg'asqan el. Du'rkin-du'rkin awıl, awılda ha'rkim o'z tiyresi menen. Aybu'yirdin' suwı tasıp, «Keseetekte» basıwg'a aynalg'an jıllar...

«Kese etekte» jerler patshanın', xannın' jeri. Barlıq za'kattı Qutlımurat begler begi jıynatıp aladı...

Olar jerdi o'zleri ekpeydi. Jeri joq jarlılarg'a jarıg'a beredi. Olar qırman wag'ında qabın alıp tayın boladı. Bunın'day adamlar awılda ko'p emes. Awıldın' ko'pshiligi ku'nin zorg'a ko'rip otırg'an jarımshılar. Jarımshılar jerdi to'rtten birine, u'hsten birine aladı...

Turımbette jalg'ız ılashıqtan basqa zat joq. Onı tiklep alg'anına bir-eki jil boldı. A'kesi paqırdan da heshqanday mu'lk qalg'an joq. O'miri kemtarlıq penen o'tti. Turımbet esin bilgeli kisi esiginde diyqan ju'rip kiyatır. Birneshe jıl Seydulla qayshılınikinde boldı. Ko'p jıllar Jumash shomaqtın' xızmetin etti. Biraq qarnı qalıqpadı. Endi ne de bolsa man'layımnan ko'reyın dep, heshkimge diyqan ju'rmey jarımshı bolg'anına bir-eki jıl bolg'an edi.

Qutlımurat begler beginin' awılındag'ı ataqlı baydın' birewi Jumash. Jumash bay dese bay. Su'riw-su'riw jılqı, padalı mal, qos o'giz, at arba degennin' neshe tu'rlisi sonnan tabıladı. Xannan qag'az alıp kelip iyelep otırg'an u'sh ju'z tanaptan artıq jeri bar. Jerdin' ton'ı ketip, ba'ha'r jaqınlag'anda Turımbet bayg'a baradı.

— Ag'a qolın'da o'sken bala edim. Kelinin' menen ekewimiz tirishilik ete qoyayıq dep edik. Bir qos o'giz benen jer sorap kelip edim, — dedi.

— Jerdi ne qılasan', onnan da bizikinde ju're bersen'-o...

— Bir baxtımdı sınap ko’rejaqpan ag’a...

— Boladı, el jurttın’ da’stu’ri bir qos o’giz jer bereyin, — dedi Jumash.

— Ta’n’ir jarılqasın, ag’a, atın atap bersen’iz jaqsı bolar edi.

— Atın atap dep, senin’ o’zin’e bo’lek nırq kesiler deysen’ be, o’giz bir pay, jer bir pay, tuqım bir pay da...

— Tamaqtan awıstırıp, tuqımg’a dep saqlag’an azıraq arpa jazlıq bar edi, — dedi Turımbet.

— Onda o’zin’ bil, — dedi Jumash.

— Hayalı menen ekewi tırban’lap ju’rip arpa jazlıqtı egip boldı. Jazlıg’ı qurıg’ır da basına bolg’anday ırg’alıp tura qaldı.

— Ba’le-ma’terden aman bolsa, bıyıl bir na’rse bolar, — dep Ulbosın ekewi quwanısatug’ın edi.

— Ag’ası-aw, jazlıqtın’ ko’gi jaqsı emes pe, bir na’rse bola g’oysa, qosıp-shatıp bir qashar ala go’r.

— Ha’y, tu’kirip qara, — deytug’ın edi Turımbet. Saratannın’ ıssısında Ulbosın ekewi de ku’nge ku’yip orıp boldı. Qırman tayın bolg’anda eki diyqang’a qabın arqalatıp Jumash keldi.

— Qırman qızıllasın!

— A’wmiyin, aytqanın’ız kelsin, ag’a. — Jumash qırmannın’ qızılın azsınıp:

— Usı bolg’anı ma? — dep tan’landı.

— Haw, ag’a, bul az ba? — dep ku’ldi Turımbet.

— Sonshama jerden shıqqanı usı bolsa, quday urg’an eken, — dedi Jumash.

Qırman su’zildi. Aqqulasın bılay shetke shıg’arıp qoydı.

Eki kepshikti Jumashtın’ qabına saldı. Bir kepshikti o’zinin’ qabına salıp tag’ı bir kepshikti salayın dep atır edi.

— Toqtap tur, — dedi Jumash, — ne qılıp atırsan’?

Turımbet an’-tan’ bolıp qaldı.

— O nesi? O’giz bir pay, jer bir pay, tuqım bir pay emespedi aqırı?

— Haw, ag’a, bizler tuqım alg’anımız joq g’oy...

— Almasan’ qa’yteyin, men alma dedim be? — dep Jumash ashıwlandı.

— Haw, ag’a, kelisim solay edi. Bizler hayalımız ekewimiz awzımızdan qara qanımız keldi g’oy...

— Mına iyttin’ balasının’ ko’zinin’ eti o’sken, — dep Turımbetti qamshı menen tartıp jiberdi. Ko’zinin’ aldı jarq etip, shekesinen qan zıtqıp qoya berdi. Jumash tag’ı da da’pine bergende Turımbet bir qolı menen shekesinen’ qanın su’rtip turıp:

— Ag’a toqtap turın’, — dep qamshını usladı. Jumash qamshısın julıp alıp, tartıp jiberdi. Bul ret Turımbet taqat etip tura almadı. Jumashtın’ qolındag’ı qamshını julıp aldı. Eki ko’zi ottay janıp qalshıldap:

— Urg'an qalay boladı eken, — dep Jumashtın' tuw sırtınan tartıp jiberdi. Jumash tentireklep barıp qırmannın' basında jatırg'an temir jabanı ala juwırdı. Qırmannın' bası bir ala qıyqan' tayaq boldı. Bir ma'ha'lde:

— Ah! — dep Turımbet awdarılıp tu'sti. Jurt u'rpeyip keyin shegindi, Ulbosın juwırıp barıp:

— Bala-shag'anın' iygiligin ko'rmegir-aw, — dep Turımbettin' basın su'yedi. Turımbettin' basınan qan loqıldap ag'ıp atır. Anda-sanda buwlıg'ıp demin aladı.

— Ha'y, bul iyttin' balası ne qılatug'ın edi, — dep Jumash qırmandı qaplawg'a kiristi.

Ulbosın qabaqtag'ı suwdı a'kelip, Turımbettin' awzına tamızdı. Basındag'ı go'ne, aydınlı oramaldın' bir qosın jırtıp alıp basın tan'dı. Ku'n awg'ansha basında otırdı. Ku'n awg'an son', Turımbet azıraq esin jıynayın dedi. Biraq qan'g'alaqlap basın ko'tere almadı. On' qolın iynine salıp belinen qushaqlap, Ulbosın u'yine zorg'a alıp keldi. Turımbetti jatqızıp ku'n batardın' aldında Ulbosın qırmannın' basına keldi. Qırmannın' basında adam da joq. Tek bolg'anı eki buwma qap, tag'ı bir orta qap tur. Onnan — basqa zat joq. Barlıg'ın sıpırıp-sıyırıp alıp ketipti. Qalg'an biydaylardı Ulbosın u'yine alıp keldi.

### Sorawlar ha'm tapsırmalar:

1. Turımbet qanday turmısta jasaytug'ın edi?
2. Ol bayg'a ne ushın bardı?
3. Bay qanday xorlıq ko'rsetti?
4. Waqıya ne menen tamamlandı?
5. Sorawlar boyınsha juwapların tawıp oqın'.O'z so'zlerin'iz benen tu'sindirin'.
6. Tekstti qatnasıwshılarg'a bo'lip oqın'.

### So'zlik

**Qarnı qalıqpadı** — qarnı toymadı

### Naqıl

Ekkende joq, tikkende joq,
Qırmanda tayar.

## JETİMNİN' JU'REGİ

*(u'zindi)*

*J. Aymurzaev*

Qanday da bir sebep penen uzap ketsem de qayta-qayta awılg'a qaray berdim. Qawırsıg'an qustın' qanatınday u'ziginin' jırtıg'ı jalbırap turg'an ılashıqtın' u'stinde Ja'nigu'l apam jan-ta'ni menen mag'an boyın taslap qarap turg'anday elesledi. Ko'zimdi jumıp jibergenim, ko'zimnen ıssı jas ju'zime sorg'alap, tula boyım tu'rshigip ketti. Ton'g'an kisidey iyegim qalt-qalt ete qaldı. Ko'z jasım sorg'alay berdi. O'kirip

jılap jibere jazladım. Biraq, mınaw tanıs emes adamnan tartındım.

Alan'nan asırılıp tu'skende tag'ı da bir qarasam awıl ko'zime ko'rinbedi. Tanıs emes adam qanday da bir sebep penen, ol da artına qarap qoydı. Onnan keyin atının' jılawın qag'ıp jiberdi, gu'zar jolg'a tu'sip aldına qaray rawana boldı. Men de solıg'ımdı bastım. Jırtıq jen'im menen ko'z jasımdı su'rttim. Jol uzaq bolmasa da soqa attın' solqıldısı say su'yegimdi sırqıratqanday boldı. Bul menin' atqa birinshi miniwim edi. Jol uzag'an sayın ja'n-jag'ıma qıysayıp ta otıraman. Bazda on' qolıma tayanaman, qullası otırıwdın' ma'nisin tappadım. Jambasımdı jara etip aldım.

Imırt jamılıp, qas qaraya bergende tanıs emes adamnın' awılına da jettik. Attan tu'stik. Ol atın bayladı. Meni ertip u'yine kirdi... Tanıs emes adam meni on' jaqqa esik betke otırg'ızdı. O'zi to'sewli turg'an to'sektin' u'stine to'rge shıqtı. «Jolmırza degen batır» dep ju'zime jıllı shıray menen qarap qoydı. Men de onın' keypinen u'kinin' ko'zindey ko'zimdi bir awdarıp taslap qoydım. Son'ınan kelinshekke jalt qaradım da otqa u'n'ildim.

Meni u'yine alıp kelgen adam Ja'nigu'ldin' o'gey balası Allaniyaz eken. Ja'nigu'ldin' o'lgenin esitip, menin' tentirep ju'rgenimdi bilip, u'yine alıp kelgen. Allaniyaz dayımnın' jıllı ju'zli ko'zqarası, menin' miyrimdi

qandırdı. Quwandım, hu'rmetledi. Issı awqatqa toyıp alg'annan keyin, denem balbırap, uyqı basa basladı! Ku'ni menen at qag'ıp silem qatıp sharshag'anım tag'ı bar. Pırıldap uyqılap qalıppan. Azanda meni salmag'a shomıldırıp, go'ne kiyimlerimdi Allaniyaz dayımnın' o'zi sheship taslap, burın alıp qoyg'an ba, onnan xabarım joq, shomılıp bolg'annan keyin mag'an taza ko'ylek penen dambal kiygizdi, basıma taqıya kiygizip, shashımdı aldırdı.

«Balag'a kim ku'lip qarasa sol jaqın» — degendey Allaniyaz dayımnın' hu'rmeti mag'an ayrıqsha boldı. Qansha jatsam jattım, qansha uyqılasam uyqıladım, qa'lewimshe awqat ishtim. Bu'yirim shıg'ıp, bedenime qan juwırdı. Ja'nigu'ldin' ornına Allaniyazg'a bawır bastım, ol og'ada jaqsı minezli kisi edi.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Jetim balanı kim alıp keldi?
2. Allaniyazdın' u'yindegi turmısı qanday?
3. «Jolmırza batır» kim ekenin mug'allimnen sorap alın'.

## AN'IZG'A AYLANG'AN SHINAR

*S. Pirjanov*

— Ha'-a' solay den', aldı menen «Assalawma a'leykum otag'ası. Dawısın'ızg'a qarag'anda mennen jası u'lken bolıwın'ız kerek. Jası u'lkenge jası kishinin' sa'lem beriwi parız.

«Qalay degen menen ta'rbiya ko'rgen jerden shıqqan bala bolsa kerek», — dep qoydı ka'rwan bası ishinen. Jigit dawıs shıqqan jaqqa qaray tayag'ı menen joldı barlastırıp kem-kemnen jaqınlay basladı.

— Otag'ası, sorag'annın' ayıbı joq degen. Qalay qarap ju'rip baratırsız? — dedi ko'zli jigit.

— Shınarlı awıl u'stinen arı qaray o'temiz.

— Bunday qup tu'siwine qara. Jası u'lken, janın'ızg'a sawaptı, meni de birge alıp ketsen'iz, — dedi jan'ag'ı quwanıshın sıydıra almag'an pishin bildirip.

— Boladı inim, mu'ta'jdin' jumısın pitkerip, alg'ısın alg'annan artıq ne bolıwı mu'mkin. Bizlerdin' ko'pshilik waqtımız usınday jolda o'tedi. Joldas bolsaq, a'n'gime gu'rrin' menen jol qısqaradı.

Ka'rwan jol alg'anda birazdan beri ku'tken a'rmanı orınlang'anday «Ko'zli jigit» murtınan ku'lip qoydı. Ka'rwan bası onı birden qıstap, jol bolsın sorag'andı qolaysız ko'rgendey o'zi a'n'gime basladı.

— Ko'p jıldan beri ka'rwan tartamız, inim, bul talaptı ata ka'rimiz desek te boladı. Menin' menen to'rt atag'a qarag'an. Bul ka'rdin' o'zinshe qıyınshılıg'ı da ko'p. Qıyınshılıg'ı degenim, o'mirimnin' ko'pshiligi derlik du'zde o'tedi. Bizler ushın qısı-jazın' ba'ribir. Ma'wsim tan'lamaysan'. A'kem bayg'us meni kishkentayımnan qasınan qaldırmay anaw-mınaw sha'ha'rge o'zi menen

birge alıp ju'retug'ın edi. Balalıg'ımız ba, qızıqqanımız sonshelli, anaw awıldan o'tsek, mınaw awıl ha'wesimizdi arttırıp en' izinde diydilegen jerimizge de jetkenimizdi bilmey qalatug'ın edik. Anam bayg'us geyde u'y mashqalasında da a'kemnin' jumısın islep qıynalg'anlıqtan ba, a'keme:

— Ag'ası balan'dı da o'zin'e usap gezendelikke u'yretpekshisen'-aw, — deytug'ın edi ku'lip.

— Haw anası, talaptın' jamanı joq. Tek jen'il-jelpi, ep penen ku'n ko'rmesen' boldı, — deydi isine kewli tolıp.

Ka'rwanshılıqtın' nanın jep tisi shıqpag'an menen ko'pten beri duzın tatıp kiyatırg'ang'a ma, anam ag'am menen bunnan arı barıspay til tabısıp ketetug'ın edi.

— Aytpaqshı, inim, «G'az shu'yirkelesip, adam so'ylesip tabısadı» degen, atı jo'nin'izdi sorasayıq, — dedi ka'rwan bası.

— Atım Barıs, ag'a.

«Ko'zli jigit» aytsa da, o'z atının' qolaysız ekenine ka'rwan bası tan' qalmadı ma eken degendey oyg'a shu'mdi.

— Ju'da' jaqsı, inim, attın' heshqanday qolaysızlıg'ı joq. Shaması, Barıs jılı tuwılg'ansan'-aw. Mına halın' menen jolg'a shıg'a qoyıpsan'. Jol bolsın, — dep qoydı ka'rwan bası.

— Ha'rkimnin' niyeti bar, ag'a. Irasın aytsam menin' a'kem patshanın' en' isenimli a'skerbaslarının' biri bolg'an. Ol son'g'ı atlanısta awır jaraqatlanıp shınardın' bir uwıs topırag'ın qolına qısıp, al japırag'ın basına dastıq etip ko'z jumıptı. Meni ko'pten beri ko'rmese de, «A'kemdi ko'rip japıraqları menen ıssıg'a qalqan bolg'an shınardı qollarım menen uslap ko'rsem, da'rtlessem» degen a'rman qıynap ju'r edi.

Barıs alıs-alıslardı qıyalı menen na'zerlep, awır oyg'a battı.

Qalay degen menen, shınarg'a jetiwimizge bir ku'nshilik jol qaldı, — dedi Jolmurat Barıs penen ka'rwan basının' teren' oyg'a shu'mgenlerin bilmekshi bolıp.

— He-e, Saray ko'lge kelippiz-aw, — dep qoyadı ku'ni menen a'n'gime, gu'rrin'ge zeyin qoyıp Barıstın' awır ta'g'dirine oylanıp kiyatırg'an ka'rwan bası.

Ko'z ushında alıstan ko'z tartqan gidiman shınar o'zininn' biyik turpatı menen ja'ne de ko'rkem bolıp ko'zge ko'rindi. Onın' shar ta'repten samal tartqan u'lken, gidiman shaqalarında bes a'sirden aslam waqıttın' sırlı namaları shertilip, insan tuyg'ıları aytılıp atırg'anday edi.

— A'ne Barıs inim, shınarg'a da keldik, — dedi ka'rwan bası quwanıshı qoynına sıymay...

Barıstın' ju'zi bulttan shıqqan quyashtay birden jaynap sala berdi.

— Awa, inim, o'zin'nin' aytıp kiyatırg'an sırlı shınarın'...

Ku'n namazlıgerge taqalıp qalg'an edi. Keshqurın oyaq-buyaqtan jıynalg'an quslar tap usı jerge kelip, ko'kireklerindegi birazdan bergi sherlerin tarqatısıp, dawlı ma'selelerin sheshisip atırg'anday, u'sti-u'stine ta'rtipsiz tu'rde jug'ırlaspaqta. Barıs shınarg'a sa'lem bergen pishin bildirip qayta-qayta basın iydi. Onın' birneshe adamnın' qushag'ı jetkisiz tu'bin tap ko'pten beri balasın ko'rmegen a'kedey qayta-qayta sıypaladı. Na'rwan shaqalarının' jerge tiyip turg'an san-sanaqsız japıraqların ko'zlerine tiygizdi.

Bul jaqqa jol alg'an ha'rbir saparımızda usı shınar astında bir ku'n qonıp jolg'a shıg'amız. O'ytpesek, qanday da bir alıs jolda qımbatlı bir na'rseni umıtıp qaldırg'an adamday ju'risimiz o'nbeydi, saparımız da kewildegidey bolmaydı. Sonlıqtan, bu'gin usı jerde qonıp a'n'gimelesip, duz tatısamız, — dedi ka'rwan bası Barısqa qarap ayanıshlı tu'rde.

Erten'ine jolg'a shıg'ar aldında:

— Barıs to's qaltan'a salıp ju'resen', inim, — dep ka'rwan bası bir salım duz salıng'an shu'berek usındı. Bul onın' «İnim tag'ı da duz da'mek bola bereyik» degeni edi.

Xoshlasıw biraz ku'nnen beri joldas bolıp, bir-birinin' un'qıl-shun'qılın bilip sır-minez bolıp qalg'an ka'rwan iyelerine de Barısqa da an'satqa tu'spedi. Ka'rwan jol alg'anda olardın' qarası ko'rinbey ketkenshe Barıs ko'zlerine jas alıp na'zerlep qarap qaldı.

— Bayg'us bizlerge dım bawır basıp u'yrenisip qalg'an eken, onın' tag'diri qalay bolar eken? — degendey ka'rwan bası da, joldası da awır oyg'a shu'mdi. Sonda olardın' aldılarına da'slepki ushırasqanındag'ı:

Hu'w-w haq, hu'w-w haq,
Ko'rinbeydi hesh jaq,
Ashılsa eger ko'zim,
Nalınbas edim hesh waq,

— degen so'zleri alıstan tal-tal esitilip «ko'riskenshe xosh, xosh» dep turg'anday edi.

* * *

Shınar — xalqımız tu'siniginde ullılıq, miyrimlilik, qaharmanlıq tımsalı. El gezgen sayaxatshı da, turmıstan tarıqqan g'a'rip te, sırlas-mun'las doslar da shınar tu'binde tınıg'adı. Qalayda onnan ku'sh-quwat, endi ju'rer jolına sarras bag'ıt aladı.

So'z bolg'an a'psanadag'ı waqıyalardın' shınar

a'tirapında o'rbip, shınar tu'binde kewilge qonımlı sırı sheshilgeni sonnan ibarat.

Shınar b'alent-ba'lentke boy sozıp jasay beredi. Al adam o'miri de usılayınsha jalg'asadı.

Sonlıqtan a'sirlerge sırlas shınar tek adamlar ushın, olardın' ku'ndelikli tirishiligi ushın o'mir su'redi degen ga'plerdin' xalıq awzında aytılıp ju'rgeni, a'lbette, usındaydan kelip shıqqan bolsa kerek.

O'ytkeni, shınar — adamlarg'a o'mir bag'ıshlaydı, insang'a tirishilik inam etedi, keleshekke jol silteydi.

Shınar tuwralı an'ız adamlar tirishiligi, keleshegi, a'rmanı, baxıtqa jetisiw jolındag'ı talpınıwları tuwralı a'n'gimelerdin' kishkene bir jıyıntıg'ı.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. «Ko'zli jigit» qayda barmaqshı edi?
2. Ka'rwan bası onın' o'tinishin qalay qabıl etti?
3. «Ko'zli jigit» ha'm ka'rwan bası arasındag'ı a'n'gime ma'nisin o'z so'zlerin'iz benen tu'sindirin'.
4. «Qalay degen menen ta'rbiya ko'rgen jerden shıqqan bala bolsa kerek», «G'az shu'yirkelesip, adam so'ylesip tabısadı», «Bir salım duz salıng'an shu'berek» ga'plerinin' ma'nilerin bilip alın.
5. «Ko'zli jigittin'» a'rmanı ne?
6. Shınar haqqında neler delingen?

# ANA TİLİM — BASQALARDAN AYIRMAM

1989-jılı 1-dekabrde Qaraqalpaqstan Respublikası «Ma'mleketlik til haqqında» Nızam qabıl etti.

Nızam boyınsha qaraqalpaq tili Qaraqalpaqstanda ma'mleketlik til bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaq tili — Qaraqalpaqstan Respublikasında jasawshı qaraqalpaq xalqının' milliy tili.

## ANA TİLİMDE!

*T. Seytnazarov*

Analar baxtım der, bala degende,
Qanshama sheksen' de nala degendi!
Shayır, sen, en' da'slep «Ana» degendi,
— Qaysı tilde ayttın'?
— Ana tilimde!

Aldın'da ashılıp turg'an A'lipbe,
Sol qunıqqan saatın'dı ta'riyple,
«Watan», degen so'zdi u'lken ha'ripte,
— Qaysı tilde jazdın'?
— Ana tilimde!

**Tapsırma:**

Qosıqtı dawıslap oqıp, yadlap alın'.

## ANA TİLİME

*İ. Yusupov*

Ana tilim, sen basqadan ayırmam,
Sen turg'anda men de a'dewir shayırman,
Sonsha qatal su'rginlerde jog'almay,
Bul ku'nlerge jetkenin'e qayılman.

Baytereksen' o'sken go'ne tamırdan,
Dilwarlıg'ın' qıl suwırg'an qamırdan,
Qaraqalpaqtın' kewil qusı sayrasa,
So'z qıysını g'a'ziynen'nen tabılg'an.

Men ten'eymen seni jegen nanıma,
Uwız benen ruwxın' sin'gen qanıma,
Es bilgeli til jatırqap ko'rmedim,
Biraq sen dım jaqınsan'-aw janıma.

**Tapsırmalar:**

1. Shayırdın' ana tiline degen su'yispenshiligin o'z so'zin'iz benen aytıp berin'.
2. Qosıqtı yadlan'.

Tilge itibar — elge itibar.

*A. Nawayı*

**Naqıl — maqallar**

Ana su'ti quwat berer boyın'a,
Ana tili aqıl berer oyın'a.

So'z — adamnın' en' tiykarg'ı jaqın joldası.

Tilge hu'rmet — elge hu'rmet.

Til — qılıshtan da o'tkir.

Til buwınsız — oy tu'psiz.

Oynap so'ylesen' de, oylap so'yle.

Shınlıqtı so'yle, abırayın' asadı,
A'depli so'yle da'wletin' tasadı.

So'z ju'yesin tapsa, mal iyesin tabadı.

Tayaq etten o'tedi, so'z su'yekten o'tedi.

## BİZİN' ELİMİZDİN' ULLI NIZAMI

## MENİN' KONSTİTUTSİYAM

*X. Saparov*

Ha'rbir so'zin' nızam altın,
Onı jazg'an menin' xalqım,
Ba'ri a'dillikke tolı.
Ju'regime sonday jaqın.

Sarras du'ziw aydın jolım,
Nege sozsam jeter qolım,
Tirishiliktin' anasınday.
So'nbeytug'ın quyash bolın'.

Biyg'a'rezben, o'stim shalqıp,
Sıy ko'rsettin' jannan artıq,
Sen ha'mmeni kordin' ten'dey,
Jıllı qushag'ına tartıp.

Erkinliktin' berdin' ba'rin,
Shad o'mirdin' sherttim tarın,
Baxtımdı turg'an qorg'ap,
Boldın' o'zin' namıs-arım.

Oqıyman desem haqım bar,
Miynet etsem taptım ka'mal,
Konstitutsiya, men ushın.
Ma'rtebe ha'm boldın' ıg'bal.

Arqa su'yer boldın' qorg'an,
Jolım erkin huqıqlıman,
Keleshegim turar jaynap
Sen arqalı baxıtlıman!

**Soraw ha'm tapsırmalar:**

1. O'zbekstan Respublikasının' Konstitutsiyasın qashannan beri bayramlap kiyatırmız?
2. «Konstitutsiya men ushın», «Ma'rtebe ha'm boldın' ıg'bal» degen qosıq qatarlarının' ma'nisin tu'sindirip berin'.
3. Qosıqtan qa'legen u'sh kupletin yadlap alın'.

# BUL A'LEMDE ONNAN ULLI WATAN JOQ

*T. Qabulov*

O'zbekstan — keleshegi biyik el,
Bul a'lemde onnan ullı Watan joq,
Sol Watandı shın ju'rekten su'yip ko'r,
Bul a'lemde sennen jaqsı adam joq.

Nawayıdan baslang'an son' danalıq,
Pu'tkil du'nya ta'jim eter ta'n alıp,
Miyman kelse ku'tip alar nan alıp,
Bul a'lemde nannan ullı tag'am joq.

Sha'ha'r Tashkent shın doslıqtın' qalası,
Shırayına shıray qosar dalası.
Sulıw sazday sın'sıg'an say salası,
Bul a'lemde onnan jaqsı ja'ha'n joq.

O'zbekstan — keleshegi biyik el,
Bul a'lemde onnan ullı Watan joq,
Sol Watannın' ıshqında bir ku'yip ko'r,
Sennen jaqsı, sennen dana adam joq.

**Soraw ha'm tapsırmalar:**

1. Qosıqtı dawıs tolqını menen ta'sirli etip oqın'.
2. «Sol Watandı shın ju'rekten su'yip ko'r, Bul a'lemde sennen jaqsı adam joq» degen qatarlardı mug'allim menen birlikte talqılan'.
3. Qa'legen 2 kupletin yadlap alın'.

# Q I S



# QIS

*B. Qayıpnazarov*

Jag'ımsız samal sup-suwıq,
Qılıshın su'yrep qıs keldi,
Betlerin jalap ızg'ırıq,
U'yreter qısqa, qıs keldi.

Muzg'ala, burshaq, qar jawıp,
Uytqıydı tınbay u'rgini,
Ombalap qarda jol tawıp,
Kelemen qısqı bir ku'ni.

Aq quyın kelip qosqanday,
Jer menen ko'ktin' arası,
Miywası to'men basqanday,
Qar u'ydi bag'dın' shaqasın.

Shaqada u'stin qar basıp,
Turıptı qustın' uyası,
Qar tındı. Shıqtı nur shashıp,
Tu'sip tur ku'nnin' quyashı.

Gu'mistey bolıp jarqırap,
Quyashqa erip aqsha qar,
Gu'llerdey jaynap jarqırap,
Ko'riner ko'rkem na'wba'ha'r.

**Tapsırmalar.**

Qosıqtı ko'rkemlep oqın'. Qıstın' o'zine ta'n belgilerin qosıqtan tabın'. Qıs ko'rinisine baylanıslı ta'biyatqa baqlaw ju'rgizin'.

## SHIRSHA AYNALASINDA

*X. Saparov*

Bezetilgen shırshanı,
Do'gereklep oynaymız,
Ju'zimizde nur janıp,
On to'rttegi aydaymız.

Bizler menen qosılıp,
Qarqız tu'sti oyıng'a,
Aytamız jıl qosıg'ın,
Jan'a jıldın' toyında.

O'stik alg'a talpınıp,
Quwanısh boydı biyledi,
Go'ne jılg'a qaldırdıq,
Kishi o'kpe-giyneni.

Eglenbegen jolınan,
Kelip Ayaz babamız,
Babamızdın' qolınan,
Sawg'aların alamız.

Baba bergen sawg'anı,
U'yge alıp baramız,
Kewli tolar quwanıp,
Ata menen anamız.

**Tapsırma.**

1. Qosıqtı ta'sirli etip oqın'. Qosıq mazmunınan paydalanıp «Sa'lem Jan'a jıl!» degen temada so'ylep berin'.
2. Qosıqtı yadlap alın'.

# MUZDA QALG'AN ETİK

*(Gu'rrin')*

*Ya. A'jimov*

Bir topar balalar mektepten qayttı. Olar azdan son' bag'darın alıstan jıltırap ko'ringen u'lken muz aydınına qaray burdı. Biraq, ele betti shımshıp, murındı qızartatug'ın suwıq bolmag'anlıqtan ba, muzdın' qatıwı juqa edi. Yag'nıy, bir topar balalar qatarlasa tu'sse, muz shatırlap jarılıp atırg'anı. Biraq, bar ıqlası menen oyıng'a kirisip ketken balalar muz jarılmaq tu'we, oyılsa da tın'laytug'ın tu'ri joq. Ha'mmeleri papkaların arqasına asınıp alıp, biri-birinen qalmawg'a ha'reket etip, jarıspaqqa sırg'anap ju'r.

Balalardın' ishinde to'rtinshi klasta oqıytug'ın Jalal da bar. Ol kishkentay bolg'anı menen muz sırg'anawg'a kelgende, aldına adam salmaydı. Jalaldın' bir a'deti qaysı oyın bolsa da bir mezgil dawamında oynamasa, hesh kewli kenshimeydi. Mine, muz sırg'anawdı basladı ma, demek, ol keshke shekem dawam etiwi kerek.

Balalar birim-birim tarqasa basladı.

— Jalal, ju'r kettik. Qarınlarımız sırnay sherte basladı g'oy. Qalamasın awqatqa toyıp bolıp oynarmız, — dedi altınshı klasta oqıytug'ın Maxmud onı ertip ketpekshi bolıp.

— Yaq! Men ash bolg'anım joq. O'zin' kete ber, — dedi Jalal arqasındag'ı papkasın jerge qoyıp atırıp. —Men oyıng'a jan'a kiristim.

— Meyli, men kettim. Biraq jalg'ız o'zin' qalasan'. Onın' u'stine muzg'a oyılıp ketsen'...

— Oy — bu — w! onsha g'amxor bola bermey-aq qoy!

Bul so'z Maxmudqa qattıraq battı ma, ol qaytıp u'ndemedi. Papkasın arqasına qag'ıp saldı da, u'yine qaray juwırdı. Muz aydınında Jalaldın' jalg'ız o'zi qaldı.

Bul u'lken aydınnın' ishinde Jalaldın' sharlamag'an jeri qalmadı. Sharshag'anın da bilmedi. Anıq qızg'annan son' paltosın da, malaqayın da sheship qoydı. Man'layınan «burq» etip shıqqan ter bet-awzın qalay bolsa solay juwıp turdı. Aqırı, sharshag'anın sezdi me, basına malaqayın kiyip, papkasının' u'stine barıp otırdı. Azdan son' ornınan ja'ne ırg'ıp turdı.

Endi ol pu'tkilley basqa ta'repke qaray sırg'anap ketti. Bul ta'reptin' muzı bolsa, a'dewir juqa edi. Biraq, bul Jalaldın' oyına kirip te shıqpadı. Uzaqtan pa't penen juwırıp keldi de, biyikten to'menge qaray sırg'anap ketti. Bir gezde... muz pıtırlap sındı. Jalaldın' bir ayag'ı oyılıp ketti. Suw ju'da' teren' emes edi. Biraq, astı uyma eken. Ayag'ın shirenip a'ri-beri tarttı. Suwırıp ala almadı. Tag'ı julqıdı... Tag'ı... Bul ret etik emes, al onın' ishindegi ayag'ı shılg'awı menen qosıla suwırılıp shıqtı.

Aqırı bolmadı, etigin taslap, bir ayag'ı menen ha'kkelek atıp, papkası turg'an jerge keldi. Etiksiz qalg'an ayag'ın sharf penen muqıyatlap orap, baylap aldı.

Jalaldın' u'yi bul jerden onsha qashıq emes. Bir shaqırımday bar. Ol u'yine bir ayag'ında etik, ekinshisine sharf baylag'an ku'yinde keldi. Tap usı gezleri qas qarayıp u'lgergen edi.

— Haw, balam, ku'n batqansha qayda ju'rsen'?—dedi kempir apası esikten kirip kelgen Jalalg'a.

— Tu'sten keyin de oqıp edik, — dedi Jalal qas qaqpastan.

— Qoy balam, o'tirik te ornı menen. Maxmud seni muz sırg'anap qaldı. Ha'zir keledi dep edi. Sonnan keyin, bizler senin' aldın'a shıqpay otırmız... Haw, mınaw ne? — Kempir apasının' ko'zi Jalaldın' ayag'ına tu'sti.

— Etigim muzda...

— A'y, ju'wernemek-a'y! Usı muz dese boyın'dı tamnan taslaysan'! Oyıng'a-aq bir toymadın'! Usınnan ayazlap awırsan' g'oy...

Mine, qaran'g'ı da tu'sti. Etigin'di erten' a'kelermiz. — Kempir apası onı peshtin' quwısına otırg'ızdı. Jalal peshke ayag'ın qızdırdı.

Erten'ine erte Jalal qasına kempir apasın ertip, muz aydınına keldi. Kelse, etiginin' jartısı muzdın' astında, al

qalg'an jartısı sırtta eken. Tu'ngi suwıqtan a'bden qatqan muz, etiktin' moynınan «g'ıyqıldatıp» qısıp alıptı.

Muzdı oyıp, etikti aldı da u'yine keldi. Janıp turg'an peshtin' quwısına qoydı. Jalaldın' bolsa ku'tip otırıwg'a waqtı joq. Mektepke ketiwi kerek. Kiyiwge basqa ayaq kiyimi de joq. Aqırı, bolmadı. Jetinshi klasta oqıytug'ın a'jag'asının' otız segizinshi razmerli etigin kiyip, mektepke ketti.

Aradan ku'nler o'tti. Mekteptegi «Sona» dep atalg'an diywalı gazetada Jalaldın' ayag'ına u'lken etikti kiyip, muz sırg'anap ju'rgen su'wreti shıqtı.

**Sorawlar:**

1. Oqıwshılar qayda burıldı?
2. Maxmud Jalalg'a ne dedi?
3. Jalaldın' etigi qayda qaldı?
4. Ol kempir apasın qalay aldadı? Sizler o'tirik aytasız ba?
5. Jalal mektepke kimnin' etigin kiyip bardı?

## Jumbaq

Baltasız usta
Ag'ashsız ko'pir saladı

***Qıs ayları:*** Dekabr, yanvar, fevral.

## Naqıl

Betke aytqannın' hesh ayıbı joq.

## AYAZ BABA KİYATIR

*T. Qabulov*

Anan' qaran', balalar,
Qanday go'zzal dalalar!
Ja'yhun boyın jag'alap,
U'lkemizdi aralap,
Ayaz baba kiyatır.

Qarday appaq saqalı,
U'stinde aq shapanı,
Arqalag'an iyninde,
Sawg'ası bar bahalı,
Ayaz baba kiyatır!

Aq qıraw bar tonında,
Qızg'ın yosh bar janında,
Bilmes harıp sharshawdı,
Hasası bar qolında,
Ayaz baba kiyatır.

Qarday appaq saqalı,
U'stinde aq shapanı,
Arqalag'an iyninde,
Sawg'ası bar bahalı,
Ayaz baba kiyatır.

**Soraw ha'm tapsırmalar:**

1. Sizler ayaz babanı bilesizler me? Onı su'wretlep berin'.

**Jumbaq**

Otta janbaydı
Suwda batpaydı.
(muz)

## AWILG'A KELGEN KİYİKLER

*(gu'rrin')*

Bizin' u'y U'stirttin' tu'sligindegi oypatlıqta jaylasqan. U'ydin' aldında u'sti bastırılg'an, qaptalları qamıs plita menen bekitilgen eshki qora bar. İshi jıllı. Eshki

qoranın' awız betinde so'kli jantaq gu'dilengen. Qısta qar jawg'anda eshkiler o'riske jiberilmeydi. Olar qoradag'ı jantaq gu'dige tumsıqların tıg'ıp, u'n'gip, jep turadı.

Qıs ayı bolg'anlıqtan qar qalın' jawıp, jer beti aq ko'rpege oranıp atırg'an ma'ha'l.

Qardın' suwıg'ı kem-kemnen ku'sheydi. Ayaq bassan' boldı, qar g'arsh-g'arsh etip ses beredi. Qardın' jawg'anına da bir ha'ptege shamalasıp qaldı. Men sabaq pitkennen son', mektepten u'yge jaqınladım. Qoranın' sırtında bu'risip ıqlap turg'an, bir topar kiyiklerge ko'zim tu'sti. Bular burınları awıllarg'a kelmeytug'ın edi g'oy. Awıl arasında ne qılıp ju'rgen kiyikler? — dep o'zim de hayran boldım.

Kiyikler ash eken. Bu'yirleri quwsıyıp qabısıp tur. Men da'rriw u'yge kirip ku'tilmegen ha'diyseni ag'ama ayttım.

Ag'am da'rriw u'yden sırtqa shıg'ıp, kiyiklerge na'zer tasladı. Eshki qoranın' awzın tez ashtı da, o'zi u'yge qaytıp kirip keldi.

— Ha'zir sırtqa shıqpa... Kiyikler eshki qorag'a kirsin. U'rkitip almaw kerek, — dedi. Men ag'amnın' bul aytqan tapsırmasın orınladım. Aga'm mag'an bılay dedi:

— Ha'zir sırdanday dalan'lıq. Ol jerde kiyikler jeytug'ın ot-sho'pler ju'da' siyrek. Ol da qar astında

ko'milip qalg'an. Du'z an'ı kiyikler ash bolıp awılg'a awısqan. Suwıqqa ton'ıp, eldi panalap kelgeni g'oy! Olarg'a g'amxorlıq etiw kerek. Olardı ha'zirshe eshki qorada bag'ıp turayıq. Aradan on bes minuttay waqıt o'tti. Men esikti a'ste ashıp, qora betke qaradım. Kiyikler qoradag'ı gu'dige tumsıg'ın tıg'ıp, otlap atırg'an eshkilerdi ko'rdi de, birim-birim kirip atır eken. Ha'mme kiyikler qorag'a kirip bolg'annan son', sırtqa shıg'ıp bildirmey qoranın' awzın bastım. Kiyikler meni ko'riwden u'rkip, sırtqa qashajaq boldı. Biri-birine tıg'ıldı. Eshkiler de da'slebinde ku'tilmegen «qonaqlardı» su'zejaq bolıp umtıldı. Kiyikler eshkilerden qorqıp, qoranın' shetine tıg'ıldı.

Bul ha'reketlerdi sırttan baqlap turg'an ag'am qolına temir jaba alıp, qorag'a kirdi. Gu'dinin' basınan u'sh-to'rt pa'tte jantaq alıp jerge tasladı. So'ytip sırtqa shıg'ıp awzın bastı. Kiyikler ag'amnan qorqıp, tag'ı da qoranın' bir shetine tıg'ıldı. Ash bolsa da jantaqqa awız salmadı. Bizler u'yge kirip, «olardı ne qılar eken?» dep baqladıq. Aradan bir sha'ynek shay iship bolg'anday waqıt o'tkennen son', qora betke na'zer tasladım. «Tamaq paqır tarı tu'ydirer» degen naqıl so'zdi xalqımız tawıp aytqan eken. Kiyikler jerde shashılıp jatırg'an jantaqlardı eshkiler menen qoslıp jep atır. Men olarg'a ma'lel bergim kelmedi. «Otlap toysın» degen oyg'a keldim.

Menin' u'yde otırg'ım kelmedi. Sırtqa shıg'ıp, qoranın' awzına jaqın kelip, kiyiklerge qızıg'ıp qarap turdım. Kiyikler og'ırı sezimshil eken. Qulag'ın tutıp erben'letip, tum-tusqa qarap elen'lep turadı. Shaması, qashıp ketiwge ın'g'aylasqanın sezip turman. Kiyiklerdin' ju'ni ku'l ren', ayaqları eshkinin' ayaqlarına salıstırg'anda uzınlaw, bawırı ju'yregi atlardın' bawırına usap tartılıp tur. Ko'zleri ottay jaynap, jılt-jılt etedi. Tanawınan sırtqa shıqqan jıllı dem tanawının' do'gereginde iynedey shanshılıp, appaq qırawg'a aynalg'an. Tanawınan jıllı appaq puw shıg'adı. Kiyikler mag'an ju'da' sulıw ko'rindi.

Kiyikler ku'n o'tken sayın eshkilerge, eshkiler olarg'a u'yrenise basladı. Men ku'ndegi a'detim, boyınsha shelek tolı jıllı suwdı eshkilerge apardım. Eshkiler suw ishti. Qorag'a kirgen kiyikler mag'an u'lken ermek boldı. Oqıwdan kelip, sabaq tayarlap bolaman. Qoranın' awzına kelip, kiyiklerge qızıg'ıp qarayman. Men olardı sırtqa shıg'armay, qorada o'sirgim keledi. «Kiyikler quralay tuwsa, men olardı baqsam» degen a'rman qıyalımda gezdi.

Aradan sanawlı ku'nler o'tti. Suwıqtın' ırayı kem-kem qaytıp, jer betindegi qarlar eriy basladı. Bir ku'ni azanda, da'sturxan do'gereginde shay iship otır edik. Ag'am so'z basladı:

— Kiyiklerdi qurıdan-qurı ot-sho'p berip bag'a

beremiz be? Onnan da erten' semizlew birewin soyıp alayıq. Bul so'zge apam u'ndemedi. Bul so'z menin' janıma tu'rpidey battı. Men shıdamadım. Ag'ama qarap:

— Soyadı degendi ayta ko'rme! Obal boladı. Soyıwg'a qalay ko'zin' qıyadı? Mektepte mug'allim bizlerge quslardı, haywanlardı qorg'an'. Ko'zdin' qarashıg'ınday saqlan'! Olar jer betinen azayıp baratır — dep edi. Kiyiklerge tiyme, ag'a — dep jalındım.

Ag'am menin' bul g'apimdi o're bastırmadı. Men ag'amnın' o'jetlenip, o'z pikirinen qaytpaytug'ının burınnan biletug'ın edim. Men og'an qaytıp u'ndemedim. Ag'am azanda jumısına ketti. Men kiyikler qamalg'an eshki qoranın' awzına keldim de, esikti ashtım. Tuwdı-pitti ken' jazıq dalada o'z ayag'ı menen erkin o'sip, ilajsızdan qorag'a kirip qalg'an kiyikler sırtqa atılıp shıqtı. Men kiyiklerdin' quwang'anın ishimnen sezip turman. Olar toparı menen shapqılap sekirip, U'stirt ta'repke qaray bag'dar aldı. Men olardın' qarası uzaqlasqansha izinen qarap turdım.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Kiyikler ne sebepten awılg'a keldi?
2. Bala kiyiklerge qanday jaqsılıq qıldı?
3. A'kesinin' pikirine ne ushın qarsı boldı?

4. Mug'allim balalarg'a haywanlardı, quslardı qorg'aw, olarg'a g'amxorlıq etiw tuwralı ne aytqan edi?
5. Kiyiklerdin' eshkilerden o'zgeshelik belgilerin tekstten tawıp, da'pterin'izge jazın'.
6. Gu'rrin'di tu'sinip oqıp, mazmunın o'z so'zlerin' menen aytıp berin'.

# O'ZBEKSTAN QURALLI KU'SHLERİ

## ANA — WATANIMMNIN' QALQAN ULLARI

*Z. Zamatdinov*

Watan shegarasın qorg'ap turg'anlar,
El-jurt xızmetine beldi buwg'anlar,
Kirpik qaqpay tik ayaqta turg'anlar,
Ana — Watanımnın' qalqan ulları.

Elim dep, jerim dep jang'an azamat,
Quwat bergen Watan ana ka'ramat,
Densawlıg'ı bekkem, ba'ri salamat,
Ana — Watanımnın' qalqan ulları.

Birlik ushın belin bekkem buwısqan,
Biri ag'a, biri ini tuwısqan,
Shamshırag'ı lawlap janıp Shıg'ıstan,
Ana — Watanımnın' qalqan ulları.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Qosıqtı ta'sirli etip oqın'.
2. «Ana — Watanımnın' qalqan ulları» degen qatardın' ma'nisin tu'sinip alın'.
3. Watan qorg'awshıları qanday bolıwı kerek?

## WATANDI MA'RTLER QORG'AYDI

14-yanvar — Watan qorg'awshılar ku'ni. Bul bayramdı pu'tkil respublika xalqı ken'nen belgileydi. Bizin' Watanımızdı ma'rtler qorg'aydı. Olar hesh-qashan jen'ilmeydi. Bizler Respublikamızdın' qurallı ku'shlerine su'yenemiz. Arqa-Batıs a'skeriy okruginde de bul ku'n ko'terin'kilik ruwxta ku'tip alındı. Jas a'skerlerge bayram da'sturxanı jayılıp, kontsert bag'darlamaları qoyıp berildi. Jaqsı xızmeti menen ko'zge tu'sken qatardag'ı a'skerlerge estelik sawg'aları tapsırıldı.

Usı ku'ni paytaxtımızdag'ı «Ha'siretli ana» esteligine gu'lshen'berleri qoyıldı.

O'z Ana — Watanının' tınıshlıg'ın qorg'awday minnetli parızın orınlap atırg'an ba'rshe Watan qorg'awshılardı bayram menen qutlıqlaymız!

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Watan qorg'awshıları bayramı qalay bayramlanadı?
2. Xalqımız kimlerge su'yenedi?
3. «Ha'siretli ana» esteligine barıp ko'rdin'iz be?

## Naqıl-maqallar

Eldi su'ygen, elge dos.
Watan — ku'nnen sulıw,
Altınnan qımbat.

Birlik bar jerde.
Tirilik bar.

## ARMİYAM

*X. Saparov*

Tuwılg'annan g'ayratlısan',
Qolda qural aybatlısan'.
Wazıypan'a tayın tursan',
Tiregimsen', Armiyam.

Gu'reslerde boldın' palwan,
İsenimli bekkem qorg'an.
Xalqımızdan quwat alg'an,
Qu'diretlisen', Armiyam.

Ha'dden asıp qutırg'andı,
Ko'zlerine qan tolg'andı.
Elimizge topılg'andı,
Jeksen etken, Armiyam.

Qarıwın'dı biler a'lem,
A'skerlerin' batır gilen'.

Ashıladı qushag'ın' ken',
Dosların'a, Armiyam.

Qırag'ısan' mudam baqlap,
Eldin' isenimin aqlap.
Tursan' tınıshlıqtı saqlap,
Sharshamastan, Armiyam.

Heshbir elge suqpadın' qol,
Go'zlegenin' tınıshlıq jol.
Baxtımızg'a ba'rha saw bol,
Maqtanıshım— Armiyam.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Shayır armiyamızdı qanday sezimler menen jırlag'an?
2. Qosıqtın' qa'legen 3 kupletin yadlan'.

## ATALAR SO'Zİ — AQILDIN' KO'Zİ

### Naqıl—maqallar

Eldi su'ygen, elge dos.

Watan ku'nnen sulıw,
Altınnan qımbat.

Birlik bar jerde,
Tirilik bar.

Miynettin' ko'zin tapqan,
Baxıttın' o'zin tabadı.

Miynet penen ra'ha't,
Ekewi de barabar.

Adam qolı gu'l,
Man'lay teri — nur.

Miynet penen er ko'gerer,
Jamg'ır menen jer ko'gerer.

Miynet tu'bi — ra'ha't.

* * *

Salıg'a suw bersen',
Zu'ra'a'ti mol dersen'.
Erte eksen' paxtanı,
Mol zu'ra'a't tapqanın'.

Jer aydasan' gu'z ayda,
Gu'z aydamasan' ju'z ayda.

To'gin jer ırısı,
Egin el ırısı.

Diyqandıki jılda a'rman,
Balıqshınıki ku'nde a'rman.

* * *

Er jumısı elli boladı,
Ko'p ishinde belli boladı.

İshken-jegenin'e maqtanba,
Ko'rsetken isin'e maqtan.

Mın' ret esitkennen,
Bir ret ko'rgen jaqsı.

Bilegi ku'shli birdi jıg'adı.
Bilimi ku'shli mın'dı jıg'adı.

Oqıg'an ozar,
Oqımag'an tozar.

**Soraw ha'm tapsırmalar:**

1. Naqıl-maqallardı tu'sinip oqıp, ma'nilerin o'z so'zlerin'iz benen aytıp berin'.
2. Sen qanday naqıl-maqallardı bilesen'?
3. U'yge 5-6 naqıl-maqaldı tawıp, da'pterlerin'e jazıp kelin'.

## JUMBAQLAR

*X. Saparov*

Oqıwshının' mudamı,
Papkasında ju'redi.
Qanday baha alg'anın,
Ko'rsen' aytıp beredi.
(ku'ndelik da'pteri)

Kishkene a'piwayı,
A'sbaptın' biri,

Du'nyanın' to'rt jag'ın,
Ko'rseter tili.

(kompas)

Da'rya, ten'iz, taw, qala,
Ko'resen' jaqın arasın,
Turg'an menen aldın'da,
Ko'rmeysen' biraq qarasın.

(karta)

*S. Abbazov.*

O'zi bir zat domalaq,
Tepsen' keter domalap,
Teberin' o'zin' tepsen' de,
Uslaysan' zorg'a quwalap.

(top)

Onısız ku'nin' keshpeydi,
Da'sturxannan tu'speydi.
Ol bolmasa hesh adam,
Ha'tte shay da ishpeydi.

(nan)

**Tapsırma:**

1. U'ylerin'izde bir qansha jumbaqlar yadlap jazıp kelin'.
2. Klasta «Dawam et» oyının oynan'.

## JAN’ILTPASHLAR

1. Menin’ atam ertek aytar,
Arasında jıl qaytarar.
Qartaysa da quwnaq ele,
Jaylaw jaqtan mal qaytarar.

*X. Saparov*

2. Qatar turg’an bes tabaq,
Bar ba’rinde asqabaq,
Bir tabaq bar bas tabaq,
Bir tabaq bar tas tabaq,
Qaysısı onın’ bas tabaq,
Bas tabaq sol tas tabaq,
Tas tabaq sol bas tabaq.

3. Jol u’stinde ana g’arg’a,
Ana g’arg’a ala g’arg’a,
Ala g’arg’anın’ qasında bala g’arg’a.
Bala g’arg’a da ala g’arg’a,
Ala g’arg’a da bala g’arg’a,
Ba’rin tuwg’an ana g’arg’a,
Ana g’arg’a da ala g’arg’a...

*O’. Xojaniyazov*

**Tapsırma:**

1. O'zlerin'iz u'yde jan'ıltpashlardı keminde 3 ret aytıp u'yrenin'.
2. Yadlap alın'.
3. Klasta «Kim shaqqan» oyının oynan'.

# SHESHENLİK O'NERİ

## SHESHENLİK

*(an'ız ha'm a'psanalardan)*

Burıng'ı zamanda Jiyrenshe sheshen xannın' aldına barıp qıysının keltirip so'z aytıp, xannan ha'rbir tapqırlıq so'zi ushın bayraq aladı eken. Bir ku'nleri xannın' bir wa'ziri Jiyrenshenin' alıp ju'rgen bayrag'ın qızg'anıp, bayraqtı o'zi almaqshı bolıp, xang'a barıp:

— Taqsır, men bir shikarg'a shıg'ıp, bir kiyik atıp edim, og'ım barıp on' qulag'ı menen artqı on' ayag'ına tiydi, — deydi.

Xan og'an:

— Qulaq bolsa joqarıda, ayaq bolsa to'mende, qalay ekewine birdey tiyedi? — deydi.

Sol waqıtta wa'zir ne derin bilmepti. So'ytip so'zdi durıs aytalmag'anı ushın o'lim jazasına buyırayın dep turg'anda Jiyrenshe ornınan turıp:

— Taqsır toqtap turın' — deydi. Ol kiyikti atqanda men qasında bar edim. Artqı on' ayag'ı menen

qulag'ına tiygeninin' sebebi artqı ayag'ı menen on' qulag'ın qasıp tur edi — depti.

Sonnan son' xan bayraqtı Jiyrenshege beripti.

### Naqıl

So'z ju'yesin tapsa — mal iyesin tabadı.

## TO'K TAWI

*(an'ız)*

Burıng'ı waqıtları A'miwda'rya Samanbay tog'ayının' u'sti menen arqag'a qaray ag'adı eken. Arqa bettegi el usı A'miwda'ryadan suw iship ku'n keshiredi eken. Sol zamanda bir o'jet da'w da'ryanın' ayag'ındag'ı elge suw bermew ushın baylamaqshı bolıptı. Ayaqtag'ı eldin' adamları bul xabardı esitip, da'wge adam jiberipti.

— Qu'diretli da'w, da'ryanı baylaman'ız! Ne tilesen' de bereyik — dep jalınıptı. Biraq da'w o'jetlikke salıp adamlardın' so'zin tın'lamaptı.

Sol elde bir aqıllı kempir bar eken. Bul xabardı ol da esitip, da'wdin' aldına shıg'ayın, — dep ketipti. Jolda kempirdin' aldınan o'jet da'w shıg'ıp, kempir menen xabarlaspay kete beripti. Kempir da'wdin' o'jet ekenin bilip:

— Balam, da'ryanı baylay g'oy, tastay etip bayla,

ayaqtag'ı suw ishpese, uw ishsin, — dep da'wdi qattı o'jetlendiripti.

Sonda da'w:

— Sendey kempirdin' aytqanın qılatug'ın men be, bar baylamag'anım, — dep etegindegi topıraqtı turg'an jerine to'gipti de, keynine qaray ketip qalıptı. Ha'zirgi To'k tawı sol da'wdin' to'kken bir etek topırag'ı eken deydi.

**Tapsırma:**

An'ızdı dawıslap, ta'sirli oqıp berin'.

## BALANIN' PARIZI

*(ha'disten)*

Payg'ambarımız o'z ha'dislerinde balanın' ata-ana aldındag'ı parızı tuwralı mınanday so'zler aytqan eken:

Ata-ana bir waqıtları tamaq jewge mu'ta'j bolıp qalsa, bala o'z qolı menen talap qılıp awqat jeg'izsin. Eger ata-ana xızmetke mu'ta'j bolıp qalsa, balası mudamı xızmetinde tursın. Ata-anası shaqırsa, «la'b-bay» — dep juwap bersin. Eger ata-ana balag'a gu'na bolmaytug'ın is buyırsa, bala ata-anag'a qayılshılıq bersin. Eger ata-ana kiyim kiyiwge mu'ta'j bolıp qalsa, o'zi tawıp kiyiwge mu'mkinshiligi bolmasa, bala sol kiyimdi tawıp kelip kiydirsin. Bala ha'mme waqıt ata-ananın' keyninde ju'rsin. Aldına tu'sip ketpesin. O'z

kewline ne na'rse jaqsı ko'rinse, ata-anag'a da sol jaqsı ko'rgen na'rseni tawıp beriwi parız bolsın.

Ana kirpik bolsa, perzent ko'z bolar,
Perzent kepter bolsa, ana-jer gu'mbez bolar.
«Analıq haqını tolıq o'tedim»,
Degen ga'p kenewsiz qurg'aq so'z bolar.

*(İ. Yusupovtın' rubayılarınan)*

## KEREK

*A'jiniyaz*

Bahadır g'oshshaq jigitke,
Xalıqqa ma'lim batır ma'rtke,
Bardash berer qayg'ı da'rtke,
Janajan g'ardashı kerek.

Jigit shıqsa uzaq jolg'a,
Jaw-jarag'ın alıp qolg'a,
Sermep qılısh on'lı-solg'a
Jol baslar sa'rdarı kerek.

Sorlı puqara xalıqqa,
Qol sozıp ba'rha jarıqqa,
Ko'nbey birneshe salıqqa,
Jaynap-jasnar zaman kerek.

Shad bolıp da'wran su'riwge,
Payanlı du'nya ko'riwge.
Qatar-qurbı menen ju'riwge,
A'jiniyazg'a zaman kerek.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Qosıqtı ta'sirli etip oqın'.
2. A'jiniyaz shayır xalıqqa kim kerek deydi?
3. Babamızdın' o'zine ne kerek?
4. Sizler qanday zamanda jasap atırsızlar?

## BALAM

*(qosıqtan u'zindi)*

*Berdaq*

Altaqlama, taltaqlama,
Birew urdı dep, jılama.
Ash bolaman dep oylama,
Jigerli bol jastan, balam.

Belin'di buw, jen'in'di tu'r,
Dos-dushpanın'dı sınap ju'r.
Jaqsı so'zge qulaq tu'r,
Jaman so'zden qashqıl, balam.

Malım joq dep hesh mun'ayma.
Berer qudayım man'layg'a.

Dushpang'a tu'spe on'ayda,
Ko'zin'di ashıp ju'rgil, balam.

Jaman bolıp tu'spe ko'zge,
Endirmegil sarg'ısh ju'zge.
Erme tag'ı shug'ıl so'zge,
Jamannan qash jastan, balam.

Man'layın'nan ag'ızıp ter,
Jaqsı-jamandı sınap ko'r.
Jaqsı adamnın' keynine er,
Sonda jolın' bolar, balam.

Ata-anan'dı qa'dirle,
O'lgenin'she jaqsı so'yle.
Mal tapsan' torqag'a bo'le,
O'siwin'e jaqsı, balam.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Berdaq babamız sizlerge qanday na'siyat berip atır?
2. Ha'r kupletti oqıp, onda qanday na'siyat aytılg'anın aytıp berin', ha'r bala bir kupletti oqısın ha'm aytsın.
3. Oqıwshı qanday bolıwı kerek?
4. Qosıqtın' ishindegi na'siyatlardı ata-anaların'ızdan esittin'iz be?

# TO’RTLİKLER

*T. Jumamuratov*

Adam bolsan’ ja’miyetke da’reksen’,
Qosılmasan’, tamırı joq tereksen’,
Oylamasan’ tek o’zin’nen basqanı,
Aytshı qa’ne, sen kimlerge kereksen’.

Ul perzentin’ quwanıshlı toyxanan’,
Qız perzentin’ bolıp keler bay qalan’,
Jaqsı perzent o’mirin’nin’ quwatı,
Qartaysan’ da jasartadı qaytadan.

Egin ta’rbiyası bastan boladı,
Adamg’a ta’rbiya jastan qonadı.
Qarawsız eginnen zu’ra’a’t ku’tpe,
A’depsizlik jang’a dushpan boladı.

Ha’mme na’rse bara-bara tozadı,
Oy toqıydı qıyalımnın’ qozag’ı,
Tozbaq emes bala ushın muhabbat,
Barg’an sayın awırlatar azabı.

Shın dos ju’zge aytıp jaza beredi,
Bilgenge sol aytıw maza beredi,
Dushpan ko’binese xoshamet eti p,
Sırtın’nan go’rin’di qaza beredi.

Bul du'nyanın' atqan ha'rbir tan'ı da,
Bag'ınıshlı ta'biyattın' zan'ına,
Ha'mme na'rse jup-jup bolıp jaralg'an
Tu'n artınan ku'n keledi tag'ı da.

Qaraqalpaq elim qanday jarasıq,
Miyman kelse, kewli tolar qarasıp,
Jerles bolsan', abırayg'a sherik bolıp,
O'mirin'nin' gerbishlerin qalasıp.

Birew awır ayttı, birew attı tez,
Aytqanım sol, qattı so'zge qattı so'z!
Birewlerge tilin' menen oq atıp
Sen olardan ku'tip ju'rme tatlı so'z.

U'zilse gu'l qalar sarg'ayıp solıp,
Meyli sen arıqsan', meyli sen tolıq,
Meyli sen patsha bol, meyli sen gedey,
O'lsen' ten'lesersen' topıraq bolıp.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Qosıqtı ta'sirli etip oqın'.
2. Adam balası qanday bolıwı kerek eken?
3. En' son'g'ı kupletinin' mazmunın mug'allimnin' ja'rdemi menen tu'sinip alın'.

# QAYIR-SAQAWATLI İS

Sawaplı isti ha'rkim ha'r ku'ni islewi kerek

*İ. Karimov*

Tawıq jılının' qısı burıng'ı jıllarg'a salıstırg'anda ju'da' qattı keldi. Jer beti qıstın' aq ko'rpesin ko'p waqıttan beri bu'rkenip atır. Qar quyash nurı menen azg'ana erigeni bolmasa aqshamg'ı ayazg'a shıdamay tag'ı da muz bolıp qatıp shıg'adı. Eger etigin' menen qardı basa g'oysan' ol g'ashır-g'ashır etip ses shıg'aradı. Awız, murın arqalı shıqqan jıllı dem sırtqı ayaz benen aqshıl ren'li puwg'a aylanadı.

Bu'gingi aqsham burıng'ı jawg'an qardın' u'stine tag'ı da qar jawıp shıqtı. Onın' qalın'lıg'ı dizege keledi. Adımın'dı atıp erkin ju're almaysan'. Ombalap qalasan'.

Men qar jawıp shıqqan aqsham jatqan ornımnan erterek oyandım. Kiyindim de qolıma ag'ashtan islengen gu'rek alıp esik aldında ko'lbep jatırg'an qardı arttım. U'yge kelip bet-qolımdı juwıp, apam demlep qoyg'an azang'ı shaydı ishtim. Mektepke barıw ushın sumkamdı asınıp, sırtqa shıqsam, esik aldında klaslasım Murat ta kelip tur eken.

Esik aldında ko'silip jatırg'an asfalt jolg'a jawg'an qarg'a ele iz tu'se qoymaptı. Joldan bir avtomashina

o'tipti. Sol mashina do'n'geleginin' ju'rip o'tken izi menen eki-u'sh adam baratug'ın ta'repine qaray ketip baratır. Bizler de solardın' izin alıp mektepke kiyatırmız.

Ko'shemizde jası alpıslardan o'tin'kiregen Sa'pu'wra degen apamız jasaydı. G'arrısı bunnan bes-altı jıl burın qaytıs bolg'an. O'zi de japsaqlı. Tayaqqa su'yenip zorg'a ju'redi. Shan'arag'ındag'ı man'layına tutıp otırg'an jalg'ız balası da Awg'anstan urısı waqtında ma'rtlershe qurban bolıp, denesi temir tabıtta u'yine a'kelingenin biletug'ın edim. Sa'pu'wra apamız da'rtli edi. Balasın qayg'ırıp jılag'anda etegi jasqa toladı.

Sa'pu'wra apamızdın' esiginin' aldı da qarg'a ko'milip qalg'an. Sırttan birew kelip mına qardı tazalap bermese, qapısının' ashılıwı na'gu'man. Men bunı ko'riwden Sa'pu'wra apamızg'a rehimim keldi. Eger onın' mendey balası tiri bolg'anda, esiginin' aldı bunday bolıp qarg'a ko'milip jatpas edi. A'tten', balası biymezgil ko'z jumdı. Men qasımda kiyatırg'an Muratqa bılay dedim:

— Murat sen, sabag'ın'nan qalma. Qalsam men qalayın. U'yge qaytıp barıp, u'stime jumıs kiyimimdi kiyeyin. Qolıma gu'rek alıp Sa'pu'wra apamızdın' u'yinin' aldın ko'milip atırg'an qardan tazalayın. Sen menin' usınday sebeplerge baylanıslı birinshi saattag'ı

sabaqqa bara almag'anımdı mug'allimge aytıp bar. Ekinshi saatqa u'lgeremen. Eger ekewimiz de usı jerde qar tazalap qalsaq, bizler jo'ninde mektepke kim xabarlaydı?!

Murat menin' bul pikirimdi maqul ko'rdi. Ol mektepke, men u'yge qaytıp aynalıp keldim. Men bul haqqında ata-anama ayttım. Olar da menin' bul pikirimdi xoshladı. — Ja'rdem qolın'dı soz balam. Ol biytap g'oy. O'serin'e jaqsı balam. Sawaplı is etkenin' jaqsı boladı, — dedi apam. Men qolıma gu'rek alıp Sa'pu'wra apamızdın' u'yinin' aldına keldim. Gu'rek penen qardı tazalawg'a kiristim. Joldan o'tken jolawshılar mag'an:

— Ba'rekella balam! Sa'pu'wra apan'a sawaplı is etipsen'. Usınday ja'rdemge mu'taj adamg'a etken xızmetin' tiyedi, — dep alg'ıs so'zlerin jawdırıp atır. Qalın' qardı artıp atırg'an gu'rektin' sestin esitti me, yamasa o'zi uyqısınan oyandı ma? Sa'pu'wra apamız kiyinip ishten qapını ashıp sırtqa shıqtı. Bul waqıtta men onın' esiginin' aldın qardan tazalap artıp bolıp edim. Onı ko'riwden: — Assalawma a'leykum apa! — dep ta'n'ir sa'lemdi berdim. Qolınan aldım. Sonda ol:

— Saw bol, uzaq jasa, balam! Ata-anan' saw otır ma? Ha'zir mag'an qulınım Baxıt tirilip kelip (Awg'anstanda qaytıs bolg'an balasının' atı Baxıt edi)

esigimnin' aldın jawg'an qardan tazalap atırg'anday boldı. «El ishi — altın besik» — degen ıras eken. Xalqım bar jerde, sizlerdey ullarım bar bolsa men xor-zar bolmayman. Xalqım mag'an usınday etip mehir qolın sozıp atır. Olar menin' densawlıg'ımdı, awhalımdı soraydı. Keshe menin' u'yime respublikalıq balalar qorının' xızmetkerleri keldi. Jag'dayım menen tanıstı. Elimnin' usınday g'amxorlıg'ına menin' kewlim ko'terilip qaldı. Men bug'an shu'kirlik etemen. Bawırman xalqımnın' birewi — o'zin'sen' balam. Oqıwın'nan, sabag'ın'nan qalma. Endi men u'yden sırtqa erkin shıg'a alaman. Esigimnin' aldı qardan tazalandı. Balam, kewlin'e appaq qarday nur quyılsın.

Men Sa'pu'wra apamızdın' ju'reginen shıqqan usınday jıllı so'zlerin esitip, mektepke barıw ushın u'yge qaray qa'dem tasladım.

*X. Saparov*

**Sorawlar:**

1. Azanda uyqısınan oyang'an bala ne isledi?
2. Oqıwshılar neni ko'rdi?
3. Balag'a ata-anası, Sa'pu'wra apa ne dedi?
4. Sizler usınday islerdi isley alasız ba?

## Naqıl

Jaqsılıq jerde qalmas.
Altın alma — alg'ıs al.

# MA’N’Gİ QALAR JAQSILIQ

*D. Allamaxova*

Qansha jasasan’ da jerdin’ ju’zinde,
Sharapatlı is qaldırsan’ izin’de,
Sonda xalıqqa jarqın bolar ju’zin’de,
O’mir qısqa tolqın o’tip baratır.

Jaqsılıq qıl, jaqsı g’ana is do’ret,
İsin’de, so’zin’de bolmasın illet,
Qalıs izzet etgil, etpegil millet,
O’mir qısqa tolqın o’tip baratır.

Jaqsıdan a’jayıp jaqsı is qalar,
İzgi a’wladları bilip na’r alar,
Sennen bul da bir sawg’a bolıp qalar,
O’mir qısqa tolqıp o’tip baratır.

Jaqsı bolsan’ el ko’terer atın’dı,
Qa’sterleydi seni, jaqın — jatın’dı,
İsmi — sha’riypin’di, haslı zatın’dı,
O’mir so’ytip, tolqın o’tip baratır.

**Sorawlar ha’m tapsırmalar:**

1. Qosıqtı ta’sirli etip oqın’.
2. «Ma’n’gi qalar jaqsılıq» dep shayıra apamız sizlerge nelerdi na’siyat etip tur?

*«Qayırlı ha'm sawaplı isler-insandı tu'rli ba'le-qadadan saqlaydı»*

Ha'disten

## SAWAPLI İS

*X. Saparov*

Hu'rmet etip ka'sip-ka'rin,
Kimler qanday bildi barın,
Xojalıqta ken'nen ashtı,
Sawap istin' esiklerin.

Eger jayı tursa tozıp,
Jan'aladı qayta buzıp,
Jetim-jesir,g'arrılarg'a,
Keldi mudam qolın sozıp.

Bolsa eger jası u'lken,
Orın beredi sıylap to'rden,
Ta'miyinlep mu'ta'j zatların,
Ortalıqtan beredi ja'rdem.

A'dil bolıp sheshti dawdı,
El basqarıp kamal tawdı,
Dan'qı tarap elden elge,
Saqawattın' nurın jawdı.

Teren' oylap aldı-artın,
Kesip aytar so'yler ga'pin,

Suwday ishken nızamlardı,
Qorg'ap mudam insan ma'pin.

Xojalıqta jaysız bar ma,
Jay berildi jaysızlarg'a,
Xojalıqtı keme desek,
Ag'ıtayın' boldı darg'a.

## JAQSILIQ JERDE QALMAS

*A. Avloniy*

Bir ha'rre suw u'stinde ushıp ju'rer edi. Birden suwg'a jalp etip tu'sip ketti. Qanatları ıg'allanıp, ushıwg'a da'rmanı bolmadı. Bunı bir kepter ko'rip, ha'rrege rehimi kelip, da'rhal bir sho'pti tislep, suwg'a tasladı.

Biyshara ha'rre, sho'pke o'rmelep minip alıp, onı keme qılıp, suw ba'lesinen qutıldı. Aradan ko'p waqıt o'tpedi. Bir bala duzaq qurıp, kepterdi uslamaqshı boldı. Ha'rre bunı ko'riwden-aq, balanın' qulag'ın shag'ıp aldı. Bala qulag'ının' awırg'anına shıdamay, duzaqtı taslap jiberip qulag'ın usladı. Kepter ha'rrenin' jaqsılıg'ın bilip, ushıp ketip, o'limnen qutıldı.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Kepter menen ha'rre bir-birine qanday jaqsılıq etti?
2. Sizler sol balanın' maqsetin qalay bahalaysız?
3. «Quslar bizin' dostımız» degen temada gu'rrin'lesin'.

# IRASLIQ

*S. Nurımbetov*

Satıp alg'an kitabı,
Ju'z otız sum turadı,
Shınında da bul jerde,
Aljasıq sawda boladı.

Murat eki ju'z sum sozg'anda,
Satıwshı turıp al sonda,
Muratqa ju'z eliw sum
Qaytarıp bergen tez qolg'a.

An'lamaptı Murat ta,
Jolg'a shıg'ıp uzaqqa,
Tekserip ko'rse usınday,
Qalg'anday u'lken uyatqa.

Bul iske bala o'kindi,
Urlıq etken sekilli,
Satıwshıg'a keldi de,
— Haqın'dı al — dep o'tindi.

Satıwshı tartıp mıyıg'ın,
Salıp ko'zdin' qıyıg'ın,
Alg'ıslar aytıp ol qaldı,
Murattan alıp qalg'anın.

Sonda Murat balanın',
Ko'rdim maqset talabın,
Balalardın' ba'rin de,
Haq ju'rek dep sanadım.

**Tapsırma:**

1. Qosıqtı dawıslap oqıp, mazmunın o'z so'zlerin' menen aytıp berin.

## HADALLIQ

*(gu'rrin')*

Quyashlı ıssı ku'nlerdin' biri edi. Azat penen Marat bag'qa keldi. Bag' salqın ha'm ha'zlik edi. Balalar bag'da top oynadı ha'm dem alıw ushın orınlıqqa kelip otırdı.

Sol orınlıqqa bir hayal kelip otırdı. Onın' qolında kishkene balası bar edi. Ol hayal qolındag'ı sumkasın orınlıqqa qoydı.

Ku'tilmegende, sebelep jawın jawa basladı. Jan'ag'ı hayal asıg'ıslıq penen ornınan turdı da balasın ko'terip u'yine qaray juwırıp ketti.

— Ananı qara, Azat, orınlıqta bir kishkene sumka jatır! — dedi Marat.

Bul sumkanı jan'ag'ı hayal umıtıp qaldırg'an shıg'ar. Onın' izinen juwırayıq, sumkasın o'zine tapsırayıq, — dedi Azat. So'ytip olar sol hayaldın' izinen juwırıp keldi de:

— Siz orınlıqta sumkan'ızdı qaldırıpsız, — dep sumkanı og'an berdi.

Ol hayal ju'da' quwandı ha'm balalarg'a qayta-qayta alg'ıs ayttı. Azat penen Marat o'zlerinin' islerine qanaatlanıp u'ylerine qayttı.

A'. Seyitjanov.

**Sorawlar:**

1. Balalardın' qasına kim kelip otırdı?
2. Marat orınlıqta neni ko'rdi?
3. Jas balalı ananı kimler quwandırdı?
4. Hadallıq dep neni tu'sinemiz?

### Naqıl

Jaqsılıq is qayda bolsa,
Jaqsı ataq sonda boladı.

## HU'JDAN BUYRIG'I

*(gu'rrin')*

Aprel ayının' aqırı. Quyash appaq, top-top bultlar arasınan o'zinin' ran'ba'ra'n' nurların shashıp, jerge sewip tur. Ko'shede og'ada adam ko'p. Ha'mmesi asıg'ıs. Birew u'yine qaray asıqsa, ekinshi birewler du'kang'a qaray tez-tez ju'rip baratır. Aqırı tu'slik waqıtı da! Mektepten qaytqan A'liysher menen U'mit asıqpastan jol boyı bir na'rseler haqqında so'ylesip kiyatır. Ha'reketlerinen futbol haqqında ekenin seziw

qıyın emes. Sekirip bir na'rseni tepkendey boladı, birin-biri maqullaydı. Jol burılmag'a kelgende U'mit:

— A'liy, tobın'dı erten' de alıp kel? Sabaqtan keyin oynaymız, — dedi.

— Bu'gin mug'allimnen ga'p esittik, eger toptı erten' ja'ne ko'rse, sabaqtan quwıp jiberedi.

— Yaq, qorqpa o'zim jasırıp qoyaman, heshkim ko'rmeydi. Alıp kele ber, yaqshı ma?

A'liysher jaqsı bala. Sabaqlarınan da jaqsı oqıydı. Muzıka mektebine de qatnaydı. Ko'rkem a'debiy shıg'armalardı da ko'p oqıydı. «Jigitke qırq o'ner de az» degendey su'wretke tu'siriwge de qızıg'adı. Anası onın' bul qızıg'ıwshılıg'ın sezip,og'an fotoapparat ha'm su'wret shıgaratug'ın kerekli a'sbapların da satıp alıp berdi. Biraq og'an haqıyqıy su'wretshi bolıw ushın ja'ne fotovspıshka ha'm fotoglyantsevatel kerek. Usılardı satıp alıwg'a ol anasınan ja'ne aqsha sorawg'a batına almadı.

Joldın' shetinde toptı domalatıp tewip kiyatırg'an A'liysherdin' salma jag'ısında jerde jatırg'an shıjlang'a ko'zi tu'sti.

— «Haw, shıjlan!»

Juwırıp barıp aldı da, a'tirapına qaradı. Heshkim joq. Shıjlan qaltanın' ishinde 15200 sum aqsha ha'm pensiya da'ptershesi bar eken. Ol quwanıp turdı ha'm a'tirapına bir qaradı da:

— A’ne, endi vspıshka da, glyantsevatel de qolda — dedi o’zinshe. A’liysher u’yine qaray tez-tez adımlap ju’rip ketti. U’yge kele sala sheshine basladı. Salqın jayda awqatlanıp, shay ishkenge ne jetsin! A’sirese, quwanıp kelgende. Awqatlanıp otırıp ol qıyal su’re basladı. Puldı ja’ne sanap ko’rgisi keldi. Alıp sanadı. Pul menen shıjlan qaltanın’ ishindegi pensiya da’ptershesin alıp, biraz qarap turdı, son’ ashıp oqıy basladı. Onın’ iyesi Babajanov Ma’demin degen kisi eken.

A’liysherdin’ oyları birden o’zgerdi. Da’ptershesin jog’altqan kisinin’ awhalı ne bolıp atır eken eken? Ko’p izlegen shıg’ar! Endi taza da’pter alıw ushın qansha a’were boladı. A’liysherdin’ ol kisige rehimi keldi. Aqırı mektepte de, u’yde de: Tawıp alg’an na’rseni iyesine qaytarıp beriw kerek, — dep u’yretti g’oy!... Ol ma’kan jayı jazılg’an qatarlardı oqıdı Miyweli bag’—14...

Ol sol ku’ni anasına heshna’rse aytpadı. Erten’ine barıp, pul tawıp alg’anın ha’m og’an fotoapparatına kerekli zatların satıp almaqshı ekenin ayttı. Pensiya da’ptershesine qarap biraz oylanıp qalg’an anası og’an tik na’zer menen qarap turdı da:

— Balam, puldı tawıp alg’an men emes, sen! Hu’jdanın’nın’ buyırg’anın’ isle, — dedi de, bo’lmeden shıg’ıp ketti.

Ekshembi ku'ni A'liysher taza kiyinip, ko'shege shıqtı. Ba'ndirgige barıp trolleybus ku'tti. Ol trolleybustan tu'sken jerdegi ko'shege Miyweli bag'-14 — dep jazılg'an edi...

Ol u'yge qaytıp kirip, bo'lmesine kirgende stol u'stinde tap-taza fotovspıshka ha'm fotoglyansevatel jatır edi...

(«Jetkinshek» gazetası)

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. A'liysher mektepten kim menen qayttı, olar ne tuwralı so'ylesti?
2. A'liysher joldan ne tawıp aldı, ne ushın quwandı?
3. Onın' oyının' birden o'zgergen qatarların tekstten tawıp oqın', o'z pikirlerin'izdi aytın'.
4. A'liysherdin' anası ne dedi, keyin qanday sheshimge keldi?
5. Gu'rrin'di ta'sirli etip oqın', mazmunın o'z so'zlerin' menen aytıp berin'.

## Naqıllar

Haq joldı tap ta ayırılma,
Hadallıq qalar ma'n'gige

Ag'ashqa miywe pitken sayın to'menshik.

Bolar bala bes jasınan belgili.

# EKİ TAYINSHAQ

*(gu'rrin')*

*K. Allambergenov*

Bir tayınshaq enshisi edi. Sharwadag'ı dayısı keshegi kelgeninde a'kelip ketti. Jiyenimnin' qolında ju'rip u'yrengeni jaqsı, eleberin minip ju're me depti. Jiyeni quwanıp qalıp edi. Jaqınnan beri o'kpesi qara qazanday qusaydı. Tayınshaq qashıp ketipti. Bul xabardı esitken dayısı ja'ne keldi. Tayınshaqtı qaytıp a'kelipti.

—Qorag'a tas qılıp bir-eki ku'n qamap qoy. U'yrenisken son' hesh jaqqa barmaydı. Al, jiyenim, bekkem bol, jaqsı attın' tuqımı. Toyg'a shabasan' ele...

Qashıp kete bergen son' paydası ne? Tayınshaq birde kelip, birde ketip ju'rgen son', balanın' tayınshaq penen de isi bolg'anı joq. Oqıwına qatnap ju're berdi.

Bir ku'ni ag'ası:

— Tayınshaqtı satıp jibereyik, balam, — dep onın' aldına kirdi. Onın' ornına bir velosiped alıp bereyik sag'an. Bala qaytama quwanıp ketti. Mektepke velosiped penen zırlap barg'ang'a ne jetsin! Ana jıltırawıq rushkasına maqtanıp ju'rgenlerdi mingizbey ketedi g'oy ele.

Sonın' menen tayınshaq satılıp ketti. Biraq ja'ne

bir tayınshaqlı bolaman g'oy dep oylag'an edi. Ol suwdın' ishinen tabıldı. Suw bolg'anda da shalshıq suw. Biyshara awızı-murnına suw kirip, ornınan tura almay tarbayaqlap atır eken. Do'gerekte jılqı atawlısı ko'rinbeydi. Tek g'ana sabattın' qaptalları jaynag'an tuyaq izleri... Ag'ası ekewi onı u'yine alıp keldi. Bala bolsa pa'rmana bolıp ju'r. Aldına sho'p saladı, su't qoyadı. «Sup-sulıw eken», — dedi ishinen. Qa'ytkende de bir tayınshaqlı bolıp qaldı. Biraq tayınshaq kimdiki, ol ne qılg'an tayınshaq?...

İyesi shıqqansha saqlap turayıq — dedi ag'ası. Bala qılar emes.

— Ol o'zimnin' tayınshag'ım g'oy. Men tawıp aldım.

— Tawıp alg'an zat seniki bola bermeydi balam!

— Yaq, ba'ribir meniki! Baxtına iyesi de hesh jerden shıqpadı. Ag'ası sorastırıp ko'rip atır. «A'y sira' fermanıki shıg'ar-aw» degen oydan da awlaq emes. Biraq mına balası tu'spegir...

— Tayınshaq kerek bolsa, nege anaw ku'ngini sattırdın', — dep urısadı anası. Urıssa-urıssın ba'ribir tayınshaqtı bermeydi. Bir jaqsı tayınshaq eken da' aqırı. Sira' qashıp ketpeydi. A'bden u'yrenisip qaldı. Birge oynaydı. Jolg'a shaptı. Tulpar dep usını ayt! Quldırap shawıp Murattan ozıp ketedi ha'm anaday jerge barmay-aq irkilip moynın burıp qarap turadı.

Son'g'ı ku'nleri bunın' menen mektepke erip baratug'ın a'detti shıg'ardı. Talay sapar quwıp ta ko'rip atır. Meyli barsa-bara bersin-aw, biraq a'lleqaytıp... Ne degen menen aqılı barg'a usaydı. Ol sabaqtan shıqqansha tabjılmay ku'tip turadı. Tu'simpazın qa'ytersen'. Balanın' quwanga'nın, ya qıynalg'anın bile qoyadı.

— Bir ku'ni ag'ası jaman xabar tawıp keldi. Tayınshaq fermanıki bolıp shıg'ıptı.

— Ba'ribir bermeymen!

— Bermesek bolmaydı, balam, — dep tu'sindirgen boldı a'kesi.

— Anaw jılqıman biysharag'a ja'bir bolatug'ın boldı. Qılar emes. Qoranı tas-qamal etip qulpırıp tasladı. O'zinen basqa tiri jandı jolatpaydı.

— Tayınshaq satıp alıp bere qoyın'. Ba'ribir bermeymen. Aytpashaq bizin' velosipedti satıp, ornına tayınshaq alın'.

— Og'an tayınshaq kelmeydi g'oy, balam.

— O nege? Tayınshaqqa velosiped keledi. Velosipedke nege tayınshaq kelmeydi? Qullası onın' menen kelisiw qıyın boldı. Egiz qozıday tirteklesip ele ju'ripti. «Ju're bersin-aw, a'tten'...»

Azanda mektepke kelse, Jaqsılıq joldan aqhsa tawıp alıptı 100 sum!

— Kimdiki? — dep bir-birine hayran qalıp qarasadı balalar. Heshkim u'ndemeydi.

— O'zin' alsesh — dep, birew oylanbay aytıp saldı. Klasta shawqım ko'terildi.

— Mug'allimge aytamız, mug'allimge aytamız!

— Nege aytasız? — dep urtın tompayttı tawıp alg'an bala.

— Men onı iyesine tapsırmaqshıman.

— İyesi kim? Sonın' arasında mug'allim de kelip qaldı. Aradan bir ku'n o'tpey-aq aqshanın' iyesi de tabıldı. Bir g'arrının' pensiya aqshası eken. Biyshara g'arrı quwang'anınan Jaqsılıqtı balasınday bawırına basıp, qayta-qayta su'yip atır.

— O'nip-o'sersen', balam. A'ne adam degen usınday bolıwı kerek!

— Jaraysan', Jaqsılıq!-dep mug'allim de maqtadı. Tawıp alg'an zattı iyesine tapsırıwdın' o'zi u'lken adamgershilik. Bizlerdin' aramızda tawıp alg'an zatın iyesine tapsırmay qalatug'ın balalar joq. Solay emes pe Murat? Mug'allim onı jaqsı ko'reretug'ın edi. Sonlıqtan og'an ko'zi tu'sip ketti de, solay dedi. Biraq bunın' tayınshaq tawıp alg'anınan biyxabar edi. Bala selk ete qaldı. «Qaydan bilip qoydı eken?» Ol birazg'a shekem burıshtay qızarıp otırdı da ornınan turıp:

— Mug'allim, men de tapsıraman! — dep aytıwı ma'ttal, to'men qaradı. Beti narttay janıp baradı.

— Neni?

— Tayınshaq tawıp alg'an edim.

Balanın' dawısı bir na'rseden qorqqanday qaltırap shıqtı. Biraq, nelikten de ha'mme og'an su'ysinip, ha'm tan'lanıp qaradı.

Erten'ine tayınshaqtı ilajsız fermag'a uzatıp saldı. Ja'niwar keynine jalt-jalt qarap ketti.

Tan' aldında a'llenetken gu'birliden Murat shorshıp oyandı. Bayg'us tayınshaq qoranın' qasında aylanshıqlap, kim shıg'ar eken degendey esikke moynın sozıp, dilgir bolıp tur eken.

**Soraw ha'm tapsırmalar:**

1. Murattın' sharwadag'ı dayısı enshige ne berdi?
2. Murat velosiped alıp beremen degen a'kesinin' so'zine ne ushın quwandı?
3. Muratqa ekinshi tayınshaq qaydan payda boldı?
4. Murat a'kesi menen ekinshi tayınshaq tuwralı ne ushın kelispedi?
5. Tekstten Murattın' tayınshaq tuwralı so'zlerin tawıp oqıp berin'.
6. Muratqa mug'allimnin' qaysı so'zi ku'shli ta'sir etti?
7. Gu'rrin'di tu'sinip oqıp, mazmunın o'z so'zlerin'iz benen aytıp berin'.

# ETİK

*(gu'rrin')*

*K. Pazılbekov*

Ol jılları ku'ta' qıtkershilik bolg'anlıqtan ba bizin' awılda etik hesh jerden tabılmay, balalar ayaqlarına sharıq islep kiyer edi.

Qon'sımızdın' balası Qıtaybek ha'r bazar sayın qalag'a barg'anda shılt jan'a etik tu'skenin aytıp meni qızıqtıratug'ın edi.

— Apa, — dedim bir ku'ni kiyiwge a'bden qumartqanlıqtan shıday almay, — mag'an da etik satıp a'kelip berin'!...

Apam mıyıg'ınan ku'ldi ha'm ko'pke shekem tım-tırıs bolıp otırdı da:

— Asıqpa, balam! Oqıwg'a barg'annan keyin alıp beremen, so'ytti de, — a'ne ko'rdin' be, — dep ko'z ushında buldır-buldır ko'ringen appaq bir jaydı qol ushı menen nusqap ko'rsetip: — Sol sizler oqıytug'ın «U'shkilin'iz» balam, — dedi.

Men «U'shkil» degen so'zdi burınnan-aq esitiwim bar bolsa da onın' ishinde ne bolatug'ının bilme-genlikten barlıq oy, ıqlas ha'm ju'regim solay qaray ushtı da turdı. «Ele u'shkilge» barıwg'a bir ayg'a shamalas bar bolsa da, o'z ko'zim menen ko'rme-genshe taqatım shıdamay, «Ne de bolsa ko'rip qay-

tayın» degen oy menen anamnan jasırınıp «U'shkilge» qaray hayt qoydım. Jolda birew bolmasa, birew ko'rip qoyıp g'ırra izime qaytarıp jiberer dep o'zime-o'zim isenbey tasa-tasa menen buqqıshlap ju'rip otırdım. A'dewir jol ju'rip mektepke shekem jaqınlap qalg'anımdı da bilmey qalıppan. Sonday a'jayip sup-sulıw appaq jayg'a su'ysinip qaray berippen. Su'ykimliligi sonshelli, ko'zime ıp-ısıq ko'rinip ketti.

Endi g'ana ishke kiriwge bet alıp baratır edim, sırttan birewdin':

— Ha'y, bala! — degen so'zi ornımda birden toqtattı.

To'bemnen muzday suw quyg'anday, etim tu'rshigip birden qaltırap sala berdim. O'zimdı ayıplı adamday sezip bir uwıs boldım da qaldım. Biytanıs kisi qasıma kelip tas to'bemnen qarap:

— Ne qılıp ju'rsen'? Qa'ne jog'al ko'zime ko'rinbey! — dedi de ol mag'an alıp-topılıp «u'nimdi o'shirejaq bolıp edi, biraq sırttan tasır etken a'llebir ku'sh onı qalpaqtay ushıradı. Pa'njesinen qutılg'anıma quwanıp zıtıp baratır edim, «toqta» degen so'zdi qulag'ım shalıp qaldı. Artıma aylanıp qarasam awılımızdın' mug'allimi Ernazar jan'ag'ı kisi menen qırrampısh bolıp atır eken. Ga' bu'kke, ga' shalqasına tu'sip, birin-biri jiberer emes. Qa'pelimde biytanıs kisi, jıp-jıltır mu'yiz saplı qanjarın suwırıp aldı da,

Ernazarg'a siltey bergeni, menin' jan-iymanım qalmay ayag'ıma shekem qaltırap ne qılarımdı bilmey, ko'zimdi tarsa basa qoydım.

— Ah, Ernazar o'ldi-aw! — dep ko'zimdi barmaqlarımnın' arasınan sıg'ıraytıp qarasam ol biytanıs kisinin' ko'kirek awzına minip alg'an eken. Al, pıshaq bolsa tuw anaday jerge yarım beline shekem shanshılıp jatır.

Dug'ıjım, jumırı bilekli jigittin' mıjg'ılawına biytanıs kisinin' a'bden silikpesi shıg'ıp, so'ylewge de halı kelmey sılq etip quladı. Sonın' arasınsha bolmay-aq haplıg'ıp juwırıp kiyatırg'an ja'ne bir adamnın' to'besi ko'rindi. Bular mug'allimnin' nag'ız qas dushpanı ekenligin tu'singen Ernazar mag'an qarap:

— Awılg'a juwır! Adamlarg'a xabarla! — dedi.

Onın' keyingi so'zlerin esitpey-aq awılg'a qaray zın'g'ıdım. Menin' o'kiren' ushıp kiyatırg'anımnan qa'weterlengen awıl adamları aldıma tuwra juwırıp shıqtı da hawlıqqan pishinde:

— Ne boldı, amanlıq pa, balam? — dedi u'sti-u'stine qaytalap.

Tilim awzıma sıymay, shıp-shıp terge batıp qalg'anlıqtan shıg'ar, tutlıg'ıp so'yley almadım. Tek g'ana «Aq u'shkil»ge ayanıshlı tu'r menen qarap qolımdı qayta-qayta shoshayttım.

Ja'n-jaqtan jıynalıp qalg'an adamlar so'zdin' to'rkinine tu'sindi de ha'mmesi birden solay qaray juwırıstı. Keshke taman bizin' u'yge man'layın qalın' bo'z benen baylag'an Ernazar mug'allim jetip keldi.

— Raxmet, Qa'lligu'l sheshe, — dedi ol ku'limsirep, — quwana berin'iz. Balan'ız u'lken erlik isledi. Ol nag'ız azamat eken. Eger de Batırbay bolmag'anda menin' nabıt bolıwım mu'mkin edi, — dedi ol ırza bolıp. Ernazar o'zinin' aytqan g'a'plerine apamnın' tu'sinbey turg'anın sezip, tu'sindirgisi kelip:

— Na'letiy, haramı dushpanlardı awıl adamlarının' ja'rdemi menen uslap, tiyisli jerine tapsırdıq — dedi kegi qaynap. Apam ga' mag'an, ga' mug'allim jigitke an'-tan'ı shıg'ıp qarap qaldı. Birazdan keyin analıq miyrimi menen meni bawırına basıp shashımnan sıypap otıra qaldı.

Erten'ine apam mag'an aytpastan a'llebir jaqlarg'a jollandı. Ku'n awıp pesin waqıt bolg'ansha kelmedi. Men apamnın' bu'ytip keshikkenine tınıshsızlanıp u'yde otıra almay waqtı-waqtı jolg'a shıg'ıp qarayman, biraq keletug'ın apam joq. Kesh bolg'an waqıtları sırttan birew esikti «shıyq» ettirip ashtı da, ishke kirdi.

— Apa, — dedim quwang'anımnan sekirip turıp.

— Haw, qulınım, sag'ınıp qaldın' ba?...

Ol uzaq joldı jayaw ju'rip kelgenlikten, tership qalg'an man'layın oramalı menen su'rtti. Keyin qapshıg'ının' awzın sheship ishinen bo'z oramal menen baylang'an u'lken bir zattı qolına alıp:

— Ma', balam, bunı sag'an arnap alıp keldim.

Men onın' ne zat ekenligin ayıra almay tu'yinshikke uzaq tigilip qaldım. Apam ma'si-gewishin sheship atırıp:

— Onın' nesine u'n'ilip tursan'? Etik g'o, — dedi.

— Ya?!...

Men tun'g'ısh ma'rtebe jan'a bılg'arı etik kiyetug'ın bolg'anlıqtan quwanıshım qoynıma sıymay, ju'regim sha'wkildep:

— Apa, apajanım! — dep boyına shapshıp, onın' a'jim basqan miyrimli ju'zinen «shorp» ettirip su'yip alg'anımdı eskermeppen-aw!...

**Sorawlar:**

1. Balanın' mektepke keliw sebebi ne?
2. Ol qanday waqıyanın' u'stinen shıqtı?
3. Ernazar kim edi? Ayqasıwdın' tiykarg'ı sebebi ne?
4. Anası balasına bazardan ne a'kelip berdi?
5. Bala ne ushın quwandı?

# ARAL TA'G'DİRİ — EI TA'G'DİRİ

## ARAL TEN'İZİ

Respublikamızda en' u'lken sulıw suw an'g'arı bolg'an bul ko'ldi ko'pshilik adamlar ten'iz dep ketken. Ha'tteki a'debiy terminlerde de Aral ten'izi dep ataladı. Bug'an birden-bir sebep, Araldın' atqaratug'ın xızmeti bolsa kerek.

Aral ko'lemi jag'ınan elimizdegi ko'ller ishinde ekinshi orındı iyeleydi. Al, onın' xalqımızg'a berip atırg'an balıq, baylıg'ınan basqa suw qatnası jolında da a'hmiyeti u'lken edi. Biraq usınday u'lken a'hmiyetine, alıp turg'an ko'lemine qaramastan geografiyalıq jaqtan Aral — ko'l dep esaplanıladı. Sebebi, ol kontinent orayına jaylasıp, okean menen tutaspag'an.

Araldın' en' teren' degen jeri 65,5 metr, al ortasha teren'ligi 13 metr. Og'an A'miw ha'm Sırda'ryanın' suwları quyıladı. Aral ko'linde burınları balıqtın' 20 tu'ri bolgan bolsa, keyin ala elimizdegi basqa suw basseynlerinen alıp kelip klimatlastırıw na'tiyjesinde balıqlardın' tur'leri ja'ne de ko'beygen edi.

Biraq son'g'ı 20 jılda Araldın' suwı a'dewir da'rejede tartılıp qaldı. Suw betinin' ko'lemi aytarlıqtay azaydı. Burın ko'p mug'darda awlanatug'ın balıqlardan:

sazan, su'wen, marqa, aq shabaq, shortan, qızıl qanat, az mug'darda bekire ha'm tag'ı basqa da balıqlar og'ada azayıp ketti. Ha'zirgi waqıtta Araldın' suwın burıng'ı qa'ddine keltiriw ushın pu'tkil jer ju'zindegi aldıng'ı qatarlı ellerde iri ilimiy mekemeler jumıs islep atır.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Ko'l ha'm ten'iz atamalarının' ma'nisin tu'sindirin'.
2. Aral ten'izin ne sebep ko'l dep ataymız?
3. Aral burın qanday bolg'an?
4. Araldın' ha'zirgi jag'dayı qanday?

## ARAL

*T. Qabulov*

Sen jatırsan', ushardan atıp,
Tu'sirilgen torı ala g'azday.
Qıyg'ırasan' qansırap jatıp,
Basqa ko'rgen azabın' azday.

Sur mergen kim buqqı taslag'an?
Endi sag'an parqı joq onın'.
Ayralıqtın' ja'birin tartsan' ha'm,
Qıya sho'l de qızıp tur jonın'.

Tuwılg'an jer topıraqlarına,
Bawırın'dı berip atırsan'.

Onın' ayaq soqpaqlarınan,
Ken' du'nyanı ko'rip atırsan'.

Qalmaysan' sen ha'rgiz tasada,
Sen quyashqa usaysan', Aral!
Usı du'nya qansha jasasa,
Sen ha'm sonsha jasaysan', Aral!

**Soraw ha'm tapsırmalar:**

1. Qosıqta Aral qalay su'wretlengen?
2. Mug'allimnin' ja'rdemi menen Aral haqqında basqa da qosıqlardı tawıp oqın'.

## TEN'İZDİ TOLTIRG'AN EGİZ BATIRLAR

(Ertek) *Ya. A'jimov*

Burıng'ı o'tken zamanda İyrim atlı u'lken ko'k ten'iz bolıptı. Ten'iz payda bolmastan burın bul jer mudamı iyrimlenip turatug'ın ko'l bolg'an eken. Onın' iyrimi talay balıqshılardı jutıp ketken. Sol sebepli onı xalıq İyrim dep ataptı.

İyrimnin' jag'asına esap-sansız xalıq ma'kan basıptı. Ol xalıqtın' ku'ni usı ten'izdin' balıg'ı, qusı ha'm an'ları menen keshipti. Negizgi talabı da balıq awlaw bolıptı. Al ten'iz barlıq tiri marjang'a bay bolg'an eken. So'ytip, xalıq a'sirler boyı baxıtlı, uwayım-qayg'ısız jasay beripti.

Ku'nlerden bir ku'n xalıq ten'izinin' qaytıp, qurıp

baratırg'anın sezipti. Ne islerin bilmey ha'mme hayran qalıptı.

— O, ta'n'irim, sen bizin' bul ku'nimizdi ko'p ko'r-din' be? Jalbarınıp sorayman, mına qara ko'zlerin'di aya, — dep aq saqallı g'arrılar qudaydan ma'det soraptı. Sadaqa beripti. Biraq, ten'iz suwı ku'nnen ku'nge azaya beripti.

— Joq, joldaslar, bunnan is pitpeydi. Qudayg'a qansha jalbarıng'an menen bir tamshı suw qosılmaydı. Bunın' ilajın ko'riw kerek! — depti ko'pshiliktin' ishinen birew.

— Qa'ne, sonda ne islew kerek? Ne demekshi-sen'? — depti ekinshi birew.

— Ko'p eglenbey «suw patshası»na barıp ma'sla'ha't soraw kerek.

— Joq, bizge basqa xalıqlar ja'rdem bersin!

— Eger basqalardan ja'rdem ku'tsek, kesh qalamız. Son' o'kinemiz. Ha'zir-aq «suw patshası»na barayıq!

Bir topar adam «suw patshası» nın' u'yine kelipti. Suw patshası ju'z jastan asqan, soqır, appaq saqalı beline tu'sken g'arrı edi. Ol g'arrının' ata-babası da «suw patshası» degen laqap penen o'lip ketken. O'ytkeni, burın da İyrim qaytıp, xalıq basına qayg'ı tu'skende, usı g'arrının' bir babası ten'izdi qayta toltırıp bergen eken.

Men qartaydım. Ayaq jolımdı da ko're almayman.

Ku'sh-quwatım joq. Biraq, ma'sla'ha't bereyin, — depti g'arrı. — İshin'izde arıslan ju'rekli ma'rt jigitler bar ma?

Adamlar bir-birine qarasıptı.

— Er ju'rek adamlar bolmasa men aytqan ma's-la'ha'tti orınlaw qıyın boladı. Bul ju'da' qa'wipli ha'm mashaqatlı is. Aqırı, basın'dı o'limge tutıwg'a da tuwra keledi, — depti g'arrı. Ma'rtlik penen qosa aqıllılıq, tag'ı onın' u'stine hiyle de kerek.

Adamlar ja'ne bir-birine qarasıp, iynin qısıptı.

— Yaq, ata, ishimizde onday ma'rtler joq ko'rinedi, — depti adamlardın' birewi. — Biraq, xalıqtın' ishinen tabılıp qalar.

— Olay bolsa, xalıqtı jıynan'. Men olardın' aldında aytayın, — depti g'arrı.

Xalıq jıynalıptı. G'arrı olardın' aldında turıp:

— Xalqım, tirishiligimiz tiregi bolg'an ten'izimiz qurıp baratır. Bul bizge ta'n'irim jibergen apat emes. Onı toltırıwg'a boladı. Bul ushın bizin' ma'rtligimiz, qaysarlıg'ımız ha'm aqıl-parasatımız kerek! Yag'nıy, tezirek bultlar ha'm da'ryalar patshalıg'ına jol alıwımız za'ru'r. Jolda Aydarha, Da'w ha'm Jalmawız kempirler bar. Olar menen ayqasqanday ku'sh, hiyle kerek. Olardı jen'ip, da'ryalardın' bo'getlerin, bultlardın' tıg'ınların alıp qaytpasaq, tirishiligimiz qa'wip astında qaladı, — depti soqır ko'zinen jas tamıp.

— Oy — buw! Ku'ta' qorqınıshlı eken g'oy. Aydarha, Da'w, Jalmawız kempir! Joq, joq, jasag'ımız keledi, — depti ko'pshilik bir-birine qarasıp.

— Sizler jasarsız. Biraq, balaların'ızdın' keleshegin oylamaysız ba?... Olay bolsa o'zlerin'iz bilin'. Biraq, xalıq ushın, mına jawdırasqan qara ko'zler ushın o'lip ketiwdin' o'zi baxıt! — depti g'arrı.

Tag'ı biraz jım-jırtlıq hu'kim su'ripti.

— Bizler baramız!!!

Ha'mme kishkentay eki balanın' toptı qaq jarıp, ortag'a shıg'ıp kiyatırg'anın ko'rip, awızları ashılıp qalıptı.

— Ha'y, balalar, bul oyın na'rse emes!

— Bizler oynap turg'anımız joq. Baramız dedik pe, baramız! — depti eki bala. Bular «suw patshası» nın' aqlıqları Arıslan ha'm Azat edi. — Ata, — depti Arıslan. —Biz Azat ekewimiz kelisip aldıq. Men bultlar patshalıg'ına, al ol da'ryalar patshalıg'ına jol aladı. Qollarımızda mine, ata-babamızdan qalg'an, terige sızılg'an qupıya sızılma. Bunda qalay barıw kerekligi sızıp ko'rsetilgen.

— Ha', ba'leler qashshan tawıp alıpsızlar da'! Bul ten'izdi toltırıw tek bizlerdin' u'rim-putag'ımızdın' man'layına jazılg'an ko'rinedi. Ne ila'j?! Men sizlerdin' ma'rt ekenin'izdi de biletug'ın edim. Biraq, ele jassızlar g'oy. Jan'a on altıg'a shıqtın'ız.

— Yaq, ata, barayıq. Onnansha bizge aq pa'tiyan'ızdı berin'?!

— Ma'yli balalarım,— depti g'arrı biraz oylanıp turıp.— Haq jol, sizlerge! Aman barıp, saw qaytın', a'wmiyin! — dep g'arrı aq pa'tiyasın beripti.

Arıslan ha'm Azat jolg'a atlanıptı.

* * *

Bultlar patshalıg'ının' qupıya sızılmasın qolına uslag'an Arıslan tuwrı taw u'n'girinde jasaytug'ın Jalmawız kempirge kelipti. Bul gezde Jalmawız kempir shırt uyqıg'a ketip, qattı qurıldap atır eken. A'ste en'beklep, sezdirmesten onın' qasına kelipti. Saqlıq kerek, aqırı, Jalmawız kempir sezgir boladı. Ol sonı oyladı da, tawdın' tasına o'sip turg'an uwlı sho'pti julıp aldı ha'm jalmawız kempirdin' murnına tuttı. Endi qorqpasa da boladı. Ol Jalmawız kempirdin' basına dastanıp jatırg'an sıpıranı tartıp aldı. Son' og'an otırdı da, bultlar patshalıg'ına qaray ushtı.

Arıslan sol ushıwdan bultlar patshalıg'ının' da'rwazası aldına kelip qonıptı. Da'rwazanın' eki jag'ında eki da'w bir-birine su'yenip uyqılap turg'an eken. Da'w bolg'anda qanday! Ha'rqaysısı bes metr keledi-aw sira'. Onnan qalay o'tse boladı? Oylana basladı. Olar, menen ayqasıwg'a ku'shi kelmeydi. Bul jerde tek hiyle kerek. Ol uzaq oylanıptı. Birden altın

ha'ripler menen jazılıp, diywalg'a qıstırılg'an terige ko'zi tu'sipti ha'm onı oqıy baslaptı: «Kim de kim bultlar patshasının' qızı Minay malikag'a u'ylengisi kelse, mına to'mendegi u'sh sha'rtti orınlawı tiyis».

Birinshisi: Patshanın' bas ken'esshisinin' qa'legen u'sh sorawına juwap.

Ekinshisi: Patshanın' en' genje hayalın qa'steliklen qutqarıw.

U'shinshisi: «U'sh danıshpanlıq ga'p, ol ga'pler bultlar patshası ushın a'hmiyetke iye bolıwı tiyis» degen jazıwlar eken.

Bala tag'ı oylanıptı: «Nege endi usı sha'rtti orınlay almayman? A'lbette, orınlawım tiyis», — depti o'zinshe. Son' da'wlerge ko'rsetpesten sha'rtler jazılg'an terini julıp alıptı da, qoynına tıg'ıptı. Da'rwaza aldına kelipti. Onı ko'rgen da'wler:

— Ha'y bala, toqta! Kelis qaydan, barıs qayda, — depti ekewi birden dawıs qosıp.

— Men bultlar patshalıg'ının' aldına kiyatırman. Jer wa'kilimen. Mına dag'azanı ildiripsizler. Patsha qızına u'ylenbekshimen, — depti bala.

— Patsha qızına! Malikag'a! Mına sen ya? Pah, tapqan ekensen' a'wmeser da'wlerdi! Ket! Kelgen jolın'a tu's! Bolmasa... Da'wler balanı alaqanına otırg'ızıp alıptı.

— İsenbeysizler me? Aqırı, men sizlerdey ku'shli,

sulıw, aqıllı da'wlerdi aldawg'a qalay ju'reksinemen? Eger aldap atırg'an bolsam, sizler meni qa'legen waqıtta jep qoyıwın'ız mu'mkin,— depti bala hesh seskenbesten.

— Awa, awa, durıs aytadı, — depti da'wler bir—birine qarasıp. Usı mushtay balanın' qolınan ne keler deysen? Barsın, bara bersin, sha'rtlerdi orınlay almasa ba'ribir bizlersiz-aq bası ketetug'ını turg'an ga'p g'oy.

Da'wler altın da'rwazag'a qulpırılg'an altın qulıplardı ashıp, Arıslandı sarayg'a kirgizipti. Ja'lladlardın' birewi onı tuwrı patshanın' aldına alıp kelipti.

— Eger sha'rtlerdi orınlay almasan', basın'nın' gewden'nen ju'da bolatug'ının bilesen' be? — depti patsha.

— A'lbette, taqsır. Bul jerge sog'an qayıl bolg'anlar g'ana kelse kerek.

— Astawpıralla! Mına mushtay balanın' juwabın qara! O'zi de er ju'rek, qaysar qusaydı! — depti wa'zir-lerdin' birewi.

— Ko'lenkege qarap ko'ylek pishpeydi, — depti bala.

Patsha bul so'zdin' ma'nisin shag'a almay bas ken'esshisine qaraptı. Bas ken'esshi de iynin qısıptı. Son' patsha tag'ı bas ken'esshisine qarap:

— Qa'ne, balag'a birinshi sha'rtin'di ayt, — depti.

Bas ken'esshi basın qasıp, biraz oylanıp turıptı da:

— O'zin' Jer wa'kili ekensen'. Qaysı millettensen'?— depti balag'a qarap.

— Qaraqalpaq.

— Qaraqalpaq!... He, anaw Erejep tentek penen Ernazar alako'zdin' watanınan dese! A'ytewirde qaysarsan'-aw! O'z xalqın'nın' tariyxın bilsen' kerek?... Men sag'an orıs xalqına baylanıslı soraw beremen. Qa'ne, aytshı, orıs patsha ha'm a'skerbasılarınan kimlerdi bilesen'?

Bala ko'p oylanıp turmay:

— Petr I, Nikolay, İvan Groznıy, Kutuzov, Suvorov, Pugachov, Stepan Razin... — dep dizip kete beripti.

Balanın' juwabına ha'mme hayran qalıptı.

Endi ekinshi sorawım, — depti bas ken'esshı, — Ma'nisi o'tkir u'sh naqıl ayt.

Bala tag'ı oylanıp turmastan:

— Taqır bas tazdı ku'nleydi. Soqır sawdı jetelemes bolar. İyt patshag'a da u'redi,— depti taq-taq so'ylep.

— Astawpıralla! Astawpıralla! — dep patsha ken'esshisi jag'asın uslaptı.

— Endi u'shinshi sorawım, — depti bas ken'esshi, — sen so'zdi qay qulag'ın' menen esitkendi, al zattı qay ko'zin' menen ko'rgendi maqul ko'resen'?

— Geyde mag'an eki qulaq ta kerek. Geyde birewi de jetkilikli. Al, geyde ekewi de kerek emes, — depti bala.

— Tu'sindirip ayt, — depti bas ken'esshi.

— Geyde eki qulaq ta kerek degenim, o'zin' ushın ku'ta' za'ru'r so'zlerdi eki qulaq penen ten'dey esitiw kerek. Al, geyde birewi de jetkilikli degenim, shug'ıl so'zlerdi birewi menen esitiw kerek. O'ytkeni, ol ekinshisinen shıg'ıp ketetug'ın bolsın. Al, geyde ekewi de kerek emes degenim, o'zime za'ru'r bolmag'an so'zlerge qulaq tu'rmeymen, — depti bala. — Al, ko'riw ma'selesine kelsek, ol da sonday. Geyde eki ko'z benen ko'riwge, geyde eki ko'zdi tas qılıp jumıwg'a da tuwra keledi.

Bul juwaptı esitken patshanın' qızı Arıslandı unatıp qalıptı.

— Endi ekinshi sha'rtke o'temiz, — depti patsha. — Menin' en' genje hayalımdı qa'stelikten qutqarıp beresen.

— Meyli, — depti bala. Olar patshanın' genje hayalı jatqan sarayg'a kelipti. Bala hayaldın' tamırın uslap ko'ripti de:

— Bul hayalg'a ele heshkim tatıp ko'rmegen taza bulaq suwı za'ru'r, — depti.

— Taza bulaq suwı! Onı qaydan tabamız? Bolmag'an ga'pti aytpa! Bul bala awzımızg'a ılay

sıypamaqshı, — depti patsha ha'm ja'lladlarg'a onı darg'a asıwdı buyırıptı.

— Taqsır, bir qasıq qanımnan keshin', men ele ba'rin aytıp bolg'anım joq. Taza bulaq suwın izlep heshqayda ha'lek bolıwdın' qa'jeti joq. Ol usı sizin' saraydan tabıladı, — depti bala.

— Sol mushtay ju'wernemektin' ga'pine isenip tursızlar ma? Bar, pa'rmandı orınlan'! O'z sarayında ne bar, ne joqlıg'ın bilmeytug'ın axmaq patshanı tapqan eken! — dep jekirinipti patsha.

— Taqsır aytqanın'ız durıs. Biraq, onın' ko'zin eki da'w jawıp tur. Bulaq da'wlerdi ko'terip, atlıg'ıp shıg'ıwg'a a'zzilik etedi, — depti bala.

Balanın' aytıwı boyınsha patsha da'rwazada turg'an eki da'wdi aldırıptı. Da'wler ketiwden aq olar turg'an orınnan bulaq suwı atlıg'ıptı. Onnan patshanın' hayalına ishkizipti. Bulaq suwın ishken hayalı ko'zin ashıp, ornınan turıptı. Al, bulaqtın' ko'zin jawıp turg'an eki da'wdi darg'a asıptı.

— Endi son'g'ı sha'rt, — depti patsha.

Bala tag'ı ko'p irkilmey danıshpanlıq ga'plerden ayta baslaptı.

«Bir patshanın' bir tabaq altını urlanıptı. Wa'zirler bir xızmetkerlerden gu'manlanıp, onı uslap alıptı. Biraq, ol ayıbın moynına almaptı. Sol waqıtları shette otırg'an bir g'arrı:

— Mine, mına jerdi qazın'lar, — dep hasası menen bir jerdi ko'rsetipti. Gu'man menen uslang'an adam erksiz «oh!» dep jiberipti. Sol jer qazıp ko'rilse, urlang'an altın shıg'ıptı. Sonda patsha g'arrıdan: «Altınnın' ko'milgen jerin qalay bildin'?» — dep soraptı. «Ol na'ma'rt sol jerden eki ko'zin ayırmadı» — depti g'arrı.

Bir danıshpan bir axmaq patshanın' oqtı nıshanag'a tiygize almay atırg'anın ko'rip, o'zi nıshananın' janına barıp turıp alıptı. Jıynalg'anlar: «Nege onday ettin'?» — dep soraptı. Danıshpan olarg'a: «oq mag'an tiyip ketpesin dep saqlıqtan kelip turdım» — depti.

Bir ashıwshaq patsha bolıptı. Ol arzımag'an na'rsege ashıwlanıp, natuwrı pa'rma'n shıg'ara beredi eken. İs bul awhalda dawam ete berse aqıbeti jaman bolatug'ının tu'singen wa'zir bir sumlıq oylaptı. Patshanın' qaq man'layındag'ı diywalg'a «ashıw kelse aqıl ketedi» dep jazıp ketipti. Sonnan keyin patsha ne islese de, ne aytsa da, erksiz diwalg'a qarap, oylanıp so'yleytug'ın ha'm oylanıp hu'kim shıg'aratug'ın bolıptı».

Arıslannın' bul ga'plerin patsha sarayındag'ılar uyıp tın'laptı. Balanın' aqıllılıg'ına, er ju'rek ha'm qaysarlıg'ına qayıl qalg'an patsha og'an qızın beriwge ırazı bolıptı.

Patshanın' qızı da jigittin' aqıllılıg'ına quwanıp, og'an

turmısqa shıg'ıwg'a qayıl bolıptı. Balag'a patshalıqtın' qa'legen jerinde ju'riwge huqıq berilipti.

Bir ku'ni Minay menen Arıslan bag' aralap shıg'ıptı. Jolda ol qızg'a:

— Minay, men seni jaqsı ko'remen. Endi ekewimiz o'mirinshe joldas bolamız. Biraq bir na'rseni sennen jasırmay aytıwım kerek. Bul jaqqa kelgendegi maqsetim — xalqımnın' ma'pi. Sen mag'an ja'rdem beriwin' kerek, — depti.

— Ayt, ayta ber, a'lbette ja'rdem beremen,— depti Minay.

— Bizin' tirishiligimiz qa'wip astında. Ten'izimizdin' suwı qurıp, xalıq baxıtsızlıqqa ushırap atır. Usı bultlar patshalıg'ı da bultlardın' tıg'ının tas etip tasladı.

— Tu'sinikli, — depti qız. — Bul ma'sele qıyın bolsa da, sag'an ja'rdem beremen. Durıs, mensiz bultlardın' tıg'ının alalmaysan'. O'ytkeni, bultlardın' tıg'ının' gilti jalmawız kempirdin' arshasında saqlawlı. Tek men onı qalay alıwdın' hiylesin bilemen. Ha'zir-aq biz onın' u'yine baramız. Biraq, ol seni ko'rmewi kerek. Men onı aldastırıp ga'pke aylandıraman. Shashının' ushına baylang'an arshanın' giltin sheship alıp, sag'an ılaqtıraman. Sen arshanı ashıp, bultlar tıg'ının' giltin alasan'.

Olar tap usılayınsha islepti. Jalmawız kempir sezbay-aq qalıptı.

— Bunın' menen is pitkeni joq, — depti Minay. — Tag'ı Jalmawız kempirge barıwımız kerek. Bul ret og'an ko'rinsen' de boladı. Aqırı, bultlar tıg'ını jeti qabat temir menen qaplang'an. Onı buzıw qıyın. Jalmawız kempirdi aldastırıp kemesin aydatsaq, isimiz rawaj. Sebebi, ol keme menen bultlardı aydap, bir-birine soqlıqtıradı. Na'tiyjede, shaqmaq payda boladı. A'ne, temirlerdi sol shaqmaq arqalı eritemiz.

Olar ja'ne Jalmawız kempirge kelipti. Qız og'an:

— Jalmawız kempir, mına jigit Jerden bizge miyman bolıp kelgen. Qolında bultlar patshalıg'ının' gu'walıg'ı bar. Onı kemen'izge mindirip, patshalıqtı bir qıdırtın', — depti.

— Meyli, ma'likam! Sizin' aytqanın'ız bolsın.

Bala kemede uzaq qıdırıptı. Bultlar bir-birine soqlıg'ısıp, ku'shli nayzag'ay payda bolıptı. Bultlar tıg'ınının' jeti qabat temiri erip tu'sipti. Son' bala menen qız tıg'ınnın' qulpın ashıp sarayg'a qaytıptı.

— Endi sen bul giltke bekkem bol. Jerge alıp ketsen' de boladı. Bul jaqta qalsa, Jalmawız kempir bultlarg'a tag'ı tıg'ın basıp, qulpırıp taslaydı. Bul jerde bunnan basqa gilt joq, — depti qız.

Ko'p uzamay Arıslan bultlar patshalıg'ı menen xoshlasıp, su'yiklisi Minaydı o'zi menen birge Jerge alıp ketipti. Jerge kelse, ten'iz u'sti dumanlanıp, jawın sheleklep quyıp atır eken.

* * *

Da'ryalar patshalıg'ına jol alg'an Azattan xabar esitin'. Ol İyirim da'ryası ushın basılg'an bo'getlerge patsha ta'repinen qılıshın asınıp alg'an ol, qırq bo'getke qoyılg'an qırq aydarhanı joq etiwi kerek eken. Qullası, bes mın' shaqırım jer ju'rip, da'ryalardın' birinen son' birinin' bo'getlerin alıp, İyirimge suw tu'siriwi tiyis.

Qırq aydarhanı o'ltiriw Azatqa an'sat bolmaptı. Ol tek er ju'rek, ma'rt bolg'anlıg'ı sebepli aydarhalardan qorqpay ayqasıptı. Olar awızlarınan ot u'rlep, balanı jag'ıp jibermekshi bolıptı. Biraq, u'stine sawıt kiyip alg'an Azatqa ot ta'sir etpepti.

— Oho! Bul qanday qu'diretli ku'sh! — dep hayran qalıptı aydarhalar. — Biz bunday er ju'rekti ko'rmegen edik. Ko'rdin' be, bizlerdin' aldımızdag'ı jigirma aydarhanın' basına jetken eken da' ol!

— Qarsılasqanın'ız benen paydası joq. Ba'ribir ba'rin'izdin' gellen'iz ketedi, — depti Azat.

— Toqta, toqta! Bu'ytip ha'ddin'nen aspa! Bilip qoy, da'ryalar patshasının' aldına jetpey-aq bizlerdin' qarnımızda bolasan', — depti qa'ha'ri kelgen jigirma birinshi aydarha.

— Jep bopsan'! Qa'ne, sol jeytug'ın tislerin'di qag'ıp alayın! — depti Azat ha'm oq jaydı aydarhanın'

qatarlasqan jeti basın go'zep atıp jiberipti. Oq aydarhanın' jeti basına birden shanshılıptı.

Azat qolındag'ı sızılmag'a tag'ı bir ret qarap alıptı da, jigirma ekinshi aydarha qorıp jatırg'an bo'getke kelipti. Bul aydarha menen de uzaq ayqasıp, onı o'ltiripti. Son' jigirma u'sh... jigirma bes... otız... otız bes...qırqınshı aydarhag'a kelipti. Esaplap qarasa aradan u'sh jıl o'tipti. Endi ol erjetip, a'bden ku'shke tolısıptı.

Azattı ko'rgen qırqınshı aydarha qarsılıq ko'rsetiw paydasız ekenin tu'sinipti.

— Hu'rmetli batırım, men senin' dan'qın'dı esittim. Eger sen meni o'ltirmesen', sag'an jaqsılıq eteyin.

«Sag'adag'ı suw isher, ayaqtag'ı uw isher» degen naqıl bar. Da'ryalar patshası barlıq suwdı baylap, o'z patshalıg'ın abat etip atır. O'zge xalıq ta'g'dirin oylamaydı. Aqırı, patsha rehimsiz boladı g'oy. Men seni o'tkerip jiberemen. Bo'getti de o'zim alıp taslayın, — depti qırqınshı aydarha. — Sen tuwrı patshanın' aldına jol al. Biraq, da'ryalardın' bo'getlerin alıwg'a kelgenligin'di aytpa. Toyın'a kelgen batırman dersen', ol jerdegiler seni quwanıp qarsı aladı. Sebebi, erten' qırq patshalıqtan shaqırılg'an palwanlar gu'reske tu'sedi. Patsha sol gu'reste jen'gen batırg'a kim bolıwına qaramastan qızın bermekshi. Eger gu'reste

jen'ip, qızın ala g'oysan', onda isim on'ınan keldi dey ber. Qızın alsan' tajı-taxt ta seniki. Ol xalıq aldında usılay so'z berdi. O'zi qartayıp, boldırıp qaldı.

Azat aydarhanın' ken'esin orınlaptı. Shınında da, patsha sarayındag'ılar onı batır retinde ku'tip alıptı. Erten'ine palwanlardın' gu'resi bolıp, Azat jen'ip shıg'ıptı. Ol gu'reske tu'sken qarsılaslarının' jetewinin' qabırg'asın, u'shewinin' palwan su'yegin sındırıptı. So'ytip, qırqınshı aydarha aytqanday, patsha wa'desinde turıp, Azat onın' qızına u'ylenipti. Tajıtaxtqa iyelik etipti. So'ytip Azat da'ryalar patshası atanıptı.

A'ne, sonnan berli Azat ha'm Arıslan toltırg'an İyrim tolıp tasıp tur eken. Solay etip, xalıq tag'ı baxıtlı o'mirge qaytıptı.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Ertekti oqıp, mazmunın aytıp berin'.
2. Ten'izdi toltırıwg'a kimler ketti?
3. Olar ushırasqan qıyınshılıqlardı qalay jen'di?
4. «Aral jasawı kerek» degen temada su'wret salın'.

# BA'H'A'R



## BA'HA'R KELDİ, NA'WBA'HA'R KELDİ

### BA'HA'R KELDİ

*Q. A'wezov*

Esti mine sa'wir jeli,
Jang'a jaylı ta'wir jeli,
Ton'dı eritedi seli,
Ko'k gu'rkirep ba'ha'r keldi.

Qıstan hesh belgi qalmadı,
Mısalı dım qıs bolmadı,
Sıran o'z basın jalmadı,
Jayma-shuwaq ba'ha'r keldi.

El ishine keler a'tsho'k,
Awıl aralar o'pepek,
Bir qus sayrar, biri go'k-go'k,
Dawısları sa'ha'r keldi.

Tu'slikten kiyatır g'azlar,
U'yrekler de bizde jazlar.
Qızıp kewilli hawazlar,
Jag'ıp jang'a ba'ha'r keldi.

Quslar tabar o'z ma'kanın,
Ko'limnin' keltirer sa'nin,
Ha'm ushırar palapanın,
O'ni p-o'ser ma'ha'l keldi.

**Tapsırmalar:**

1. Qosıqtı ta'sirli oqın', ma'wsimler tuwralı aytıp berin'.
2. Ba'ha'rdegi ta'biyat ko'rnisine baqlaw ju'rgizin'.
3. Qosıqtı yadlap alın'.

## NA'LSHE EKKEN QIZ

*N. Japaqov*

Shiye na'lin qolg'a alıp,
A'liyma ketip baradı.
— Qayda, qızım, ne isleysen'? —
Dep anası soradı.

Sabaq waqtı pitti, apa,
Endi miywe egemiz,
Mektep jerin bag' etemiz,
Bag'dan miywe teremiz.

Mına na'ldi shetke egip,
O'zim ku'tip ju'remen,
Tez jetiler miywe berer,
Gu'llegenin ko'remen.

Gu'li sulıw, bilesen'-g'oy,
Aq ha'm qızıl boladı,

Ko'rsem gu'lin' miynetimnin',
Kewlim og'an toladı.

Dedi, ketti, shiye ekti,
Shiye o'sti, u'lkeydi,
Jas miynettin' jemisinen,
Miywelenip ko'rkeydi.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. A'liyma qayda ketpekshi boldı? Apasının' so'zin tawıp oqın'.
2. A'liymanın' juwabın tekstten tawıp oqıp, o'z so'zlerin' menen aytıp berin'.
3. Sizlerdin' mektebin'izdin' bag'ında qanday miywe ag'ashları bar?
4. Qosıqtı ta'sirli etip oqın'.

# MEHRİBANIM — ANAM MENİN'

## ANAJAN

*D. Allamaxova*

Artıq jan bar ma eken a'ziz anadan,
Ana kewli suwımaydı baladan,
Perzent ushın bag'ıshlag'an o'mirin,
Saqıpqıran, mehribanım, anajan.

Ku'n ko'zindey ku'limlegen ju'zleri,
Jang'a jag'ar aytqan aqıl so'zleri,

Uyqısız tu'nlerdin' ba'rin umıtar,
Balasının' ku'lgen gezde, anajan.

Ju'reklerin' tolı mehir-muxabbat,
Tawsılmastay ku'shlerin' bar ka'ramat,
Orınlanar kewlindegi bar murat,
Ulı-qızın' ka'mal tapsa, anajan.

Jırlawg'a so'z jetpes ana xızmetin.
Anan'a ko'rsetkil izzet-hu'rmetin,
Analar ma'n'gige su'ysin perzentin,
Aspanın'dı bult baspag'ay, anajan.

**Soraw ha'm tapsırmalar:**

1. Shayıra apan'ız qosıg'ın kimge arnag'an?
2. «Jırlawg'a so'z jetpes ana xızmetin» qosıq qatarlarının' ma'nisin mug'allim menen birge talqılan'.
3. O'z anaların'ız haqqında so'ylep berin'.

## SİZ A'DİWLİ ANALARSIZ

*B. Qayıpnazarov*

Dan'qı gezgen du'nya ju'zin,
Bayram ku'nin'izde sizin',
Shayırdın' qutlıqlaw so'zin,
Jıllı ku'tip alasızlar!

Qulpı do'nse ba'ha'r gu'li,
Esitilse shadlı u'ni,

Kelse qutlı bayram ku'ni,
Shadı-qurram bolasızlar.

Qızdın' ko'rki a'debinde,
Ha'rbir qoyg'an qa'deminde,
Arzıw-a'rman sha'meninde,
Jaynap turg'an lalasızlar.

El jumsasa iske jollap,
Ushasızlar qanat qomlap,
Ullı Watan ma'pin oylap,
Teren' oyg'a talasızlar.

Ju'zlerin'iz gu'ldey bolıp,
So'zlerin'iz du'rdey bolıp,
Erler menen birdey bolıp,
İske g'ayrat salasızlar.

Otırg'ızıp to'rimizde,
Hu'rmetleymiz ba'rimiz de,
Sizler ko'kte, jerimizde,
Juldız bolıp janasızlar!

Xalıqtın' isenimin aqlap,
Da'wirdin' ag'ımın baqlap,
Paraxatshılıq isin jaqlap,
Du'nyag'a jar salasızlar.

Jol ortada bolmas dilgir,
Aqıl, pa'mli, zeyni ilgir,
İstin' ko'zin tapqan bilgir,
Tınıp turg'an danasızlar.

Sozg'an ha'mme ju'rgen izdi,
Shın kewilden su'ygensizler,
Du'nyag'a keltirgen bizdi,
Siz a'diwli anasızlar.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Qosıqtı ta'sirli etip oqın'.
2. Shayır analarımızdı nelerge ten'eydi?
3. «Mehribanım — janım anam» degen temada kishigirim shıg'arma jazın'.

## MİYRİMLİ BALA

*O'. Ayjanov*

Men bul balanı hu'rmetleymen, o'ytkeni ol menin' sezimimdi oyattı. Bir ku'ni anam qolıma targ'ıl baspaqtı berdi de atızg'a aparıp, otlatıp kel, — dedi.

Bul atız dep atız emes, biraq baspaq otlawg'a bolatug'ın jer edi.

Awıldın' balaları menen anamnın' buyrıg'ın orınlawg'a kettim. Bul dem alıs ku'nimiz edi. Jerge ko'k shıg'ıp qalg'an. U'lken balalarg'a eliklep, men de baspag'ımdı arqanlap qoyaman.

Bizin' to'bemizden ko'k aspan to'n'kerilip qaraydı. Qaptalımız tereklik. Bizlerdin' betimizdi sıypap, ba'-ha'rdin' salqın samalı esedi.

Aspandag'ı aqshıl bultlar a'ste g'ana jıljıp usı samaldın' aldına tu'sedi. Olardın' baratug'ın jeri bizlerge tan' qalarlıq na'rsedey ko'rinedi.

Esigimizdin' aldında eki tu'p tut ag'ashı o'sip tur. Ol onsha biyik emes, biraq ta anam onın' to'besine miniwge mag'an ruxsat etpeydi. Bıyıl tutımız erte gu'lledi, miywesin ha'zirdin' o'zinde-aq jewge boladı, dep aytıwdın' o'zi jaqsı. Sebebi men anamnın' usılay aytqanın jaqsı ko'remen. O'ytkeni geyde ıqlasım ketetug'ın edi. Biraq bir de piskeni awzıma tu'spedi. Menin' bayqawımsha, miywenin' en' usha bası pisedi eken, al anam tut ag'ashının' usha basındag'ı miywege ruxsat etpeydi, qolımnın' jetken jerindegisi awzıma da'm bermeydi.

Bir ku'ni baspag'ımdı otlatıp kelsem, usı tuttın' tu'binde turg'an bir balanı ko'rdim.

Ol bir na'rsege qapalang'anday pishinde tur. Qara ko'zi jan'a jılag'an balanın' ko'zindey mo'ldiredi. Eki qolın artına qayırıp, kishkene bir bankanı uslap tur. Ol meni ko'rip qorqqan adamday, u'nsiz turıp qaldı. Ol o'zinin' ne maqset penen ju'rgenin sezdirgisi keldi, biraq onın' menen so'ylespesten u'yge kirip kettim. Aradan eki minut o'tpey-aq tag'ı shıqtım.

Men ol bala a'lleqashan qashıp ketken shıg'ar, —dep oylag'an edim. Bala qashpaptı, ol menin' menen tanısqısı kelgendey, awzın jıbırlatıp, mag'an bir na'rseni aytıp turg'anday bolıp ko'rindi. Men apamnan:

— Mına balanın' jumısı bar ma? — dep soradım. Apam balag'a da, mag'an da itibar bermey:

— Qoyshı, bala bolg'an son' ju'rgen da', — dedi ha'm menin' qolıma bir sho'rekti uslatıp:

— Shırag'ım, suw u'ydin', tu'bine keldi. Atızg'a ashıp jiber, — dep o'tindi. Apamnın' bul so'zin esitkende, jan'ag'ı bala shıdap tura almay, ol mag'an qarap salmaqlı dawıs penen:

— Qa'lesen' men sag'an ja'rdem ete alaman. Birge barıwg'a bola ma? — dep soradı. Men onın' bul so'zin aqlanıw ushın aytıp tur eken dep tu'sindim. O'ytkeni ol mu'mkin bizin' tutımızdın' miywesin urlawg'a kelgen shıg'ar dep te gu'diklengenmen. Biraq balanın' jedel qıymılı ha'm pısıqlıg'ına tan' qalıp, usı jaman oyımnan tez aynıdım da, ju'r dep og'an buyırdım.

Bizler ekewlep atızg'a suw ashtıq. «Endi bul bala ketip qalar-aw» degen oy menen qolımdag'ı sho'-regimnin' jartısın ogan uslatıp: «Raxmet», — dedim. Bala nandı aldı biraq ketpedi, ol mag'an uzaq qarap turdı. Men ja'ne gu'diklene basladım. Onın' qara ko'zi tag'ı jasqa tolg'anday bolıp ko'rinip tur. Bir

na'rse da'me etkendey, qolındag'ı bankasın suq barmag'ı menen shertip turdı. Men ko'zimnin' astı menen qaradım onın' so'ylewge tartınıp turg'anın bayqadım, o'ytkeni ol ku'ta' jas edi. Shama menen 6-7 de bolsa kerek. En' aqırında bala menin' aldıma jaqın kelip, jalınıshlı tu'r menen:

— Tutın'ızdan alıwg'a mu'mkin be? — dep soradı. Bul sorawg'a men tan' qalg'anım joq. O'ytkeni bizin' tuttan basqa awılda heshqanday miyweler pisken joq edi. Sonlıqtan «bul bala bir ha'wes etken-aw» dep oylap, ruxsat ettim. Bala u'lken adamlarday, mag'an qarap basın iydi de waqtı xosh bolıp, tuttın' basına shıqtı. Ol gez kelgenin' jula bermesten, ag'arıp piskenin tan'lap aldı da, o'zinin' bankasına sala basladı. Ol jerge tu'sti. Miyweden bir tu'yirin awzına shertip salmadı. Onın' bul isleri tag'ı hayran qaldırg'anlıqtan:

— Jora, sen bunı u'yin'e aparıp jeysen' be?— dep soradım.

Bala toqtap menin' betime qaradı da, bılay dedi:

— Bunı o'zim jew ushın alıp atır dep oylaysız ba? Yaq, jora, olay emes. Bizin' anamız ko'p waqıttan beri awırıp jatır edi.

Keshe shıpaker kelip og'an:

— Miywe jewin' kerek. Senin' qanın' azayg'an. Mazalı miywe qanın'dı ko'beytedi ha'm tez arada

jazılıp ketesen', — dedi. Mine men sol ushın da bul jerge kelip edim. Bizin' apamız jazılıp ketse, jora, bizin' baxtımız g'oy, — dedi.

Ol kewilli tu'rde ku'limsirep, ayag'ın shaqqan bastı da, bankasın bekkem uslap, jolına tu'sti. Onı tut ag'ashı ha'm men uzatıp saldıq.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Tut ag'ashının' qasına kelgen bala kim edi?
2. Bala ne ushın kelgen jumısın aytpadı?
3. Tuttın' iyesinde qanday oylar payda boldı?
4. «Tutın'ızdan alıw mu'mkin be»? — degen sorawdın' ma'nisin tu'sin'dirin'.
5. Shıpakerdin' so'zin tekstten tawıp oqın'.
6. Gu'rrin'di ta'sirli oqın', mazmunın so'ylep berin'.

# NAWRIZ – XALIQ BAYRAMI

## NAWRIZ KELGEN MA'HA'LDE

*(Osherkten u'zindi)*

*H. Jumashev*

«Nawrız» so'zi parsı-ta'jik so'zi bolıp, birinshi «Taza ku'n» degen ma'nini an'latadı... Nawrız ayının' bası ku'n menen tu'nnin' ba'ha'rgi ten'lesiwi sıpatında, ba'ha'rdin' keliw payıtı Orta Aziya, jaqın Shıg'ıs

xalıqları ta'repinen... Jan'a jıl bayramı sıpatında belgilenip kelgen...

Nawrız haytı bul ullı xalıqlıq bayram hu'rmetine aylanıp, o'zinshe bir jen'illik ja'riyalaw da'stu'ri bolıp, g'alaba-xalıqlıq shadı-qurramlıq payıtlarında, qamaqta jatırgan jınayatshılar menen tutqınlar azatlıqqa shıg'arılıp, o'z ıqtıyarları o'zlerine berilgen. Ullı bayram mu'na'sibeti menen urıslar toqtatılıp, pitim jasasıw tuwralı sha'rtli talap bolg'an. Jıl dawamında aralarınan suwıq samal esip, arazlasıp qalg'an adamlar da bul ku'ni o'z ara jarasadı. Bayram saltanatı o'tip atırg'an payıtlarında birewler qaytıs bolıp qala qoysa, olardın' jerleniwi keyinge qaldırılatug'ın bolg'an. Ullı bayram ku'nleri matam tutıw, as-abat beriw toqtatılıp turılg'an.

Nawrız haytı ku'nleri jan'a jıl bayramı saltanatların o'tkeriw ta'rtiplerinde o'z xalqının' milliy bayramı sıpatında belgilep kiyatırg'an ha'rbir xalıqta o'zine ta'n o'zgeshelikleri bolg'an. Ma'selen, ta'jikler menen persiyalılarda «Haftsin» dep atalatug'ın da'sturxan jayıw da'stu'ri bolg'an. Onın' talabına muwapıq Nawrız bayramı ku'nleri ha'rbir xojalıq miymanlarının' aldına minnetli tu'rde atları parsı-ta'jik a'lipbesinin' «S» ha'ribinen baslanatug'ın jeti tu'rli tag'am tartıp, miymandoslıq ko'rsetiwi sha'rt. O'zbeklerde Nawrız hayt da'sturxanının' ko'rki sha'rtli tu'rde bayramnan on-on bes ku'n burın suwg'a salınıp bo'rttirilip, o'n-

dirilgen biyday ha'm arpa da'nlerinen pisiriletug'ın su'melek tag'amı menen ishine xosh iyisli nazbay gu'l japıraqları, ko'k sho'pleri salınıp pisiletug'ın suw bo'rek, somsa boladı. Qazaqlar menen qaraqalpaqlardın' tiykarınan Nawrız bayramına ta'n tag'amları Nawrızlıq go'je bolıp, ol sha'rtli tu'rde keminde jeti tu'rli daqıldan tayarlanatug'ın bolıwı kerek. Onın' ishine biyday jarma, arpa, ju'weri, jarma, ma'sh, lobiya, may, go'sh salınıp, ag'arg'an asqatıq etip qatılıwı tiyis. Sonın' menen birge olar bul ullı bayramg'a arnap qazı-qarta, qaqpash balıq sıyaqlı tag'amdı da tayarlap qoyatug'ın bolg'an. Burınları qazaq-qaraqalpaqlar Nawrızlıq go'je pisiriwdi Muhammed payg'ambardın' tuwılg'an ku'ni pa'rwardiger ayının' on birinshi sa'nesinen baslap, ol eki ha'pte dawam etetug'ın bolg'an, ha'r taq ku'ni bir u'yge go'je pisirip, g'arrı-g'urrısınan bala-shag'asına deyin qaldırmay, pu'tkil awıl-aymag'ın Nawrızlıq go'jege toydıratug'ın bolg'an.

Ha'rbir adamnın' keminde jeti u'yden Nawrızlıq go'je ishiwi sha'rt bolıp, bul u'lken sawap is dep esaplanılg'an.

Tag'ı bir ayta ketetug'ın na'rse Nawrız haytı Orta Aziya ha'm jaqın Shıg'ıs xalıqlarında tek jan'a jıl bayramı sıpatında g'ana emes, al sonın' menen birge ol miynet bayramı, ba'ha'r bayramı, diyqanlardın' ba'ha'rgi egis mapazı bayramı sıpatında da ken'nen belgilengen.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Ne ushın Nawrız bayramı ulıwma xalıqlıq dep ataladı?
2. Bul bayram jıl ma'wsimlerinin' qaysısına tuwra keledi? So'ylep berin'.
3. Sizler ja'ne qanday tag'amlardın' atların bilesizler?

## NAWRIZ

*X. Saparov*

Gu'zar jolda adamlar lek-lek,
Nawrız! — Nawrız! — desip kiyatır.
Janlı maqluq uyqıdan tur, — dep,
Payızlı jel esip kiyatır.

Aydın ko'lin qalg'an sag'ınıp,
Jıl qusları ushıp kiyatır.
Jer beti ko'k maqpal jamılıp,
O'simlikler o'sip kıyatır.

Bolg'an yan'lı kewiller a'jje,
El tolısıp, o'sip kiyatır.
U'ylerden jurt nawrızlıq go'je,
Mazalı dep, — iship kiyatır.

**Soraw ha'm tapsırmalar:**

1. Qosıqtı yadlan'.
2. Sizler Nawrız bayramın qalay ku'tip alasızlar?

### Naqıl

U'reker u'yden ko'rinse,
U'sh aydan jaz boladı.

## QUSLAR MENEN SIRLASQANDA

### QARLIG'ASH

Jek ko'remen jawındı,
Pana tawıp qonaman,
Awlaytug'ın awımdı,
Ushıp ju'rip alaman.

Gezemen awıl — qalanı,
Ko'zin' ilmes shaqqanman.
Zıyanlı shıbın-shirkeydi,
Qurtıw ushın shıqqanman.

Dos ko'remen adamdı,
Ashıp qoysa aynasın,
Uyadag'ı balamdı,
Pıshıg'ın' jep qoymasın.

### BU'RKİT

Men bu'rkitpen, bu'rkitpen,
Quslar qorqıp du'rlikken,
Adamlar meni awıldan,
Tawg'a qaray u'rkitken.

O'z balama shatırman,
Qus ishinde batırman,
Qarıwlıman, pa'tlimen,
Talay qusqa tatırman.

Qataytar pa'rwaz denemdi,
Gezemen biraz ko'lemdi,
Ko'rsem buyım demeymen,
Qırg'awıl, qoyan degendi.

Qanatlarım gilemdey,
Tırnaqlarım tebendey,
Qasqırdı da bu'remen,
Jem tappasam jegendey.

Turpatım usar alıpqa,
Qanatım sira' talıp pa?
Qansha jırtqısh bolsam da
Paydam tiyer xalıqqa.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. U'lkemizde jasawshı qanday quslardı bilesiz?
2. Quslarg'a qanday g'amxorlıq jasaysız?
3. Bu'rkitti ko'rdin'iz be?
4. «Quslar bizin' dostımız» — degen temada gu'rrin' jazın'.

# TOY

*S. Axmet*

Qarlıg'ash sıyaqlı azada qus du'nyada og'ada az ushırasadı. Shımshıqqa usap uya salg'an jerin pataslay bermeydi. Uyadan ne tu'sse de, onı alısqa aparıp taslaydı. Men bunday qa'siyetlerin o'z ko'zim menen ko'rgenmen.

O'tken jılı teris ha'ywanımızdın' pa'tigine qarlıg'ash uya salg'an edi, qarag'an adam ha'yran qaladı. Tap jay salıp atırg'an adamlarg'a usap, azannan keshke shekem ılay alıp kelip, pa'tiktin' bir mu'yeshine ju'da' ıqlas penen tırısıp jabıstırıp atırg'anı. Ilay tasıp sharshag'anlarınan keyin elektr sımına tap nama notasının' ha'riplerine usap, pa'sli-ba'lentli bolıp qonıp alıp, jug'ırlasıp sayraytug'ın edi. Tag'ı ılay alıp keliwge ketetug'ın edi. Solay etip eki miynetkesh qarlıg'ash o'zlerine ju'da' sulıw, ju'da' bekkem uya salıp aldı. Aradan bir qansha ku'nler o'tkennen keyin, sol uyadan qarlg'ashtın' palapanının' bası ko'rinedi. Ol uyadan shıqpaqshı bolıp umtılg'anda appaq to'si korinedi de, ja'ne keynine sheginip, uyasınan tu'sip ketpesin dep qarlıg'ash palapanının' ayag'nan qıl menen baylap qoyadı — dep aytqan edi. Kim biledi, ba'lkim, ıras ta shıg'ar. Qarlıg'ashtın' palapanı

uyasınan shıqpaqshı bolıp, ishke qaray sheginip ketkenin ko'rgenimde, usı ga'p ırasqa usaydı, — dep qıyalımnan keshirdim.

Bir ku'ni qarasam, ha'wlimizdin' elektr sımına qarlıg'ashlar sonday ko'p qonıp alıptı, sım asılıp tamnın' to'besine tiye jazlap qalıptı. Olar barg'an sayın ko'beyip, birin-biri iytermelep, tınım tappay tınıshlıqtı alıp jug'ırlasa berdi. Olardın' shawqımınan biyzar bolıp, qolıma tayaq alıp, quwıp jibermekshi boldım da, keyin bunın' izi ne bolar eken, ko'reyinshi dep quwmadım. Keshqurın olardın' ha'mmesi ushıp ketip, o'zimizdin' qarlıg'ash uyasında qaldı.

«Shu'kir, ha'wlini sıpırmaqshı bolıp, abaylap qarasam, hesh jerdi pataslamaptı.

A'stapuralla, usınday og'ada azada qus bola ma eken?

Erten'ine keshegi waqıya baslandı. Bu'gin kesheden de ko'p qarlıg'ash jıynalıptı. Elektr sımına sıymag'anları kir jayatug'ın jipke qonıp alıptı. Olardın' shawqımına bu'gin de shıdam berip, sayada baqlap otıra berdim. Olar arman-berman ushıp-qonıp, tınbay jug'ırlasadı, geyde birewi jug'ırlag'anda, basqaları tap otırıspada otırganday tım-tırıs tın'lap otıradı. Geyde birden aralarında ja'njel shıg'ıp qalg'anday, ju'gır-ju'gır etip aytısıp qalatug'ın edi. Olardın' arasında o'zimizdin'

qarlıg'ash toyda xızmet etip ju'rgendey, birese uyasına kirip, birese qarlıg'ashlardın' qasına kelip, bir na'rselerdi tu'sindirip ju'ripti. Ol quyash ko'terilgennen keyin uyasına kirip ketti de, birqansha irkilip qaldı. Qashan shıg'ar eken dep, uyasına qarap otır edim, bir gezde palapanının' bası ko'rindi. Ol batılsızlıq penen bir-eki ma'rtebe sırtqa umtıldı da, tag'ı keyin qaray shegindi. Anası ashıw menen iytergende g'ana uyadan gewdesi tolıq ko'rinip, birese keynine sheginip ushıp ju'rdi. Sol awhalda olar ha'wlini eki ma'rtebe aylanıp ushqannan keyin, barlıq qarlıg'ashlar pır etip ushıp o'tti de, aldında ana qarlıg'ash, olardın' izinde ju'zge shamalas to'si appaq qarlıg'ashlar ko'kti sharlap ushıp ketti. Bul jas qarlıg'ashtın' ko'k-ko'mbek aspang'a da'slepki pa'rwaz etiwine bag'ıshlang'an saltanatlı toyı edi.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Qarlıg'ashlar o'zlerine qalay uya du'zetti? Tekistten tawıp oqın'.
2. Olar ne ushın jıynalısqan eken? Tu'sindirip berin'.
3. Gu'rrin'di ta'sirli oqıp, mazmunın o'z so'zlerin'iz benen aytıp berin'.
4. Sizler qarlıg'ashlarg'a qanday g'amxorlıq qılasız?

# ANA JU’REGİ

Jazg’ı dem alısqa shıqqan ku’nlerimiz. Bizler to’rtew edik. To’rtewimiz Qızketkennin’ boyınan qolaylı orınlardı tan’lap aldıq ta qarmaqlarımızdı qurdıq. A’lbette, qoyıw qamıs o’sken aylanbada balıq ko’p boladı emes pe?

Ku’n arqan boyı ko’terilip, jer betin kem-kem qızdıra basladı. Men suw betinen ko’zimdi ayırmay shırgu’belek aylanıp ju’rgen qalqılardı baqlap otırman. Bir waqıtta qaptalıma Jumabay keldi.

— Esittin’ be? — dedi ol to’men en’keyip. Mına jaqta sho’je shu’ykildeydi.

— Pa, ayttın’ da! Usı ka’rada sho’je ju’re me? — dedim onın’ so’zine isenbey. — Jan’ılıs esitken shıg’arsan’.

Ol:

— İsenbeysen’ be? Tın’la! — degenshe bolmadı. Shu’ykildi qaytadan esitildi.

— A’ne, a’ne aytpadım ba sag’an. Ju’r barıp ko’reyik. Mu’mkin, shaydın’ tırnag’ınan tu’sip qulag’an shıg’ar.

Bizler qarmaqlarımızdı jıynastırıp, tu’yesin’irli bu’ktin’ astına jasırdıq ta, shu’ykildi shıqqan ta’repke qaray kettik. İzimizge Sa’rsenbay, Nurbay da erdi...

Juwırısıp kiyatırg’an to’rtewimizdin’ g’awırlımızdan

setem alg'an tawıqtın' sho'jelerindey, ele qanatları jetilmegen g'azdın' palapanları sepken suwday jan-jaqqa tarap qashtı. Demde ko'k sho'pliktin' arasına suwday sin'ip ketti.

— Haw mınalar g'azdın' palapanı g'oy. Jaqsı boldıaw! Eger uslap alsaq asırayıq bola ma? — dep Jumabay mag'an qarap ku'ldi de, ha'mmemizden burın juwırdı. Ha'mmemiz palapanlardı japatarmaqay quwıp ju'rip uslap aldıq.

Qırg'a shıqqannan keyin menin' payıma eki palapan tiydi. Bizler u'yge qaytqanda shan'qay tu's bolg'an edi. Apam jumıstan kelip, qara u'ydin' to'rinde shay iship otırg'an eken. Men palapanlardı tawıqtın' ketegine tıg'ıp kelgen edim. O'rli-g'urlı eki kese shay ishtim de «boldım apa», — dep dalag'a qaray juwırdım.

U'ydin' aldınan nasos salma ag'atug'ın edi. Eki palapandı sog'an jiberdim. Olar shu'ykildesip arman-berman ju'zip ju'rdi. Sonın' arsında u'lken torı ala g'az u'ydin' u'stinen ju'da' to'menlep ushıp o'tti. G'an'-qıldag'an dawısı ku'ta' ashshı edi. Aradan ko'p waqıt o'tpesten g'az tag'ı qaytıp oraldı. Bul saparı to'-menlep ushqanı sonshelli, tap mag'an tuwrı bet alg'anday ko'rindi. Shoqıp alatug'ın shıg'ar dep za'rrem ushtı.

Mına eki palapannın' anası usı torı ala g'az ekenine a'bden ko'zim jetti. Palapanlardı jasırmaqshı

bolıp ketip baratır edim, apam shaqırdı. Palapanlardı bildirmey ketektin' ishine taslay sala u'yge kelsem apam:

— Balam, jan'ag'ı g'azdın' g'an'qıldawı tegin emes, palapanların aldın' ba? — dep soradı. Men ırasımdı ayttım.

— O'zim de solay shıg'ar, — dep oylap edim. Usha ala ma o'zi?

— Joq, ele kishkentay.

— Bar, qarag'ım, palpanların da'riyag'a jiber, obaldı. Anasınan ayırıp qa'ytesen'!

— Apa u'yde o'sirsem qa'ytedi?

— Qoy, balam, o'zi ele qanat shıg'armag'an bolsa... Ko'zinin' tirisinde anasın perzentinen ayırma! Qus bolsa da onın' bawırı pu'tin bolsın, tilimdi al. Jan'ag'ı g'an'qıldag'anı kewilimdi buzıp jiberdi. Perzent degennin' ku'yigi jaman boladı.

Apamnın' dawısı dirildep shıqtı ha'm qamsıqqanday sezildi.

Men eki palapandı alıp Qızketkennin' boyına keldim. Suwdın' ag'ısına, arg'ı jag'adag'ı tog'ay u'stinde emin-erkin ushıp ju'rgen quslarg'a bir maydan qarap otırdım. Palapanlardı ko'zim qıymaydı. Biraq apamnın' jan'ag'ı so'zi qulag'ımnan keter emes.

Menin' tuwısqan ag'am da da'slepki alıspada armiyag'a ketken edi. Aradan eki jıl o'tkennen keyin, izinen «qara qag'az» keldi. Sonda da apam u'mitin

u'zbesten, ko'zin jolg'a tigip otırg'anı. Eki so'zinin' birinde ag'amnın' qılıqların aytıp otıradı.

Jan'ag'ı torı ala g'az tuw sırtımnan bir eki ma'rtebe aylanıp ushtı. Torı ala g'azdın' izimnen qalmay ushıp ju'rgenin ko'rgenimde, onın' perzentke bolg'an mehir-muhabbatının' mollıg'ına ko'zim jetti.

A'ne, ana ju'regi usınday boladı eken... Ayap kettim. Palapanların da'rhal suwg'a jiberdim.

G'az eki palapanın eki jag'ına ertip ju'zip ketti.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Gu'rrin'di tolıq oqıp shıg'ın'.
2. Balalar jazg'ı dem alısta qayda bardı?
3. Palapanlarg'a olar qanday g'amxorlıq islemekshi boldı?
4. Ana balasına qanday aqıl berdi?
5. Torı ala g'az ha'm ana ortasındag'ı perzentke degen mehir-muhabbattı salıstırmalı tu'rde o'z so'zlerin'iz benen tu'sindirin'.

## QIRG'AWILDIN' UYASI

*(gu'rrin')*

Awıldın' qaq ortasınan burqıp ag'ıp turg'an Shunaq japtın' janbawırınan Kegeylinin' ko'pirine qaray u'lken gu'zar jol o'tetug'ın edi. Joldın' eki jag'ı bu'rkelgen bu'k penen boyanlıq. Dem alıs ku'ni edi. U'yde adam joqlıg'ınan paydalanıp, shımshıq qorıqtı da taslap

azannan keshke deyin u'yge barmay, bu'klik penen boyanlıqta jasırınbaq oynag'anbız. Ag'am menen apam jumısqa tan' azanda ketse, u'yge keshte gewgimletip keledi.

Men jasırınıp jatsam, shayqalg'an qalın' urıqtın' arasında ko'zi jıltırap, tawıqqa usas ku'l ren' bir qus jatır. A'ste jılısıp onın' qasına jaqınlay bergenimde, mennen u'rkip birden du'r etip ushıp ketti. Qarasam ma'kiyen qırg'awıl eken. Uyasın ko'rsem ıp-ıssı, on eki ma'yegi tap qoldan terip qoyg'anday do'n'gelenip jatır. Bunı balalarg'a sezdirmeymen dep jan'a ornımnan jılısa bergenim, aldımda:

«Ha' taptım ba» degen Jumabaydın' shaqalaq atıp ku'lgen dawısı esitildi. Onın' ko'zi birden uyadag'ı ma'yeklerge tu'sti. Bara ma'yeklerdi jırtıq bo'z ko'ylegine sala bergeni, ha' demey birewin jerge tu'sirip sındırdı. Men og'an sho'je shıg'arıw ushın qırg'awıldın' g'urq basıp jatırg'anın aytsam, ol ha'mmesin u'yge alıp barıp pisirip jeymiz, — dep tiresip turıp aldı. O'ldim azarda ma'yeklerdi ornına qoyg'ızıp u'y bette oynaw ushın birge alıp kettim.

Apam g'urq bastırg'anda ma'yeklerge qazannın' ku'yesin jag'ıp, uyag'a salatug'ın edi. Apamnan ma'yekke nege ku'ye jaqqanlıg'ın sorag'anımda:

— Balam, ma'yekke ku'ye jaqsan' sho'je shı-

g'arg'anda ala shubar boladı, — dep juwap berer edi.

Men de solay bolsın dep, u'ydegi awqat pisiretug'ın tu'bi jamawlı qazandı ag'amnın' go'netozlaw shapanına salıp, uyag'a arqalap keldim. Ma'yektin' ha'mmesin shetinen ku'yege boyap shıqtım. Kiyatırıp salmadan jırıp aqqan suwg'a ayag'ım tayıp ketip, arqalag'an qazanım jerge tu'sip ketti. Qarasam, qazannın' basqa jag'ı jarılıptı. Keshte apam shaydan keyin jarma pisireyin dep suwdı quyıp jibergeni, bag'anag'ı sıng'an jerinen suw ag'ıp, janıp turg'an ottı pısqıtıp jiberdi. Apam sonda sıng'an qazang'a bir qıynaldı deysen'. Men ishimnen qorqıp, za'rrem qalmay qaltırap otırman.

Jumabay erten'ine oqıwdan kelgennen keyin men joqta uyag'a u'sh ret barıp, u'sh ret uyadan qırg'awıldı u'rkitipti. Sonnan baslap qırg'awıl uyasınan bezigip ketipti. Sıra' uyasına jaqınlamaydı.

Sondag'ı menin' qıynalg'anım, Jumabayg'a degen g'a'zebim ko'p ku'nlerge deyin tarqamadı. Ne de bolsa u'ydegi g'urq basıp atırg'an tawıqlarg'a a'kelip qosayın degen maqset penen uyaga barsam, bir de ma'yek qalmaptı. Jumabaydan gu'manlansam, izimnen erip qalmaytug'ın Aqqus timiskelenip ju'rip, na'rsesin qoymay sol jerde jep qoyıptı.

Ku'n ıssı bolg'anlıqtan u'ydin' arqasındag'ı Shunaq japtag'ı balalar shomılatug'ın Qos jarg'a boyannın' arası menen ketip baratırsam, izinde bes-altı sho'jesin ertip, Salı atızg'a qaray kirip baratırg'an ana makiyendi ko'rip qaldım. Sol jerlerdi aylanshıqlap abaylap qarasam, bayag'ı g'urq basqan ana ma'kiyenge usattım. Sonnan baslap qolım tiyse olardı baqlap ju're berdim. Ja'niwarlar, Qos jardan arı o'tip ketpeydi-aw sira'!

Gu'z ketip ha'mme azı-kem egin-teginin jıynastırıp aldı. Bıyıl qıs qattı keledi dep eki adamnın' bası qosılsa aytısıp otıradı. Bizler de sonı esitip suwıqtan qorqamız. Sebebi, ayag'mızdag'ı kebiri shıqqan sherim etik la'm tiyse, ayag'ımızdı yabbar dep qısıp adımımızdı attırmaydı. Ju'rsek sol uwayım.

Yanvar ayında qar tez-tezden jawıp turdı...

Bir ku'ni sa'skede dalag'a shıqsam, awıldın' arqasında eki atlı ja'ne jayaw bir adam qırg'awıldı Qos jardan ushırıp, arman-berman quwıp ju'r eken. Men de solardın' qızıg'ına qarap tamnın' basında qırmannın' qaraqshısınday sileyip qarap tura berdim. U'ydegi kempir apamnın':

— Haw, shırag'ım suwıqtan silen' qatt g'oy, solar sag'an uslag'an qoyan-qırg'awılınan bere me? — dep

u'yden ha'r dalag'a shıqqan sayın zin'ireyip turg'an mag'an baqırıp ketedi.

Tu'ske taman atlılar u'ydin janındag'ı ishi qamısqa tirelgen go'ne ılay qa'ndekten qırg'awıldı ushırdı... Qırg'awıl jan-aybatı menen kele arqa jag'ı qulag'an seyisxananın' ishine o'zin tasladı. Sol jorg'alawı menen soradan qıspaqlanıp islengen mal qorag'a kirip ketti. Adamlar seyisxanag'a kirdi dep oylamasa kerek... Men olarg'a bildirmey tamnın' basına minerin minsem de, qollarım paqsanı uslawg'a juwıspay, zorg'a degende jerge tu'stim. Juwırıwım menen mal qorag'a kirsem mu'yeshte qozg'alıwg'a halı joq, ko'zi jıl-tırap, basın qorag'a tıg'ıp jatır eken. Da'rha'l usladım da, qoltıg'ıma qısıp, quwanıp, u'yge kirip bardım.

Kempir apamnın' ko'zi qolımdag'ı qırg'awıldı ko'rmey, otqa pisirgen ko'meshti «ma', ash bolg'an shıg'arsan'», dep mag'an usındı.

— Apa, bunı men usladım, men! — dep o'kpem tıg'ılıp so'yley almay, apamnın qasına a'tashtan'ga otıra kettim. Kempir apama bolg'an waqıyanın' usaq-tu'sigin qaldırmay ayttım.

Ol qırg'awıldı mennen beter ayap ketti.

Qırg'awıl bir-eki ku'nnen keyin o'zine kelip, adamdı ko'rse qashıp, son'-son' mag'an azlap u'yrenise basladı...

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Balalar jasırınbaq oynap ju'rip ne ko'rdi?
2. Onın' Jumabayg'a ne ushın ashıwı keldi?
3. Gu'rrin'di ta'sirli oqıp, mazmunın so'ylep berin'.

# ANA — WATANIMIZDIN' GO'ZZAL TA'BİYATI

## U'LKENİ TANIN', BALALAR

*T. Seytjanov*

U'lkeni tanın', balalar,
Qanday sulıw u'lkemiz,
Ten'iz desen', Aral bar,
Su'yetug'ın ha'mmemiz,

Tog'ayın ko'rsen' jazında,
Ken' jazıqlıq jaynag'an.
Tawları biyik, ko'linin',
Suwı tınıq aynadan,

Bul u'lkenin' a'jayıp,
Gu'l ornag'an jazı bar.
Qurg'ag'ın mal jaylag'an,
Ko'linde aq quw, g'azı bar.

Watanımızdın' ta'biyatın su'yin'! Onı izertley bilin'!

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. U'lkemizdin' ma'wsimlerge baylanıslı qanday o'zgeshelikleri bar?
2. Qosıqtı ta'sirli oqın', mazmunın so'ylep berin'.
3. Qosıqtı yadlap alın'.

## KİYİKLERDİ ATPA, AN'SHI

*X. Saparov*

Dalalıqta o'ssin biyg'am,
Toparına salman' oyqan.
Jaqsı emes jandı qıyg'an,
Kiyiklerdi atpa, an'shı.

Adamlardan qorqıp qashar,
Talay ken'islikten asar,
Bolago'rme jolın tosar,
Kiyiklerdi atpa, an'shı.

Ja'niwarlar qalıp tur az,
Ata bersen' tuqım qalmas.
Olar g'amxorlıqqa mu'ta'j,
Kiyiklerdi atpa, an'shı.

Aytqanımdı alın' yadqa,
Oqıp ko'rin', tu'sti xatqa.
Za'leli joq adamzatqa,
Kiyiklerdi atpa, an'shı.

Boldın' og'an nelikten qas,
Oqtan qulap jatsa turmas.
Sorg'alaydı ko'zinen jas,
Kiyiklerdi atpa, an'shı.

Ken'islikte ja'niwarlar,
Jayıladı topar-topar,
Quralayı jetim qalar,
Kiyiklerdi atpa, an'shı.

Olar o'lse qaytıp kelmes,
Dep oylama basqa bilmes.
Jandı qıyg'an on'g'an emes,
Kiyiklerdi atpa, an'shı.

Ken' dalag'a beredi sa'n,
Olar ushın U'stirt ma'kan.
Qayda barar onnan quwsan',
Kiyiklerdi atpa, an'shı.

## G'AMXORLIQ

*(gu'rrin')*

*T. Qayıpbergenov*

Azat penen Turdımurattın' u'yleri eki shaqrımday qashıqlıqta turadı. Olar mudamı oqıwg'a birge kelip, birge qaytatug'ın edi. Mektepten bir shaqırımday qashıqlag'annan keyin joldın' eki boyında qalın' tog'ay

baslanıp ketedi. Ba'ha'r bolsa tog'ay arasında ju'riw olarg'a og'ada qolaylı. Azang'ı waqıtta tog'aydag'ı tu'rli quslardın' ha'r tu'rli namag'a salıp sayrag'an dawısları olardı ko'p jerge shekem shıg'arıp salar edi. Qıs aylarında qanday u'rgin bolsa da usı tog'aydan shıqqansha malaqaylarının' qulag'ın haslan tu'sirgen emes. Keshegi dem alıstan son'gı ku'ni oqıwdan kiyatırg'anda, tog'aydın' ishinde bir na'rsenin' ayanıshlı sesti shıqtı. Ekewi de irkilip qulaq saldı, tım-tırıs. Tag'ı da ju'rdi. Jan'agı dawıs anıqlana tu'sti.

— Man'ırag'anday ma? — dedi Turdımurat shep qulag'ına qolın tutıp.

— Berman ju'r, — dedi Azat Turdımurattın' iyninen tartıp.

Olar soqpaqqa talasıp, bir-birinin' aldına tu'siwge asıg'ıp, joldın' batıs ta'repine burıldı.

Azg'ana ju'rgennen son', qalın' sho'pliktin' arasında u'rpeyip atırg'an appaq ju'ndi ko'rip keyin shegindi. Turdımurat qorqqanlıg'ınan da'rha'l Azattın' sırtına shıg'ıp onın' iyninin' u'stinen qarap turdı.

— Qıbırlaydı g'oy, — dedi Turdımurat sıbırlap. Eger ol ornınan turıp kete g'oysa, qashıwg'a da biyimlendi.

— Aq qoy g'oy, qoy!

Turdımurat Azatqa qorqqanlıg'ın bildirgisi kelmey, qaptalına kelip turdı. Anıqlap bilgisi kelip, olar aldına bir-eki adım atlap edi, jatırg'an iri ma'lshi qoy eken.

Bular jaqınlag'an sayın, qoy ornınan turıwg'a ın'-g'aylastı. «Toqta» degendey Azat Turdımurattın' shalg'ayınan tarttı. Birin-biri jazdırmay, ayaqların eplep basıp, olar u'ken toran'g'ıldı tasaladı. Aradan ko'p waqıt o'tpey-aq, jas to'llerdin' dawısı shıqtı. Olar juwırıwı menen qoydın' qasına keldi. Ana qoy egiz qozı tuwıp, olardı jalap atır eken. Ku'n ayaz edi, qozılar sho'ptin' u'stinde qalshıldasıp jatır.

— Turdımurat, — dedi Azat qozılarg'a u'n'ilip turıp, — ko'rip tursan' ba? Endi azmaz jatsa, suwıq o'tip, o'lip qalıw qa'wpi bar.

— Onda ne qılamız? Turdımurat qolına jin'ishke shıbıq alıp, bir qozının' qarnına tu'rtip jibergeni, qozı ayaqların bawırına tarttı. Onı Azat eskergen joq. Sebebi ol sırtqı paltosın sheship atır edi.

— Ne qılatug'ın edi. Ha'rqaysımız birewin paltog'a orap, fermag'a aparıp beremiz, — dep Azat paltosın jerge jayıp jiberdi.

— A'y, tazalıqsız, — dedi Turdımurat murnın jıyırıp, — ılasqa bılg'anıp atırg'an qozılardı paltog'a orawg'a bola ma?

— Kiyimlerdi juwdırsaq tazaradı. Al qozılar o'lip qalsa, tirile me? Turdımurat juwap beriwdin' ornına murnın tartıp qoydı.

— Qa'ne sheshin! — dep Azat Turdımuratqa buyrıq

berip, qozılardın' birewin o'zinin' paltosına qos-qollap saldı.

— Joq, men bunday na'rsege qol urmayman. O'zin' aparıp tapsıra ber. Turdımurat qolın bir siltedi de o'z jo'nine ketti. Azat asıqpay otırıp, qozılardın' ekewin de, paltosına jayg'astırıp oradı. Tumsıqların sırtqa shıg'arıp ko'terip ju'rip edi, anası izinen erdi...

G'arrı shopan Azatqa ko'p alg'ıslar ayttı. Erten'ine Azattı oqıtıp ta'rbiyalag'an adamlarg'a kewli tolg'anın aytıp qaytıw ushın mektepke baratug'ının ayttı.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Azat penen Turdımurat oqıwdan qaytıp kiyatırıp, tog'aydın' ishinen qanday dawıs esitti?
2. Tog'ayda tuwılg'an qozılarg'a qanday g'amxorlıq islendi?
3. Azat ha'm Turdımurattın' so'zlerin teksten tawıp oqın', olarg'a awızsha minezleme berin'.
4. G'arrı shopan ne ushın mektepke barmaqshı boldı?
5. «G'amxorlıq» degen temada u'yde shıg'arma jazıp kelin'.

# 9-MAY — ESLEW HA’M QA’DİRLEW KU’Nİ



## ESTELİK ALDINDA

*T. Qabulov*

O–h–o, mına estelikti kim qurg'an?!
Kim qursa da, nur u'stine nur qılg'an.
İnsanlardın' ıqlasına raxmet,
Kebir ashıp jatqan jerdi gu'l qılg'an...

No'kistegi ullı Berdaq gu'zarı,
Jan'a-jan'a gu'zar jolg'a usadı.
Ulıg'bektin' esteligi-minekey,
Mustaqıllıq bergen demnin' mısalı...

Gu'zar jolg'a duslasqan qos danıshpan,
Juldızlardı na'zerlep tur alıstan.
Bul estelik din musılman du'nyasın',
Qutqarg'anday moynındag'ı qarızdan.

Berdaq babam barıp og'an sa'lemge,
Danalıg'ın megzetip xat-qa'lemge,
G'a'rezsizlik degennin' tu'p ma'nisin,
Tu'sindirip turg'anday tap a'lemge...,

O–h–o, mına estelikti kim qurg'an?!
Kim qursa da, nur u'stine nur qılg'an...
O'z ag'amız — o'zbekke ko'p raxmet,
Ullılıqqa Ulıg'bektey umtılg'an.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Estelik kimge arnalg'an?
2. Usınday estelikler tag'ı kimlerge qoyılg'an?

## ESTELİK ALDINDA

*(gu'rrin')*

*K. Pazılbekov*

Bir ku'ni qala orayındag'ı urısta qurban bolg'anlarg'a ornatılg'an estelikke gu'lshen'berlerin qoydıq. Qa'pelimde menin' ko'zime jas keldi.

— Haw, sen nege jilap tursan'? — dedi Gu'lxatiysha.

— Menin' ag'am da urısta qurban bolg'an! — dedim.

— Joq, senin' ag'an' suwg'a ketken, — dep mag'an qaradı.

— Onı kim aytti sag'an?...

— Bizlerge kempir apam aytıp berdi. Men ne derimdi bilmey, aldı-artıma qaramay kettim. U'yge jetkenshe asıg'aman. Ko'z jaslarım betlerimdi juwıp ketti. Da'rwaza aldında meni ku'tip turg'an apam aldıma juwırıp shıqtı.

— Haw, sag'an ne boldı, qızım?— dedi.

Men «illa» dep awzımdı ashpadım. To'rgi o'jirege «su'n'gip» kettim. Ko'zimnen aqqan jas ele tıyılar emes. Eki ko'zim qızarıp ketipti. A'llenemirden keyin apam bas ushıma kelip:

— Kim seni irenjitken, qızım? — dep shashımnan sıypaladı.

— Apa! — degende dawısım dirildep ketti.

— Haw, qızım! — dedi ol.

— Tap ha'zir-aq aytayın ba? — dedim og'an.

— Ayta ber! Nege irkilip qaldın'? Tamag'ıma bir na'rse tirelgendey bir jutınıp aldım da:

— Ag'amnın' suwg'a ketkeni ıras pa? — dedim dawısım qaltırap.

Anam ko'p waqıtqa shekem u'ndemedi, awır gu'rsindi. O'tmishti yadına tusirse kerek...

...Urıs jılları edi. Ol waqları Aral tolqınları din' aspang'a shapshıp turar edi. A'ken'! «Qoy awzınan sho'p almaytug'ın» nag'ız azamat edi. Ol a'skeriy komissariyatqa qatnay-qatnay tabanı tozdı. Ha'r saparı «bir mu'shen'iz kemis» — dep qaytara berdi. Tılda ju'rip-aq o'zimdi ko'rseteyin dedi me, bir o'zi na'ha'n aw qayıqta balıq awladı. So'ytip ju'rgende «staxanovshı» atandı. Bir ku'ni kolxoz baslıg'ı og'an sıylıqqa «jamılmasam o'lgeymen» degen oramal beripti. Sol ku'ni quwanıshı qoynına sıymay u'yge keldi de:

— Ma', mınanı basın'a tarta g'oy, — dep qag'azg'a orawlı bir zattı mag'an usındı. Ishin ko'rip, ko'zim jaynap ketti. Shashaqları suwsıldag'an jipek oramaldı basıma tartıw tu'we, qolıma uslap ta ko'rgen joq edim.

— Qalay, jarasa ma? — dedim de basıma ayqara jamıldım.

— Ju'da' shıraylanıp kettin', — dep ol ishek-silesi qatıp ku'ldi. Sondag'ı quwanıshında shek joq edi. Mine arshanın' tu'binde jatırg'an sonın' jullıg'ı. Onı ko'zdin' qarashıg'ınday etip saqlap qoyıppan, — dep ko'zine jas aldı.

— Qoysa, apa, jılamasa? — dep onı jubatıwg'a ha'reket ettim.

— Yaqshı, qızım! Endi jılamay-aq qoyayın. A'tten', a'ken' paqır senin' boy jetkenin'di ko're almay, erte-rek ko'z jumdı,— dedi de oraypeginin' ushı menen ko'z jasın su'rtti.

— O nege? — dep ıntıg'a soradım.

— Urıs ele tamam bolaqoyg'an joq edi. «Bir shabaq dushpang'a bir oq» su'reni astında ku'n-tu'n demey balıq awladı. Keshqurın balıq qabıllaw punktinde suwıq xabar taradı.

Adamlardın' tu'nerip kiyatırg'an tu'rine qarap, ne bolg'anımdı bilmey esim awıp qalıptı. Sonın' arasında adamlar gu'w basıp u'yge kirdi. Usılay etip senin' a'ken' de xalıq ushın jan berdi. Biraq bul estelik urısta qaza tapqanlarg'a ornatılg'an edi. Og'an hesh qapa bolmay-aq g'oy. Endi a'ken'nin' qa'birine estelikti o'zlerimiz qoyamız.

— Iras aytasan' ba, apa?

— Awa, qızım.

— Bay-buw, qızım-aw! Jatar wag'ın' bolıp qalg'an

eken. To'segin'di sala g'oy, — dedi de apam ornınan turdı. Men kop waqıtqa shekem uyqılay almadım.

— Tan' atsa bolar! Usılardın' ba'rin Gu'lxatiyshag'a aytıp beremen, — dep oyladım.

Erten'ine azanda Gulqatıyshanın' o'zi u'yge keldi. Onın' kelgenine ba'rinen beter apam qattı quwanıp:

— Kel, shırag'ım, — dep to'sek sala basladı. Gu'lxatiysha uyalg'anınan to'men qarap, bosag'ada irkilip qaldı:

— Keshir, Baxtıgu'l! — dedi ol dawısı targ'ıllanıp. — Keshe seni qapa etkenime o'kindim. O'ytkeni a'ken'iz nag'ız ma'rt eken.

— Bir saparg'a qurdasın'a keshirim ber? — dedi apam mag'an.

— Yaqshı, — dedim de qolımdı sozdım.

— Mektepke ju'r? — dep Gu'lxatiysha qolımnan tarttı.

— Baxıtlı bolın', qızlarım!

Usı so'zlerdi aytqan apam ekewimizdin' izimizden ku'limsirep qala berdi...

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Qız ne sebep renjidi? Tekstten tawıp oqın'.
2. Qızdın' anası nege ko'zine jas aldı?
3. Gu'lxatiysha ne ushın keshirim soradı?
4. Gu'rrin'di tu'sinip oqıp, mazmunın so'ylep berin'.
5. Sizlerge dosların'ızdı irenjitesizler me?

## ULIM, SİRA’ URIS BOLMAYDI

*Zulfiya*

Ba’ha’r keldi. Jadırar ku’n,
Qarlıg’ashlar qalqıp ushtı,
Uyqılap atırg’an ulımnın’,
La’bi u’stine saya tu’sti.

A’llenege tınıshsızlanıp,
Qaray berdim men balama,
O’mirdi ol eplep tanıp,
Eseymekte jan’a g’ana.

Boyg’a ha’zir mennen asar,
Ko’ksine bas qoya alaman,
A’kesinin’ ornın basar,
Jigerbentim bolg’ay aman.

Su’yikli yar salg’an jayda,
O’ser onın’ ja’digeri,
Quwanar edi-aw, balam, ol da,
Ko’rse ha’zir a’ken’ seni.

Zalım urıs! Atın’ o’shsin!
Sen sebepli kewlim jara,
Ko’p u’ylerde sen sebepli,
«A’ke» so’zin bilmes bala.

«A’ke» so’zin julıp aldın’,
Na’restenin’ tilinen sen,
Ele de jaqsı, Watanı bar,
Onı jetimsiretpegen.

Ana bolıp asırap men,
A’ke bolıp jolg’a saldım,
Mine, elge ul o’sirgen,
Bir da’wlet men de bolıp qaldım.

To’gilgenim qayta tolıp,
Kemis kewlim pitti ja’ne,
Su’yenerge tawım bolıp,
O’sip atır ulım, mine.

Men anaman, menin’ janım,
Perzent demi menen jasar,
Urıs dese suwıp qanım,
Geyde ko’zden uyqı qashar.

Joq! Urıstın’ o’shsin atı,
Bala da’rka’r o’mir ushın,
Bala — baxtımnın’ qanatı,
Bolar ma qanatsız ushıp.

Qarlıg’ashtın’ qanatının’,
Sayasınan basqa saya,

Uyqıdag'ı na'restenin',
U'stine tu'spegey, sira'.

Jeter endi, analardın',
Kewlin dag'lap, qorqıtıwlar!
Tilegi sol xalıqlardın',
Urıs dese, denem juwlar.

Ko'kirek su'ti, miynet penen,
Biz turmısqa beremiz jan,
Shıqsa analar g'a'zep penen,
Urıs bolmaydı, ulım, hasla.

**Tapsırmalar:**

1. Qosıqta: «Ko'p u'ylerde sen sebepli, «A'ke» so'zin bilmes bala» degen qatarlardın' ma'nisin mug'allimnin' ja'rdemi menen tu'sinip alın'.
2. Shayırdın' bul qosıg'ı arqalı urıstın' barlıq xalıqqa, ha'rbir shan'araqqa, ha'rbir adamg'a tiygizgen zıyanın ashınıp aytqan qatarların tawıp oqın'.
3. Qosıqtın' keyingi 3 kupletin yadlan'.

## TINISHLIQ JASASIN

*X. Saparov*

Jawızlıq iske,
Kim qolın ursa.
Bilemiz ondaydın',
O'miri qısqa.

«Birewge go'r qazsan'»,
Tu'sesen' o'zin'.
Senin' de uzamay,
Jumılar ko'zin'.

Watanın satqan,
Ju'zi qaralar.
Jerkenip qaraydı,
Og'an adamlar.

Jawızlıq heshqashan,
İske aspag'an.
Tınısh o'mirde,
Xalqım jasag'an.

Tuwısqan xalqıma,
Tınıshlıq kerek.
Tınıshlıq ushın,
Sog'adı ju'rek.

Tınıshlıq jasasın,
Qanxorg'a o'lim!
Ma'rdana jasaydı,
G'a'rezsiz elim.

**Tapsırma:** Qosıqtı oqın'.

## OQIWSHILAR TİLİNEN

*S. Nurımbetov*

Bilim alıp qunıg'amız,
Som polattay shınıg'amız,
Oqıymız ha'm tınıg'amız,
A'lpeshlewde ana mektep,
İs qılamız tınıshlıq dep.

Doslar qızg'ın is basında,
Miynet baxıt arqasında,
G'ayrat salg'an mol hasılg'a,
Biz og'an beremiz ko'mek,
Xalıq isi tınıshlıq dep.

# JAZ



# KO’RKEM JAZ O’TEDİ SAZ

## DARYADA SUW MOL BOLADI

*T. Qabulov*

Bul jer ele zor boladı,
Da’ryada suw mol boladı.
Ju’rsen’ erkin na’pes alıp,
U’lken baylıq sol boladı.

Ele birin’ mın’ boladı,
Ekken egin ırg’aladı.
Appaq paxta aq may bolıp,
Arpa biyday un boldı.

Doslar dosqa qushaq ashsa,
Jollar jipek jol boladı.
Qara jerdi qayra bassa,
G’a’rezsizlik sol boladı.

Da’rya tolıp, ten’iz tassa,
Duz-nesiybesi mol boladı.
Watanımız O’zbekstan
Atıp turg’an tan’ boladı.

**Tapsırma:** Qosıqtı oqın’.

# MA'DİREYİM SU'N'GIGISH

*(a'nız a'n'gime)*

*G. Esemuratova*

— A'dette balıqshılar ju'zgish ha'm su'n'gigish bolıp keledi. Solardın' ishinde alg'ır, suw ushın tuwılg'anlar da ko'p boladı. Mine, sol suwg'a shıdamlı en' ku'shlilerdin' biri Esim menen Jalpaqtı jag'alap o'sken bizin' Ma'direyim boldı, — der edi Seytmurat atam.

Ma'direyim suwg'a tu'siwi ma'ttal, o'zin balıqtay sezedi. Og'an suwdın' ıg'ı da, o'ri de bir. Ju'zemen dese ju'zip, su'n'giymen dese su'n'gip kete beredi. A'sirese, bizlerdi onın' suw astında demikpey ko'p waqıtlar ju'retug'ını tan' qaldırar edi. Awıldag'ı suwg'a ketken adam bar ma, zat bar ma Ma'direyim tawıp beredi. Ha'tteki jog'alg'an iri na'rseler tuwralı aytpay-aq qoyg'annın' o'zinde, kimnin' bilezigi, kimnin' ju'zigi suwg'a tu'sse de tawıp beretug'ın sol kisi.

Al, men, Ma'direyimnin' hayran qalarlıq bir da'w ju'rekligin o'z ko'zim menen ko'rip, usı waqıtlarg'a deyin ko'p oylanaman. Ol keshe g'ana bolg'an waqıyaday bolıp ko'z aldıma elesleydi.

Bizler jayındı Ma'direyim menen Jalpaqtan awlaytug'ın edik. Suwdın' tasqınında jayınlar ıqqa o'tip, sa'l ta'p beriwden o'rleytug'ın edi. Sol o'rlep baratır-

g'anda na'ha'n jayınlardı kemede baratırıp u'lken tırma saplı shanıshqı menen alıstan shanshamız. Shanıshqı jayıng'a tiyse jayın tuwlag'anda shanıshqının' sabı tu'binen omırılıp qalsa qaladı da, temiri jayında ketedi. Al, shanıshqının' temirine uzın, bekkem shıjım baylanadı. Shıjımnın' ekinshi ushına suw qabaq tan'ılg'an boladı. Jayın suwqabaqtı su'yrep kete beredi. Bizler de sol suw qabaqtı baqlap jayınnın' izinen tartıp otıramız.

Jayın tuwlap-tuwlap bir-eki ku'nnen keyin aqırı o'lip, qalqıp shıg'adı. Onnan keyin barıp onı, bo'lisip alatug'ın edik. Bir saparı tap usılay etip Jalpaqtan jayın shanıshqanımızda jayınımız, Quwanıshjarmanın' ishine deyin tuwlap barıp, bir jerde turıp qalg'anday boldı.

Qabaq qalqıp tura berdi de, biraq jayın qalqıp shıqpadı. Usı turısta eki ku'n turdı. Bizler ne qılarımızdı bilmedik. Tu'sip ko're qoyayıq desek jayınnan qorqtıq, al qabaqtı tartayıq desek jibin u'zip alamız ba dep qa'wiplendik. Jayınnın' jerine hesh tayaw boylamaydı.

Aqırında Ma'direyimge adam jiberip aldırıwdı oylastıq. Ol keliwden awhaldı bilip, azmaz dem aldı. So'ytti de jayın jatqan jerge su'n'gidi de ketti. Ol sol su'n'gigennen bir et pisirimde suwdın' astınan birden

zon'q etip shıqtı. Jayın qashshan aq o'lgen eken, biraq jibi jiydenin' tu'birshigine oratılıp qalıp, jayın qalqıp shıqpay turg'an eken. Sonı jazdıraman dep keshigip qaldım, jayın ha'zir qalqıp shıg'adı, — dedi Ma'direyim, ol so'zin dawam etpey atırıp-aq jayınnın' to'si appaq bolıp ko'rindi. Awılg'a a'kelip bo'lisip aldıq.

Usı waqıyag'a deyin Ma'direyim ju'zgish der edik, al, waqıyadan keyin Ma'direyim su'n'gigish degen ataq tek bizin' awılg'a g'ana emes, al basqa awıllarg'a da tarap ketti.

**Soraw ha'm tapsırmalar:**

1. Ma'direyimdi ne ushın su'n'gigish dep atag'an?
2. Sizler suwda albıramay ju'ziwdi h'am su'n'giwdi bilesiz be?
3. U'lken jayındı qalay uslaw jolın tekstten tawıp oqıp berin'.
4. Ata-anaların'ızda balıqtın' basqa tu'rlerin bilip, da'pterlerin'izge jazın'.
5. A'n'gimeni tu'sinip oqıp, mazmunın o'z so'zlerin' menen aytıp berin'.

## A'JAYIP GU'L

Bir ku'ni suwret pa'ni mug'allimi oqıwshılarg'a:

– Ha'rbirin'iz u'yde gu'ldin' suwretin salıp kelin'. Ja'ne ba'rin'iz, bir gu'ldin' suwretin salıp kelmen'! Ha'rqaysısın'ız ha'r gu'ldin' suwretin salın', — dedi.

Nurzada u'yine barıp biraz oylanıp otırdı. Roza gu'lin salmaqshı edi, onı dostı Gu'lshad «menshiklestirip aldı». Ja'ne basqa gu'llerdi lala, romashka. Yaq bolmaydı, — dedi ol ishinen. Sebebi, bulardı da sog'atug'ınlar bar. A'ri oylanıp, beri oylanıp qıyalınan bir a'jayıp gu'ldin' kelbetin sa'wlelendirdi de, suwret da'pterine sala basladı.

Bir ku'ni suwret sabag'ı da baslandı. Mug'allim jurnaldı toltırıp, barladı da, familiya boyınsha shaqırıp u'yge tapsırmag'a baha qoya basladı.

Mug'allim oqıwshılardan salg'an gu'llerinin' atın sorap atır. Kimisi nazıbay gu'ldin', kimisi roza gu'ldin' suwretlerin salıptı. Gu'lnara degen u'lgili oqıwshı qıpqızıl lala gu'ldin' suwretin sup-sulıw etip salıptı.

Nurzada oyg'a shu'mdi. Sebebi, ol qıyalınan do'retken gu'line at qoyg'an joq edi. Birden oyına televizordan esitken tyulpan degen gu'ldin' atı «sap» ete qalıptı.

— Kamalova! — dedi mug'allim de sol waqıtta. Nurzada ornınan tura sala mug'allim ta'repke ju'rdi. Suwret da'pterlerinin' betin ashıp, stoldın' ustine qoydı.

— Bul gu'l ju'da' sulıw shıg'ıptı. Atı qanday?–dep soradı mug'allim.

— Tyulpan, — dep juwap berdi Nurzada.

— Ha-aw! «Tyulpan» degen orıssha g'oy. Lala gu'ldi Gu'lnara salıp kelgen g'oy, — dedi. Biraq, senin' gu'lin' hesh gu'lge uqsamaydı, — dedi tan'lanıp.

— Sol waqıtta Nurzada ne derin bilmey qattı albırap qaldı. «Tyulpan» — dep aytqanına qattı qısındı. Lekin, ol gu'ldin' suwretin sonday sulıw etip, ıqlas penen salg'an edi.

Mug'allim Nurzadanın' oyın tu'sindi de, onın' suwret da'pterine «5» bahasın qoyıp atırıp: — Nurzada heshkimnin' gu'line uqsamaytug'ın, a'jayıp gu'ldi shın ıqlas penen islepti, — dedi.

(«Jetkinshek» gazetasınan)

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Mug'allim oqıwshılarg'a u'yde orınlawg'a qanday tapsırma berdi?
2. Nurzada ne ushın oylanıp qaldı?
3. Gu'lnara qanday gu'ldin' suwretin salg'an eken?
4. Nurzada ne ushın qısındı, ne ushın og'an «5» bahasın qoydı?
5. Gu'rrin'di ta'sirli oqıp, mazmunın so'ylep berin'.

## JAZG'I TAPSIRMA

Bu'gin oqıw jılının' aqırg'ı ku'ni edi. Sabaq tamam bolarda mug'allim bizlerge jazg'ı dem alıstı qalay o'tkeriw haqqında mınalardı ayttı:

— Balalar, sizler jıl boyı oqıdın'ızlar. Mine, endi oqıw tamam boldı. Endi jazg'ı dem alıs baslanadı. Jaz ku'nleri jaqsılap dem alın'lar, taza hawada bolın'lar, Waqtın'ızdı bosqa o'tkermen', ata-anaların'a ko'-meklesin'. Ha'rqıylı kitaplar oqın'. Jıl boyı oqı-g'anın'ızdı esin'izge tu'sirin'. İslegen qızıqlı jumıs-ların'ızdı haqqında ku'ndelik jazıp ju'rin'. A'sirese, o'zlerin'iz oqıp shıqqan a'debiy kitapların'ızdın' dizimin arnawlı da'pterge jazıp barın'lar. Onnan keyin ha'r qıylı eginlerdin', gu'llerdin' qalay o'setug'ınlıg'ın baqlan'. U'y quslarının' sho'jelerin, palapanların ta'rbiyalan', u'y qoyanların asıran'. Ta'biyat baylıqların qorg'awg'a, jas na'lsheler otırg'ızıp, olardı ta'rbiyalap o'siriwge ja'r-demlesin'. O'zin'izdin' turg'an jerin'izdin' ta'biyatın, ta'biyat baylıqların izertlen'ler.

Gu'llerdin' tuqımların jıynap, o'simliklerdin', ag'ash-lardın' japıraqların keptirip, qon'ızlardın', gu'beleklerdin', shegirtkelerdin' ha'm basqa da ja'nliklerden gerbariyler du'zin'. Ko'rgen-bilgenlerin'izdi da'pterlerin'izge jazıp alın'. Bizler kelesi jılı olardı klasımızda jaqsılap u'yrenemiz ha'm oqıymız.

Keyin Saparbay menen Orazg'ul qurt-qumırsqalardı, O'tebay menen O'tepbergen ha'r qıylı taslardı tawıp keletug'ın boldı. Asqar jazda u'yrektin' palapanların bag'atug'ınlıg'ın ayttı.

Asan mekteptegi «Janlı mu'yesh»ke bu'rkittin' palapanın alıp keletug'ının ayttı. Al, Ayzada menen Mırzabay mektep kitapxanasındag'ı kitaplardı qayta tu'plewge ha'm on'lawg'a qatnasatug'ının ayttı. So'ytip balalar mug'allim menen xoshlasıp, mektepten xabar alıp turıwg'a wa'delerin berip tarqastı.

## JOL QA'DESİN BİLİP AL!

*S. Abbazov*

Ba'rinen burın sen o'zin',
Jol qa'desin bilip al,
Ko'sheni kesip o'terde,
Ja'n-jag'ın'a na'zer sal.

Qarsı aldın'da qatar tur,
Bir azamat saq turıp,
Ku'nimizge jarap tur,
Udayına taq turıp,

Nusqay berer ha'mmege,
Aytpaydı biraq so'z benen,
Aljaspaydı qarasan',
Tu'sindirer ko'z benen.

Svetofor ol senin',
Ta'rtibin'di baqlaydı,

Jol qa'desin durıs bilsen',
Qa'wip-qa'terden saqlaydı.

**Soraw ha'm tapsırmalar:**

1. Ko'sheni kesip o'terde jol qa'desin orınlaw boyınsha ne islewimiz kerek?
2. Svetofordın' qaysı nurı jang'anda joldı kesip o'temiz?
3. Qosıqtı tu'sinip oqip, mazmunın soylep berin'.

### Jumbaq

Bir ko'zi ashılsa,
Bir ko'zi jabıladı,
Jansız zat bolsa da
Adamlar bag'ınadı

(Svetofor)

## SVETOFORDIN' SO'Zİ

*X. Saparov*

A'y, bala!
Mınag'an qara!
Al men senin' menen,
Bolaman jora.

Jollardın' kesisken,
Jerinde toqta,
Aldı-artın'a qarap,
O'zin'di baqla!

Mashina ko'rinse,
O'temen deme!
Baratug'ın jerge,
Jetemen deme!

Sen temir emessen',
Asıg'ıp ozba!
Joldan ju'retug'ın,
Qa'deni buzba!

Qutıla almaysan',
Juwırıp, qashıp,
Mashina ketedi,
Sa'l jerde basıp.

O'tip ketiw ushın,
Ko'k bolıp janaman,
Qa'wipsiz ju'riwge,
Wa'de qılaman.

A'y bala, bul so'zdi,
Yadın'da saqla!
Qızıl bolıp jansam,
Da'rha'l sen toqta!

**Soraw ha'm tapsırmalar:**

1. Qosıqta jol qa'desin saqlaw boyınsha qanday ko'rsetpeler bar?

2. Qosıqtan svetofordın' so'zlerin tawıp oqıp, o'z so'zlerin'iz benen so'ylep berin'.
3. Qosıqtı tolıg'ı menen yadlap alın'.

## BİLİM — AQILDIN' SHIRAG'I

*(Yusup Has Ha'jıp)*

Na'siyatlar jaqpas nadanlar ushın,
Men jazdım haqıyqıy adamlar ushın,
Bul so'zlerdi bilimlige arnadım,
Bilimsizdin' tilin bile almadım.

Bilimsizlik — bir apatqa jolıg'ar,
Bilimlilik — jasqa qaray tolıg'ar,
To'r-esiktin' parqın bilmes ilimsiz,
Payına tiyse, to'rdi bılg'ar bilimsiz.

## QOSIMSHA OQIW USHIN

### SORAYMAN MEN APAMNAN

*S. Abbasov*

Turım kiyatqan joldan,
Velosiped keldi soldan!
An'lawsızda qag'ıp o'tti,
Bala jaralandı qoldan.

Ha'mmeden burın bir g'arrı,
Ko'rdi de janına bardı,
Ornınan turg'ızıp da'rhal,
Serledi qoldag'ı qandı.

— Balam, balam, — dep basın,
Sıypadı, su'rtip ko'z jasın,
Qolın' qırshılg'an azıraq,
Uzaq boladı jasın'!

Bir militsiya ju'rip qattı,
Berman qaray adım attı,
Velosipedti toqtatıwg'a,
U'shpelegin shırıldattı.

Birinshi Turımg'a keldi,
Tanısıp awhalın bildi,

Jaqsı ekensen', jigit dep,
Quwang'an tu'r bildirdi.

Kishi eken ele jasın',
Bolsın ju'rgende joldasın',
Tu'sinip qoy balam — dedi,
Ku'limsip, qag'ıp arqasın.

Velosipedti aydag'an,
Jigitke bardı qaytadan,
Abaylı bol, sen dedi,
Aqırg'ı ret aytaman.

Keldi mashina «Tez ja'rdem»,
Ba'lkim birew xabar bergen,
Tekserdi doktor Turımdı,
Dedi: azmaz za'lellengen.

Basqa heshna'rse joq dedi,
Qolın' qırshılg'an tek dedi,
Da'ri jag'ıp, tan'ıp qoydı,
Qozg'ay berme ko'p dedi...

G'arrı jolın dawam etti,
Militsioner qaldı tekte,
Balanı doktor u'yine,
Mashinada a'kep ketti.

Jası jetige qarag'an,
Oqıwg'a ju'da' talaban,
Kitabın qoltıqlap ku'nde,
Deydi mektepke baraman.

U'kesi bıyıl u'shinde,
Ba'ribir azan-keshinde,
Apasının' so'zi bar,
Turımnın' da esinde.

Jılasa boldı balası,
Qorqıtıp aytar anası:
Alıp keter ana g'arrı
Kelip turg'anın qarashı!

Bolmasa, yaqshı tura tur,
A'ne, militsiya kiyatır,
Militsiya! Jılay beredi,
Mına balanı kelip ur.

Jılay berme, qoy endi,
Jılasan' doktor keledi,
Ol uzın iynesi menen
Shanshıp, azap beredi.

Bala talay jılaydı,
Ana talay qaytalaydı,

Qorqqanday bolıp sonda,
Esikke bala qaraydı.

Bunday so'zler Turımg'a,
Ko'p aytılg'an burında,
İshinen qorqıp ju'r edi,
Tu'sinbey bunın' sırına.

Sonnan shıg'ar tu'si suwıp,
G'arrılar ko'riner suwıq,
Doktor qadar iynesin,
Militsiya keter quwıp,—

Degen oyı biykarlandı,
Bu'gin Turım ko'p oylandı,
Esitkenin ha'm ko'rgenin,
Salıstırıp, mısalg'a aldı.

G'arrılar bolsa bawırman,
Militsiya bekkem qorg'an,
Doktorım qanday qa'dirli,
O'mir gu'zetinde turg'an.

Adamdı qashırıp dostan,
Aldamaw kerek haslan,
Sorayman dedi Turım,
Apam nege aljasqan.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Anası balasın qalay qorqıtqan?
2. Bala apasınan neni soramaqshı?
3. Sizlerdin' ata-anaların'ız da sizlerdi qorqıtatug'ın ba edi?
4. Qa'legen 4 kupletin yadlap alın'.

# SHONTIQ TISHQAN

*(gu'rrin)*

*X. Saparov*

Bizin' u'yde qulag'ı mudamı tikireygen targ'ıl ala pıshıq bar edi. Ol u'ydegi ha'm du'zden keletug'ın tıshqanlarg'a pirzor. Tıshqannın' qıymıldap, tısırlap qashqanın yamasa iyisin sezse boldı, ku'ndiz yaki aqshamı menen jolın an'lıp qag'ıp aladı. Bazda tutqan "oljasın" shala-jansar etip tislep a'keledi. Edennin' u'stne qoyıp, aldın'g'ı ayag'ı menen tu'rtip, qasha g'oysa da'rriw bas salıp tislep, o'zinshe oynaydı. Men bunın' qızıg'ına talay ma'rte qarag'anman.

Bir ku'ni usı pıshıg'ımızdın' paymanası toldı. Dalada ju'rgen jerinde onı ma'lim pıshıq o'ltirip ketipti. Menin' pıshıg'ım ma'lim pıshıqtı u'y a'tirapına kel-tirmew ushın onın' menen jekpe-jek alıstı ma, tis-lesti me, tırmalastı ma — tu'binde ekewinin' otı o're janbag'an. Aqırında ma'lim pıshıqtın' ku'shi basımlaw bolıwı kerek. U'ydegi pıshıqtın' o'lgenine

qıynaldıq. Endi u'yge sırttan tıshqanlar u'yirsek boladı-aw, shifonerge ildirilip qoyılg'an kiyimlerdi, tekshelerde qatara turg'an kitap, gazeta-jurnallardı qıyıp-tesip ketetug'ın boldı-aw, dep qıynaldıq.

Aradan bir ay waqıt o'tti. To'rgi jayda qızıg'ıp kitap oqıp otır edim. Diywalg'a ildirilgen nag'ıshlı gilemnin' joqarısına ag'amnın' su'wreti qıstırılg'an. Surwet diywalg'a qag'ılg'an shegege jin'ishke jip arqalı baylang'an. To'mengi ergenegine de tu'sip ketpew ushın qos shege qag'ılg'an. Su'wret sa'l en'keyin'kirep anıq ko'rinip tur. Kitaptın' bir betin oqıp bolıp, ekinshi betine qolımdı soza bergenim, su'wrettin' artında bir na'rse tısırlap qıymıldag'anday boldı. Men bug'an onsha itibar bermedim. Kitabımdı oqıy berdim, jan'ag'ı qıymıldı tag'ı qaytalandı.

Men bug'an tan'landım, ornımnan turdım. Ayag'ımdı a'sten basıp su'wrettin' artına u'n'ildim. Qarasam, tıshqan eken. Ol gilemdi tasalap joqarıda turg'an su'wretke mingen. Shaması, jewge qolaylı bir na'rse izlegen bolsa kerek. Tıshqan mennen seziklendi me, da'rriw kelgen jag'ına qaray qashtı. Gilemdi panalap to'menge sıpqanap tu'sti. Bunın' ba'ri tez waqıt ishinde boldı. Tıshqan demnin' arasında ko'zden g'ayıp boldı. Men bul ha'reketti ko'zim menen ko'rip qaldım. Usı waqıtta menin' oyıma o'lgen targ'ıl

pıshıg'ım tu'sti. Onın' qa'diri o'tti. U'ydegi pıshıqtın' jogın bilip mına tıshqanlardın' joqarıda turg'an su'wretke de miniwin qara! Men gu'manlanıp tekshelerde qatara turg'an qımbat bahalı baylıg'ım — kitaplarımdı birimlep ko'zden o'tkere basladım. Tıshqan eki kitaptın' tu'p jag'ın qıyıp ketipti. Shifanerdegi kiyimlerimdi de ko'zden o'tkerdim. Tıshqan og'an kiriwge ele u'lgermegen eken.

Bunın' aldın alıw kerek boldı. Bunday mayda jırtqıshlardan heshqashan jaqsılıq ku'tiwge bolmaydı. Aqsham tıshqannın' ju'rer jolına qaqpan qurıp qoydım. Azanda ko'rsem, onın' serippesinde tıshqannın' quyrıg'ı qalıptı da, o'zi qutılıp ketipti. Endi quyrıg'ınan ayırılg'an shontıq tıshqandı qalay bolmasın qaqpang'a tu'siriwdin' jolın oyladım. Ol da hiyleker eken. Bes-altı ku'nge shekem qurg'an qaqpanıma izep baspadı.

Mende tag'ı basqasha oy payda boldı. Bul qaqpannan zorga qutılg'an shontıq tıshqan endi og'an qaytıp darımaydı. Sebebi ol qorqıp qaldı. Qaqpandag'ı nandı jeymen dep tebennin' qaramınday quyrıg'ınan ayırıldı. Endi men onın' ju'rer jolına basqasha qaqpan qurdım. Qaqpan serippesinin' aldına tırnaqtın' ko'le-mindey qattı nan ildirdim.

Erten'ine azanda uyqıdan oyanıp qaqpandı ko'rdim. İnsang'a ja'bir beriwshilerdin' o'miri qısqa eken.

İlgeride quyrıg'ın qaqpanda qaldırıp, o'zi zorg'a qutılg'an shontıq tıshqan ko'zi alarıp qaqpanda o'lip jatır.

U'yde pıshıq bolmasa da, onın' xızmetin atqarg'an, ko'lemi alaqanday temirden kewlim toldı.

**Soraw ha'm tapsırmalar:**

1. Pıshıq u'yge qanday payda keltiretug'ın edi?
2. Bala tıshqannan qalay qutıldı?
3. U'yin'izde qaysı u'y haywanların bag'asız?
4. Gu'rrin'di oqıp, mazmunın o'z so'zin'iz benen aytıp berin'.

## JAMAN A'DET

*S. Abbazov*

Mug'allim ku'nde azanda,
Ko'redi barlap jurnaldı,
Biledi an'lap ol sonda,
Kimler kelgen, kim qaldı.

Ketkenson' sabaq baslanıp,
Esikti ashıp qaraydı,
Dıqqatın bo'lip ha'mmenin',
Kiriwge ruxsat soraydı.

A'det bolg'an Maratqa,
Sabag'ınan keshikken,

Jigirma minut o'tkende,
Ko'riner bası esikten.

Bir ku'n emes, ha'r ku'ni,
Keshigedi ne ushın,
Mug'allim baqlap ko'redi,
Marattın' bul ju'risin.

## BİLİP QOYG'AN JAQSI

*(ha'disten)*

1. İlim jolında shopan sıyaqlı qırag'ı bolın'. Biraq ilimdi ra'wiyatqa aylandırıwshı bolman'.

2. Esitken ha'rbir so'zdi ayta bergen adam gu'nakar esaplanadı.

3. Joldan tikendi alıp taslag'an adamdı Allataala alg'ıslaydı.

4. Adamlarg'a jamanlıq islemesen', sadaqa bergen menen barabar.

5. Qarızg'a alıp kiygennen go're, qırq jamaw bolsa da, o'zin'nin' kiyimin'di kiygenin' jaqsı.

6. Para alıwshı ha'm beriwshi, sonday-aq ekewinin' arasında ju'rgen adam da Allataala ta'repinen na'letlenedi.

7. Ku'shliliktin' ma'nisi gu'reste jıg'ıw emes, ba'lki ornı kelgende o'zin basıw.

8. Birewdin' qolındag'ı na'rseden u'mit qılma. Da'mego'ylikten saqlan'.

9. Heshkim heshkimnen artıq emes.

## ALTIN NIZAMIM

*X. Saparov*

Nızamım, jaqtın' ko'pke,
Sizge hesh etpes o'kpe,
Xalıqtı shaqırasan',
Mudamı a'dillikke.

Raxmet, altın Nızam,
Ornadı nurlı zaman,
Oqıwg'a ha'm islewge,
Erkti berdin' mag'an.

Bereket darıp elge,
O'stim men usap gu'lge,
Siltedin' sarras joldı,
Keleshek ma'nzilime.

Bulaqtay kewlim tastı,
Shad etip mendey jastı,
Shaqırıp mektep, kolledj,
H'ar so'zin' jang'a jag'ar.

Xoshlıqta o'ter waqtım,
Miynettin' nanın tattım.
Tu'nekti serpip taslap,
Nızamım boldın' jaqtım.

**Tapsırmalar:**

1. «Nızam aldında ha'mme ten'dey» degen pikirdi mug'allimin'iz benen talqılan'.
2. Ma'mleketlik tımsallardı aytıp berin'.

## TERME

*T. Jumamuratov*

Taw bar jerde, bulaq bar,
Ko'z bar jerde, qulaq bar,
Qulaq bar jerde, ko'z bolar,
El bar jerde so'z bolar.

Molla bar jerde, quran bar,
Urıs bar jerde, qural bar,
Paxta bar jerde, shigit bar,
Qız bar jerde, jigit bar.

Ko'l bar jerde, balıq bar,
Suw bar jerde, xalıq bar,
Ku'n bar jerdin' tu'ni bar,
El bar jerdin' mini bar.

Suwıg'ı bolar usının',
Oylap qaran' qıs ku'nin,
Bilgir bar jerde, nadan bar,
Jaqsı bar jerde, jaman bar.

Jorg'a bar jerde, jortaq bar,
Batır bar jerde, qorqaq bar,
Qosshı bar jerde, basshı bar,
Dusshı bar jerde, ashshı bar.

Toy bar jerde, jıraw bar.
O'lim bar jerde, jılaw bar.
Qılmıs bar jerde, jaza bar.
Jan bar jerde, qaza bar.

Quwanısh penen uwayım —
Egiz tuwg'an ag'ayin.

**Tapsırma:**

1. Ta'sirli etip oqıp, mazmunın so'ylep berin'.
2. Ha'rbir na'rsenin' bir-birine baylanıslı ekenligine tu'sinip alın'.

## ATA-ANANI HU'RMETLEW HAQQINDA

*(Qabusnamadan)*

A'y balam aqıl ju'girtip bilgil: ata-ananın' hu'rmet izzetin moyıng'a alıw lazım, perzenttin' tu'p-tiykarı ata-anadur. Ne ushın ata-anamdı hu'rmet qılaman dep, kewlin'e keltirme.

Olar senin' ushın o'limge tayar turadı. Sen onı biliwin' kerek. Eger ha'rbir perzent aqıllı, dana bolsa, ata-ananın' mehir-muhabbatı ushın hesh na'rseni orınlawdan da bas tartpaydı...

Ata-ananın' jumısı seni ta'rbiyalap o'siriw ha'm sag'an jaqsılıq u'yretiw.

Ata-ananın' kewilin hesh te irenjitpe, olardın' ju'rek-bawırın dag'lama.

Sen ata-ana haqqında din jag'ınan a'mel qılmasan' da, aqıl-mu'riwbet adamgershilik ko'zqarastan a'mel qıl. Ko'rgil: ata-ana sag'an ja'n-ta'ni menen g'amxorlıq qılar, eger sen olarg'a qa'te is qılsan', sen heshqanday jaqsılıqqa sazawar emessen', sebebi, adam ata-ananın' jaqsılıg'ın bilmese basqa birewdin' jaqsılıg'ına baha bere almaydı. O'z perzentin'nin' seni hu'rmet qılıwın qa'lesen', sen de o'z ata-anan'dı hu'rmet qıl. Sebebi, ata-anan'a qanday is etsen', perzentin' de sag'an sonday is etedi.

Adam miywag'a, ata-ana daraqqa usaydı. Daraqqa jaqsı ta'rbiya berse ha'm hu'rmetti ko'birek etsen', sen haqqındag'ı olardın' duwası tezirek qabıl boladı.

Du'nya-malg'a jarlı bolsan' da aqılg'a bay bolıwg'a ha'reket qıl, sebebi du'nya-mal menen bay bolg'annan go're, aqılg'a bay bolg'an jaqsıraq; aqıl menen du'nya-mal tabıwg'a boladı, biraq du'nya-mal menen

aqıl tawıp bolmaydı. An'qaw, nadan tez ka'mbag'allasadı, biraq mına na'rseni bilgil: aqıl — ol urı alıp kete almas, otta janbas, suwda batpas bir qımbat bahalı na'rsedur.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Perzent ata-ananı qalay hu'rmetlewi kerek?
2. Ata-ananı hu'rmetlegen perzent qanday da'rejege jetilisedi?
3. Tekstten tiyisli qatarlar tawıp, tu'sinip oqın'.

### Naqıl

Altın alma, aqıl al.

## APALARIMIZG'A SAWG'A

— Balalar, — dedi bir ku'ni mug'allim, — apaların'ızdın' bayramı mart ayının' 8-sa'nesi jaqınlap kiyatır. Olarg'a beriw ushın sawg'alar tayarlaw kerek. Men sawg'a ushın gu'l beriwdi usınar edim, biraq bunı waqtı kelip jetpegenshe, o'zlerin'izden basqa heshkim bilmewi tiyis.

Balalar bunı da'slep maqul ko'rdi. Biraq keyninen olar «qıstın' aqırında gu'ldi qaydan tabıwg'a boladı!» — dep tan' qalıstı. Bunnan son' olar klasta gu'l o'siriw kerek degen sheshimge keldi.

— Gu'l o'siriw jaqsı is, onı da isley berin'ler, biraq

menin’ aytayın degenim basqa tu’rli gu’l, — dedi mug’allim.

Mug’allim bul ga’pti aytıp boldı da portfelin ashtı. So’ytip ol portfelinen aq karton qag’azdan do’n’geleklep oyıp islengen kishkene tabaqlar shıgardı. Ha’rqaysısının’ ishki ortasında sa’l-pa’l bilinerliktey etip qa’lem menen gu’ldin’ su’wreti salıng’an. Japırag’ı da bar.

Mug’allim balalarga qarap:

— Minekey usılardı sawg’a etemiz, — dedi so’zin dawam etip,— biraq sawg’a etip beriwge shekem ha’mmenin’ gu’li ashılıp u’lgeriwi kerek.

— Mug’allim, ol qalay ashıladı?

— Onın’ sırı mınada. Eger bir sabaqtan «Bes» bahasın alsan’ız, o’zin’izdin’ gu’lin’izdin’ bo’lekshesin boyap qoyasız. Japıraqların ko’kke boyag’an maqul. Gu’ldin’ barlıq jerleri tegis boyalıp bolg’annan son’ gu’llerin’iz ashılg’an boladı.

— Onı kim boyaydı, o’zlerimiz be?

— Ha’r ku’ni bir oqıwshı na’wbetshi boladı g’oy, meyli sol boyasın.

Balalar azg’ana g’awırlasayın degen edi, mug’allim onı qoydırıp:

— Qa’ne tınıshlanın’lar, — dedi buyırıp.

— Na’wbetshi bolgan oqıwshı boyaytug’ın bolsın. Onın’ qasına qadag’alawshı etip birewdi belgileymiz.

Ol ha'rkimnin' qanday baha alg'anın jurnaldan baqlap baradı. «Bes» bahasın alg'an oqıwshını na'wbetshige xabarlaydı. Onnan son' na'wbetshi, onın' tabag'ındag'ı gu'ldi boyaydı. Mine bul jumıs usı usıl menen alıp barladı, maqul ma?

— Maqul.

— Qa'ne qadag'alawshı etip kimdi saylaymız?

— Azat bolsın.

— Sa'liyma bolsın.

— Balalar, — dedi mug'allim, menin'she Qa'lbiyke bolsın, ol bunday jumıstı jaqsı ko'redi, al Qa'lbiyke na'wbetshi bolg'an ku'ni, onın' ornına basqa birew boladı.

Balalar bug'an kelisim berdi.

Erten'ine ha'rbir oqıwshının' ismi ha'm a'kesinin' atı jazılg'an qattı qag'azdan islengen kishkene tabaqlar diywalg'a qıstırılıp qoyıldı. Olardın' ayrımlarında gu'ldin' bir bo'legi qızılg'a boyalg'an edi. Olar keshegi o'tken ku'ngi «Bes» bahasın alg'an oqıwshılardiki edi. Oqıwshılar diywaldag'ı tabaqlarg'a qarap turdı. Ha'r ku'ni o'zlerinin' gu'linin' ashıla baslawın, al gu'li ashıla baslag'anlar tezirek ashılıp bolıwın shıdamsızlıq penen ku'tti ha'm en' jaqsı bolıp oqıwg'a ayrıqsha kewil bo'ldi.

— Bir ku'ni A'met matematika sabag'ınan ha'm qaraqalpaq tilinen «Bes» bahasın aldı. Sonday-aq

Aysulıw matematika sabag'ı menen orıs tilinen «Bes» bahasın aldı. Olardın' gu'linin' birden son'g'ı eki bo'legi boyaldı. Basqa balalardın' da gu'lleri usılay ashıla berdi.

Erten' dem alıs degen ku'ni sabaqtan son', balalar u'ylerine tarqaspay, klasta irklip qaldı. Olardın' ha'rqaysısı o'z gu'llerine jan engenin ko'riwge qızıg'adı. Bul ku'ni na'wbetshi bolg'an Asan bolsa, diywaldag'ı tabaqlardı alıp, stoldın' u'stine jayıp qoydı da, aldıng'ı qızıl qa'lemlerdin' ushın shıg'arıw menen a'werelendi. Bu'gin «Bes» bahasın alg'an oqıwshılar ku'ndegige qarag'anda ko'birek usaydı. Qa'lbiyke bolsa, jurnalg'a qarap, «Bes» bahasın alg'an oqıwshılardın' dizimin jazıp otır.

Sa'liyma ketpey bir topar bolıp ju'rgen balalardı ko'rip qalıp:

— Haw, sizler ele ketpey ju'ripsizler me? Nege ketpey ju'rsizler? Bolmasa bizlerdin' boyaw jumısın alıp barıwımızg'a kesent jasayın dep ju'rsizler me? Qa'ne, tapsırın'lar, gu'llerin'izdi erten' ko'resizler, — dep olardı zorg'a degende qaytarıp jiberdi.

Tabaqlar diywalg'a qıstırılg'annan berli oqıwshılar juwapkershiligin qattı seze basladı. O'ytkeni ko'pten berli sag'ınıp ku'tken bayram mart ayının' 8-sa'nesi

jaqınlap kiyatırg'an edi. Olar o'zlerinin' gu'linin' tezirek ashılg'anın, tezirek og'an jan engenin shıdamsızlıq penen asıg'ıp ku'tpekte. Bul ha'rbir oqıwshının' o'zine baylanıslı edi. Aqırı, kim jaqsı oqıp, «Bes» bahasın ko'p alsa, onın' gu'li burın ashıladı.

Balalar ha'r ku'ni klasqa ku'ndegiden erterek keletug'ın bolıp qaldı. Olar diywalg'a qıstırıwlı turg'an tabag'ındag'ı gu'lge qızıqsına qaraydı.

Erten' mart ayının' 8-sa'nesi degen ku'ni balalar ha'r ku'ndegiden de erte keldi. Olar keliwi menen diywaldag'ı tabaqlarg'a u'n'iledi. Bul waqıtta barlıq balalardın' da gu'lleri ashılıp bolg'an edi. Ha'tte burın matematika sabag'ı menen orıs tilinen to'men baha alıp ju'rgen Samattın' gu'li de ashılıptı.

Bul ayda balalar haqıyqattan da ju'da' jaqsı oqıdı. Bir-birine ko'meklesti, ja'rdem berdi. Sabaqtı birge tayarladı, na'tiyje jaman bolg'an joq.

Sabaqtın' aqırında mug'allim diywaldag'ı qıstırıwlı turg'an tabaqlardı alıp, iyelerine u'lestirip, olarg'a bunday u'lgerip oqıg'anları ha'm aldag'ı waqıtları da usınday bolıp oqıw ushın o'z ustazlıq ken'esin berdi.

Balalar o'zlerinin' ashılg'an gu'llerin alıp, u'ylerine u'lken quwanısh penen qayttı. Olar erten' usı gu'l salıng'an tabaqların apalarına sawg'a etedi.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Oqıwshılar o'zlerinin' analarına qanday sawg'a tayarladı? Tekstten tawıp oqın'.
2. Tog'ayda tuwılg'an qozılarg'a olar qanday g'amxorlıq isledi?
3. Azat ha'm Turdımurattın' so'zlerin tekstten tawıp oqın', olarg'a awızsha minezleme berin'.
4. G'arrı shopan ne ushın mektepke barmaqshı boldı?
5. «G'amxorlıq» degen temada u'yde shıg'arma jazıp kelin'.

## SPORT — MENİN' JOLDASIM

*X. Saparov*

Sportqa jol ashıp berdi da'wranım,
Alg'a talpınaman izde qalmadım.
Trenerim shınıqtırıp ha'r ku'ni,
Bulshıq etim to'sligindey balg'anın'.

Sport hesh waqıtta tan'lamas jastı,
Eger og'an shıntlap bersen' ıqlastı,
Densawlıg'ım mıqlı jasap atırman,
Ju'rekke yosh enip, kewilim tastı.

Ayaqtı ko'silip, qarap jatpayman,
Sport sarayına ku'nde qatnayman.
Trenerdin' alıp ba'rha' ken'esin,
Alıslarg'a shabatug'ın attayman.

Sportta da tu'rli-tu'rli usıl bar,
Ha'mmesi de el ma'pine qosılar,

G’a’rezsiz Watanım eger buyırsa,
Qaratawdı qoparg’anday ku’shim bar.

Tasqınlag’an qarıw — ku’shim bar denemde,
Ha’mmesin jumsayman tuwılg’an elge,
Watannın’ bayrag’ın biyik ko’terip,
Eldin’ dan’qın jayajaqpan a’lemge.

Sport menin’ o’mirimshe joldasım,
Sezip ju’rmen g’ayratımnın’ talmasın,
Balalar sportı — da’wir talabı,
Basqalar da onnan shette qalmasın.

**Sorawlar ha’m tapsırmalar:**

1. Qosıqtı ta’sirli etip oqın’.
2. Sizler sporttın’ qaysı tu’ri menen shug’ıllanasızlar?
3. «Balalar sportı — da’wir talabı» degen qatardı mug’allimnin’ ja’rdemi menen talqılan’.
4. «Sport Watandı du’nyag’a tanıtadı» dep ne ushın aytıladı.

## JAZG’I DEM ALISTA

(gu’rrin’)

Balalar o’zleri jazg’ı dem alıstı qalay o’tkergenlikleri tuwralı so’ylese basladı. Mug’allimnin’ tapsırması boyınsha esinde qalg’anların da’pterlerine jazdı: «Jazda bizler mektep qaptalındag’ı qoyıw sayalı bag’da dem aldıq.

Bag'qa jaqın jerde tog'aylıq ha'm u'lken jap bar edi. Bul dem alıs ornı bizlerge unadı. Ha'r ku'nimiz kewilli o'te basladı.

Ha'r ku'ni azang'ı saat jetide turıp dene shınıqtırıw isleytug'ın edik.

Shınıg'ıwdan keyin bet-qolımızdı juwıp, azang'ı awqattı jeymiz. Azang'ı awqattan keyin u'lkenirek jastag'ı balalar jumısshılarg'a ko'mek beriwge ketti. Bizler tog'ayg'a qıdırıwga shıqtıq, ko'ldin' boyında qarmaq saldıq, tu'ski awqattın' waqtı jaqınlag'anda suwg'a shomıldıq.

Tu'ski awqattan keyin bizler barlıg'ımız uyqılawg'a jattıq, — dep jazdı Amangu'l.

Al, Sa'liyma o'zinin' da'pterine bılay dep jazdı:

«Bul jerde kitapxana bar edi. Bizler onnan kitaplar ha'm «Jetkinshek», «Qaraqalpaqstan jasları» gazetaların oqıdıq.

Bizge qonaqqa qon'sı mekteplerden balalar keldi. Olar menen futbol ha'm voleybol oynadıq. Geyde keshqurın ot jag'atug'ın edik. Ottın' qasında jetekshimiz bizlerge doslıq, Watan haqqında aytıp berdi.

Aydos bılay dep jazıptı:

«Jazda dem alıw qanday jaqsı, qanday qızıq! Bizin' mektebimizde ha'r qıylı milletlerdin' balaları bar edi.

Olardın' barlıg'ı da jaqsı oqıwshılar. Dem alıs mag'an ju'da' unadı».

*«Jetkinshek» gazetasınan*.

**Soraw ha'm tapsırmalar:**

1. Oqıwshılar jazg'ı dem alıstı qalay o'tkergen? Tekstti oqın'.
2. Sizler jazg'ı dem alıstı qalay o'tkerdin'ler? Eske tu'sirin', qısqasha aytıp berin'.

## KESHTE DA'RYA BOYINDA

*K. Sultanov*

Tu'ngi ko'rkine qara... Mawjırag'an tu'n. Aspanda qalqıg'an aydın' sa'wlesi qıtıg'ına tiygendey gu'mis tolqınlar tınımsız shapshıp oynaydı. Da'rya aqshamında da turmıs ha'reketinen qurı qol emes. Balıqshılar uyqıg'a ketti dey me, tu'n bolsa balıqlar ten'izden shubırıp shıg'ıp da'ryanın' ag'ısın o'rleydi. Biraq balıqshılar ol «shaytannın'» bul minezine qanıq. Onın' menen jastan sır minez bolıp o'sken balıqshılar gewgim tu'siwden qorg'asın aw, qayıqlardı sazlap, eskek-tayawların ko'p taqıldatpay jetpis-seksen qulash awların da'ryanın' ortasına keredi. Jag'ada jigirma-otız qayıq a'ne na'wbet ku'tip tur. Birewleri awların qarap, birewler kemenin' ishinde uyqılap jatır, ja'ne birewler jag'ada quyqıljıg'an a'n'gimesine balıqshılardı ku'ldirip

atır. Birew da'ryanın' ortasında, birew jag'ada o'tirikli-shınlı qosıq aytadı. Ermek kerek, a'n'gime tawsıladı, tan' ele uzaq. Sonlıqtan qızıq ertek te, jan'ıltpash ta, an'ız da, mereke jıyınnın' ga'pi de, da'stan, qıssa da, qullası, A'bdir jıraw menen Eshshan baqsı da, Ayımxan menen Yuldash ta usı jerde. Muzıka a'sbaplarımız kemis dep nalıp otırg'an balıqshı joq. Qamıstan islengen qobızdı ko'rgenin'iz bar shıg'ar. A'ne birew eki qamıstı g'ıyqıldatıp «Alpamıs»tı to'gip aytıp atır.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Oqıp shıg'ın'.
2. Balıqshılardın' da'rya boyındag'ı tu'ngi turmısı qanday?
3. Olardın' miynet etiw jag'daylarına dıqqat awdarın'.
4. Qaraqalpaq xalqına ta'n oyın-zawıq, ha'zil, u'rp-a'detlerdi belgilen'.

## TEN'İZ QALAY QURIYDI

*(gu'rrin')*

*X. U'bbiniazov*

Polat to'rtinshi klasta oqıydı. Bu'gin mug'allim nelikten de oqıwshılardı u'yine jiberdi. Mine, balalar, appaq qarday duz aralas sarı qum aralas qaytıp kiyatır.

Al, quyashtın' nurı menen, qızg'an qum ayaqqa jag'ımlı tiyedi. Burın bul jer suwg'a tolıp turdı. Sonda olar usı qumdı basıp ku'nde u'sh-to'rt saat jol ju'rip u'yine zorg'a-zorg'a jetedi...

...Bir saparı Polattın' a'kesi erte azan menen onı mektepke neda'wir jerge shekem shıg'arıp salıp:

— Endi, balam, o'zin' kete ber. Bunnan basqa jol joq, ne ilaj... Burınları motorlı keme menen qalag'a demde jetip baratug'ın edik. Mine, ten'izdegi suw da qashıp ketti. A'y, qoldan keletug'ın ilaj joq, — dedi o'zinshe irenjip.

Polat mektepten qaytıp kiyatır. Quyash nurın to'gip tur. Issı. Aspanda asıqtay bult joq. Tınıq. Ol sharshadı. Dem alg'ısı keldi ha'm qumg'a otırdı.

Qa'pelimde ko'zi ilinip, uyqılap qaldı. Uyqılap atırıp tu's ko'redi.

Aspanday ko'k-ko'mbek ten'iz. Jan-jaqta shımshıqlar shırıldasa, torg'aylar jem izlep, ten'izdi jag'alap juwırıp jortadı. Balıq penen ko'k sho'plerdin' iyisi a'tirapqa jayılg'an. Ku'tpegende ten'izdin' ornına awıl ortasındag'ı qoldan qazılg'an u'lken salma ko'rindi. Onın' eki ta'repinde tarbayıp o'sken qarabaraq penen pishenler ırg'alıp tur. Al salmanın' ultanındag'ı mo'ltildegen tınıq suw ko'zin'di qamastıradı. Suw tu'binde mayda shabaqlar o'zinshe arqayın ju'zbekte.

Mine, endi ja'ne ko'z ushındag'ı Aral ten'izinin' aqbas tolqınlarının' shuwıldısı esitildi. Almabas u'yrekler, g'azlar, quwlardın' shawqımlı dawısları esitiledi. Ho, anaw alaqanday jerde jan'ag'ı salmanın' boyındag'ı g'azday qatarlasqan jaylardı qara! Sol jaylardın' arasında tu'yenin' o'rkeshindey du'mpiygen qara u'yler qarawıtıp ko'rinedi. Oyda joqta ol qara u'ydin' ishinde maldas qurınıp otır. Al seksenge shamalasıp qalg'an bir g'arrı da'sturxannan bir tislem nan alıp:

— Ma', nan je hu'rmetli, qonag'ım, — deydi Polatqa.

Usı waqıtta qosıq aytqan qızdın' jag'ımlı hawazı esitildi. Tosınnan jan'ag'ı qosıq aytqan qız sol ju'risi menen ha'r qıylı balıqqa tolı awdı su'yrep qara u'yge kirgizdi. Bunı ko'rip quwang'an g'arrı:

— Raxmet, balıqshı qızım! — dep onı marapatladı.

Bunı ko'rgen Polat «O, balıqqa tolı mo'ldir suwlı awılım! Awa, el-xalqımnın' ten'izi aman bolsın!» — dep oylag'anı da sol, birden oyanıp ketti. Ol o'zinin' qula du'zde, qumnın' ortasında otırg'anın bilip, o'zin a'jep ta'wir sezindi.

Polat ornınan ushıp turdı da, u'yine tezirek jetiwge asıqtı.

«Pay-pay, sonsha mın' jıllardan beri shu'mpildep, tolıp turg'an ten'iz qalayınsha tez qaytıp qaldı eken? Nege?»

— dep oyg'a shu'mdi. Biraq ol o'zin qıynag'an sawalg'a juwap tabıwg'a a'zzi edi.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Polattın' a'kesi ne sebep irenjidi?
2. Polat tu'sinde nelerdi ko'rdi?
3. Aral ten'izi burın qanday edi, ha'zir qanday? Bul tuwralı so'ylep berin'.
4. Gu'rrin'di tu'sinip oqıp, mazmunın aytıp berin'.

Aralım — menin' ta'g'dirim.
Aral ta'g'diri — adam ta'g'diri.

## JILLAR

*S. Abbazov*

*(poema)*

Du'nyag'a kelip adamzat,
Ta'biyat penen sırlasqan,
Do'retip ne bir karamat,
Tilge kelgen jer, aspan.

Juldızg'a bolıp sa'wbetles,
Emgen quyash nurların,
Ug'ıp barg'an tınbay hesh.
Kunnin', tu'nnin' sırların.

Tawıp waqıt deregin,
Sekund, minut ha'm saat,

Paydalan dep keregin,
Belgilep bergen atpa-at.

Minut turar sekundlardan,
Saat turar minutlardan,
Jeti ku'n birge ja'mlesse,
Ha'pte bolıp atalg'an.

Ha'r jıl to'rtke bo'linedi,
U'sh-u'sh aydan ten'dey bolıp,
Og'an ma'wsim delinedi.
Bilemiz biz atın tolıq.

Da'slepki ma'wsim qıs bolar,
Shımır ayaz, jerde qar,
Qar baba keler alıstan,
Qapshıg'ında sawg'a bar.

Ekinshi ma'wsim ba'ha'r bul,
Diyqanlar jerlerin tegisler,
Salmada suwlar ag'ıp tur,
Baslanıp keter egisler.

U'shinshi ma'wsim jaz bolar,
Pispegen jemis az bolar,
Jasıl do'nip ta'biyat,
Jang'a ra'ha't-ha'z bolar.

To'rtinshi ma'wsim — gu'zimiz,
Shashlanar tasqın qırmanlar,
Toyar qarap ko'zimiz,
Orınlanar a'rmanlar.

Oy juwırtıp teren'nen,
Qarap ko'rsek oylanıp,
Jıllar izli – izinen,
Kele berer aylanıp.

Ku'nlerdin' shıg'ıp batqanı,
Ha'r ku'ni tan'nın' atqanı,
Ta'biyattın' sırlı nızamı,
Toqtap qalmay bir jerde.

İzbe-iz jol tartqanı.
Talay-talay sınalıp,
Maqul bolıp tabılg'an,
On eki jıl qosılıp,
Bir mu'she dep alıng'an.

Mu'she degen mısalı,
O'mirdin' bir bolegi,
Burınnan solay atawlı,
Xalıq jaqsı biledi.

On eki jastı ma'selen,
Bir mu'she dep aladı,

Eki mu'she qosılsa,
Jigirma to'rt boladı.

II.

Jıynalısıp xalayıq,
Depti ma'jilis qurayıq,
Aljaspaw ushın ha'r jıldın,
Atın qoyıp alayıq.

Barlıq jıllar usı mannan,
Dizilisip o'tsin deydi.
Qa'legen haywan — maqluqlar,
Kelip bunda ku'tsin deydi.

Uzaqtan jıldı kim ko'rse,
Baxtı ba'lent boladı.
Qoyılıp atı sol jılg'a,
Jıl bası bolıp qaladı.

Ko're almag'an uzaqtan,
Birinshiden qaladı,
Tiyisli ha'rkim orının,
Na'wbet penen aladı.

Esitip bunı haywanlar,
Bir-birine qarasar,
Bolamız dep jıl bası,
Uzaqlarg'a qarasar.

Ayttı tu'ye maqtanıp,
Jaqın keler alıslar,
Birinshi ko'riwim anıq,
Barma mag'an jarısar.

Qaran' menin' boyıma,
Jıl bası bolıw oyın ba,
Men turg'anda almasın,
Hesh kim onı oyına.

Haywanlar edi barshılıq,
Ko'rsetpedi qarsılıq,
Qarsılasıp tu'yege,
Etpedi hesh tarshılıq.

Mine so'ytip turg'anda,
Kelip qaptı jıllar da,
Birinshi bolıp kim ko'rdi,
Sheshilmedi bul manda.

Na'zer salıp qaraldı,
Ha'mmeden bir-bir soraldı,
En' birinshi jıldı ko'rgen,
Tıshqan bolıp sanaldı.

Haywanlar og'an ku'ledi,
İsenimsiz tu'r beredi,

Boyı bolsa bir edi,
Tıshqan qalay ko'redi.

Tıshqan ayttı durıs dedi,
Nege kerek urıs dedi,
Burın ko'rdim jıldı men,
Bılay boldı bul is dedi.

Tu'yenin' bardım qasına,
O'rmeledim arqasına,
Meni tu'ye sezgen de joq,
Minip aldım basına.

Alısqa jolg'a qaradım,
Ko'rip jıllardı sanadım,
Birinshi bolıp jıl ko'rip,
Orınlandı muradım.

Turdı tıshqan quwanıp,
Onın' so'zi endi anıq,
Boldı tıshqan jıldın' bası,
Moyınlar ha'mme ta'n alıp.

Ko'pshiliktin' aldınan,
Dizilip jıllar ju'redi,
Basqaları keyninde,
Tıshqan baslap beredi.

Anıqlap mine qaran'lar,
Tıshqannan son' sıyır bar.
Onnan keyin o'tedi,
Jolbarıs penen qoyanlar.

Balıq, jılan a'ste jıljıp,
Keler shawıp jılqı kisnep,
Qoy man'ırap ushıp meshin,
Qoraz keler kerip to'sin,
İyt asıqpay keler esnep.

Na'zer salsan' qanday qızıq,
Eserlengen peyli buzıq,
En' izinde keler don'ız,
Awzı menen jer sızıp.

Bul on eki maqluq,
U'lgerdi jılg'a ilinip,
Ko'p haywanlar bos qaldı,
Qurı shawıp bu'linip.

Bolsa da sonday tulg'ası,
Miyneti ku'ydi bolmadı,
So'z eter ha'mme tu'yenin',
Jılg'a ilinbey qalg'anın.

## TUT NAWQAN QURTI

*(Biologiya kitabınan)*

Adamlar a'yyemgi zamannan-aq gu'beleklerdın' jipek bolıp shıg'atug'ının bilgen. Sonlıqtan da, bunnan 5000 jıllar burın jipek alıw ushın tut nawqan qurtın qolqa u'yretken. Bul ren'sizlew, aqshıl gu'belek, qanatın jayg'andag'ı uzınlıg'ı 4,6 sm ge deyingi, ushıw uqıbın joytqan, birden-bir u'y haywanına aylandırılg'an, ja'nlik, ta'biyatta jabayı turinde ushıramaydı.

Tut nawqan qurtı dep atalıw sebebi onın' jas qurtı tek tut ag'ashının' japırag'ın g'ana jeydi.

Nawqan qurtının' jabayı halındag'ı burıng'ı waqlarda Gimalayda bolg'an dep esaplaydı. Bul bizin' eramızg'a deyingi shama menen 3000 jıl burın Qıtayda u'y haywanına aylandırılg'an. Ha'zir nawqan qurtı adam ushın xızmet etedi. Sonlıqtan adam olardı awqatlandıradı ha'm jag'day tuwdırıp ku'tedi.

Nawqan qurtı Yaponiyada, Qıtayda, İndo-Qıtay ellerinde, Qubla Evropada, Braziliyada, Orta Aziyada ha'm Kavkazda bag'ıladı.

**Tapsırma:**

1. Tekstti ta'sirli oqıp, mazmunın aytıp berin'.

## DEM ALIS KU'NLERINDE

*(«Este qalg'an elesler» povestinen u'zindi)*

*S. Pirjanov*

Ba'ha'r quslarına uya du'zetip, olardı tuwılg'an u'lkemizge u'yirsek etip, shadlı namaların tın'law qanday jaqsı. «Quslar bizin' dostımız»— dep oylanıwım menen mektepke de kelip qaldım. Jol boyınsha ta'biyattın' sulıw ko'rinisleri menin' bul qıyallarımdı quwatlag'anday sonshelli a'jayıp la'zzet beredi.

* * *

U'lkemiz qanday sulıw, onin' bir shetine qonıs basqan, men jasap atırg'an bizin' awıl da og'ırı sulıw g'oy. Awıldın' batısında shiyshedey tınıq suwlı Boz kol. Do'gereginde ko'k maqpalday do'nip turg'an jasıl jaylaw, arg'ı jag'ı o'rkesh-o'rkesh qumlıq penen tutasıp, alıstan qarag'an adamg'a kip-kishkene bota-laqların suwatqa ertip kiyatırg'an tap botalı tu'yelerdey elesleydi. Bul ko'rinislerge awıl adamları, ha'tteki men de maqtanıshlıman. O'ytkeni awılın'nın' sulıw ko'rinisi kimdi quwandırmasın! Usı ko'rinislerge qızıg'ıp men jazg'ı dem alıstın' bir ku'ninde ag'ama qoy bag'ısıw ba'nesi menen Boz ko'lge qarmaq salıwg'a bardım. Burın bul ko'ldi ko'riwge talay

qızıqsam da, apamnın' «suwg'a tu'sip ketesen'», — degeni esime tu'sip, barıwg'a qorqatug'ın edim.

Jolda baratırıp ag'amnan burın ko'ldi ko'rmegenlikten:

— Anaw qay jer, ag'a, mınaw ne?— dep qayta-qayta soray berippen.

Bizler Boz ko'lge jaqınlag'anımızda u'stimizden o'n'menin zorg'a ko'terip kiyatırg'an aqshıl tu'sles gidiman qus a'l hawadan tap mag'an jatırqap qarawı menen joqarı ko'terildi.

— Minaw qanday qus, ag'a?— dedim men tan'lanıp.

— Bul Birqazan degen, mayda shabaqlardın' jawı,— dedi ag'am.

— Sonda bizlerdiki qalay? Jan'ag'ı qus ko'ldin' balıg'ının' ba'rin qurtıp ketken shıg'ar.

— Yaq, — dedi mırs etip ku'lip, ko'lde balıq ko'p, biraq uslay alsan'.

— Nege? Qarmaq penen uslamay nesi bar, anaw ku'ni u'ydin' aldındag'ı salmanın' suwınan-aq, qarmaqsız bir balıq usladım. Sonnan qıyın bolmas, sondag'ı balıqtın' suwdı ayırıp o'rden-ıqqa zın'g'ıwınay!...— Ag'am bul so'zlerime g'arqıldap ku'ldi. Biraq onın' menin' so'ylegen so'zime me, yamasa usı bir maqtang'anıma ma, a'ytewir nege bolsa da, ku'lgenine

tu'sine almadım. Usı oylarg'a berilip ko'lge de kelip qalıppız.

— Ag'am ko'l boyınan alısıraqta qoy baqtı. Ara-arasında mag'an da kelip ketedi. Al men bolsam ko'zimdi qarmaqqa qarap, qalqısı sa'l qıymıldayın dese, da'rriw shaltlıq penen ko'terip jiberemen. Biraq ku'tkenimdey emes, tek g'ana qarmag'ım shontan' etip ko'rinedi. Bunın' balıg'ı qayda?...

O'zimnen-o'zim so'ylenip tag'ı da qarmag'ımdı suwg'a tasladım. Aradan a'dewir waqıt o'tti. Suw betinde mag'an jaqın jerden kishkentay tolqın payda bolıp, qarmag'ıma jaqın kiyatır. Shaması jemtikti ko'rgen balıq-aw degenimshe bolg'an joq, qarmag'ımda tıpırshılap bir na'rse o'rden-iqqa tuwladı. Qarasam qalashları du'p-du'ziw sarı sazan eken. O'zinshe qalqasawlıq etkenge usap arman-berman shapshıydı. Bug'an quwang'anımnan ag'ama: «ag'a sazan, sazan!» dep eki ret dawısladım. Ko'p uzamay ol da jetip kelip «ba'rekelle balam, balıg'ın'dı apan'a tezirek aparıp qayt, mazalı bir qarma pisirsin», — dedi. Sazandı qolıma uslawım menen u'yge qaray juwırıp kettim.

Bir ku'ni usilardın' ba'rin klaslas balalarıma aytqanımda olardın' ba'ri de dem alısta sol jerge sayaxatqa

shıg'ıwdı maqset etti. Balalar menen kelisip alıp, To'rebay ag'anın' o'zi sayaxatqa tikkeley basshılıq etetug'ın boldı. Sherektin' juwmag'ın esitkenımızshe ju'reklerimiz sha'wkildesedi.

—Balalar, mine sizlerdin' sabaqlardan u'lgeriwin'ız,— dep To'rebay ag'a jazg'ı dem alısqa shıg'ar aldında bahalarımızdı birim-birim aytıp berdi. Ha'mmemiz quwanısıp qaldıq. Aramızda birde u'lgermewshi joq eken. Bahalarımızdı aytıp bolg'an son', bizlerden mug'allimimiz dem alıstı qalay o'tkeretug'ınımızdı sorap aldı. Balalar dem alısta awılımızdın' arqasındag'ı ba'lent qumlıq penen mo'ldır suwlı Bo'z ko'ldin' jag'asına barıp, onnan arı qaray dalan'lıqlardı boylap, sayaxatlar jasawg'a qızıg'atug'ınların ayttı...

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Bala ag'ası menen qayda bardı? Awıldın' sulıw ko'rinisin su'wretleytug'ın qatarların tawıp oqın', jazıp alın'.
2. Bala a'kesinen ne tuwralı soradı?
3. Balıqtı qalay usladı? Qarmaqqa balıq tu'skendegi onın' quwanıshı su'wretlengen qatarlardı tawıp oqın'.
4. To'rebay mug'allim balalar menen dem alısta qay jerge barıwdı kelisti?
5. Tekstti ta'sirli oqıp, ma'nisin so'ylep berin'.

* * *

... Erten'ine jolg'a shıqtıq. Sayaxat jasaytug'ın jerlerimizdegi ko'ldin' suwları menen ba'lent qumları jaqsı eken. Sayaxatımız usılay baslanıp ketti. Balalar topar-toparg'a bo'linip, qumnın' erneginde tınımsız gezip ju'r edi. Ustazımız benen azıraq dem alıp, sayaxatlar haqqında so'ylestik. Sayaxatlarımız tag'ı da dawam etti. Qumlıqtın' qaptalınan arqag'a qaray sozılg'an ken' maydanlıq penen ju'rip kiyatırmız. Ken' dalada o'sip atırg'an a'lwan tu'rli o'simlikler bizlerge: «Kelin' jas sayaxatshılar» — dep ımlag'anday boladı. Qumlıqlardan ko'sikler terip, qaramıqlarg'a qızıqsınıp kiyatırmız. Aldılarımızdan seken'legen ip-iri qoyanlar qashadı da, demde zım g'ayıp bolıp a'lle qayaqlarg'a jog'aladı.

Dala sozılıp atır, uzaqtan jag'ımlı samal esken gezinde, qan'baqlar awdan'lap keledi de, putalarg'a ilinip qaladı. Dala, ta'biyat... sulıw ko'rinisler haqqında oylanıp kiyatır edik, qa'pelimde baratırg'an jerimizden sa'l shetirekte an'qıg'an iyisli o'simlikti ko'rip qaldıq. İzirektegi to'rtewimiz sog'an qaray burılıp barg'anımızdı bilmey de qalıppız. Ha'rqaysımız bir qısımnan alıp, juwırısımız benen balalarg'a jetip keldik.

— Mine mug'allim gu'l a'keldik, — dedik.

To'rebay ag'a bizlerdin' a'kelgenimizdin' juwsan

degen o'simlik ekenligin ayttı. Onı qay jerden alg'anımızdı soradı. Bizler a'kelgen jerimizdi qollarımızdı shoshaytıp «a'ne anaw jerde», dep ko'rsettik. Ko'p uzamay balalardın' ba'ri sol jaqqa qaray juwırısıp ketti. Aylanıp ta keldi. Ha'rqaysısının' qolında bir qısımnan juwsan. So'ytip ta'biyattın' usınday sulıw ko'rinisli u'lkemiz benen tanısıwımızg'a u'les qosqan ustazlarımızg'a alg'ıslar ayttıq. Bul bizlerdin' ku'limshıray bergen ju'zlerimizden ap-anıq bilinip turdı.

Ko'rdin'iz be, dala qanday qızıq. Sizler dem alıstan son', mektepke barg'anın'ızda usınday sulıw ko'rinislerdi, ko'rgen qızıqların'ızdan gu'rrin' jazıp, so'ylep beriwdi umıtpan'. Ha'mmen'iz sayaxatqa shıqqannan baslap, qızıqtırg'an na'rseler haqqında jazıp berin', — degeninde da'ptershelerimizdi qollarımızg'a alıp, ko'rgenlerimizdi jaza basladıq. Sonnan son' azıraq dem aldıq. Sayaxatımız tag'ı da dawam etti...

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Sayaxatqa shıg'ıw balalarda qanday ta'sir qaldırdı?
2. Mug'allim balalarg'a qanday tapsırma berdi?
3. Tekstti tu'sinip oqıp, mazmunın' awızeki so'ylep berin'.
4. «Sayaxatqa shıqqanda» degen atamada teksten paydalanıp, u'yge shıarma jazın'.

## Naqıllar

Balıqshı, balıqshını uzaqtan tanıydı.

* * *

Balıqshının' u'yine barsan', qarma jeysen'.
Diyqannın' u'yine barsan', jarma ishesen'.

* * *

Keme qansha u'lken bolsa da, ko'l ko'teredi.

* * *

Balıqshının' qolınan awı ketpeydi,
Jamannın' basınan dawı ketpeydi.

* * *

Kemege mingennin' janı bir,
Telpek kiygennin' arı bir.

* * *

Balıqtın' ku'ni suw menen,
Baqanın' ku'ni ko'l menen.

* * *

Tiri altın izlesen', da'ryag'a bar.

## KEL, PAXTAKESH

*T. Qabulov*

Kel paxtakesh, qa'dirdanım,
Kel, su'yeyin qolların'nan.
Sayran etip awıl bag'ın,
Gu'l tereyin, jolların'nan.

Shın miynettin' shertip sazın,
Paxtazarda qurdın' ba'zim.
Jedellenip qısıw-jazı,
İske ja'wlan urg'anın'nan.

Saatları sazlar shertken,
Minutları dan'q do'retken.
Ku'ndey jaynap, shadlı o'tken,
Ha'rbir ku'n, ay, jılların'nan.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Qosıqtı yadlan'.
2. Shayırdın' paxtakeshlerge bolg'an izzet-hu'rmetin o'z so'zin'iz benen so'ylep berin'.

## SUMKA NEGE JIRTILDI?

*Ya. A'jimov*

Sabır mektepten keldi de, ku'nde shkafqa salıp qoyatug'ın sumkasın bu'gin umıttı ma, negedur ekinshi klasta oqıytug'ın u'kesinin' sumkasının' qasına aparıp qoydı.

Anası keshte bir talay etip somsa pisirdi. Ekinshi klasta oqıytug'ın Tayır apasına ko'rsetpey somsadan urlap «erten' mektepke barg'anda jeymen» — dep ka'ttin' astındag'ı sumkasına aparıp tıg'a beredi. Anıg'ı,

ol aljasıp, o'zinin' emes, al a'jag'ası Sabırdın' sumkasına saladı. Sebebi ekewinin' de sumkası birdey edi.

Tayır birazdan son' ja'ne bir talay somsa a'kelip, bag'anag'ı sumkag'a saldı. Sumka ishindegi kitaplar menen qosıla a'dewir qampayıp ketti. Endi ol «usı bolar-aw» — dep oyladı.

Ha'mme da'sturxan basına jıynaldı. Anasının' mazalı etip pisirgen go'shli somsasın Sabır menen Tayır talasıp jedi. Shirenip toyıp aldı. Son' tapsırma da tayarlamastan ekewi de uyqıg'a jattı.

Azanda ornınan turg'an Sabır mektepke asıg'a basladı. Bet-qolın juwdı da apasının' demlep qoyg'an shayınan shala-pula bir-eki kese urtladı da, mektepke atlandı.

Waqıt ele erte edi. Sabaq baslanıwg'a bir saattay waqıt bar.

— Balalar, qa'ne bir maydan muz sırg'anaymız ba? — dedi Sabır o'zi birinshi baslap.

Ha'mme arqasındag'ı sumkaların jerge qoyıp, sırg'anap ketti. Sumkalardı beti may jaqqanday jıltırag'an tompaq qara bala qarawılap qaldı. Sumkalardın' ishinde ayrıqsha bolıp tompayıp turg'an Sabırdın' sumkasına ko'zi tu'sti de heshkim joq pa dep, oyaq-buyag'ına qarandı da, barıp sumkanı ashtı. Qarasa, ishi tolg'an somsa! Quwang'anınan ko'zi jarq

ete qaldı. Da'slep birewin, son' ekinshisin alıp jedi, al tag'ı bir-ekewin sumkasına da tıg'ıp u'lgerdi.

Bir ma'ha'lde balalardın' ba'ri sumkalarına qaray sırg'anap keldi.

— Haw, Niyetbay, nege gu'ysenip tursan'? — dedi birinshi bolıp jetip kelgen Sabır.

— Hesh... Hesh na'rse.. — Niyetbay somsa uslap turg'an qolın artına qayırıp jasırg'an boldı. Biraq onı qorshap alg'an balalar qolındag'ı somsanı ko'rip:

— Niyetbay, mag'an birewin ber?

— Mag'an da ber?

— Birewin berse? — dep jalbarısa basladı.

Sonda Niyetbay awzı ashıq turg'an Sabırdın' sumkasına ko'z qıyıg'ın tasladı. Og'an barlıq balalardın' ko'zi tu'sti.

Balalar Sabırdın' sumkasın barıp tarpa bastı. İshindegi kishkene boylı, shaqqanırag'ı ko'zdi ashıp jumg'ansha sumkanı ile qashtı. Basqaları izinen quwıp jetip, sumkanı birewi arman, birewi berman tarttı. Aqırı, sumka ten' ortasınan «pırr» etip ayırıldı. İshindegi kitaplar da, somsalar da shashıldı. Sabır bolsa hesh na'rsege tu'sinbey an'-tan' boldı. Son' keshegi apasının' somsa pisirgeni yadına tu'sip, «Tayırdan kelgen ba'le qusaydı» — dep oyladı. Sumkasının' jırtılg'anına, kitaplarının' shashılg'anına

qattı ashıwı kelip, o'kirip jılap jiberdi. Sebebi sonsha balag'a ne ilaj ete alar edi. Balalar biraz o'kinishli qarap turdı da, son' ja'ne jerde shashılıp atırg'an somsalarg'a talasıp ketti.

Sabır shashılg'an kitapların qoltıg'ına qıstı da, doslarına ashıwlanıp, izine de qaramastan tez-tez ju'rip ketti.

Sabır sol ku'ni bag'anag'ı doslarına qosılmadı. Oqıwdan jalg'ız o'zi qayttı. U'yine keldi de, hesh na'rse iship-jemesten boyın ka'tke attı. Ashıwı kelgenligi sonshelli, hesh tınıshlana almadı. Tayırdı izledi. Biraq ol jaqın jerden tabılmadı.

— Balam, awırıp keldin' be? — dedi anası Sabırdın' jatısın qolaysız ko'rip.

Sabır u'ndemedi. Sol jatıstan keshki awqatqa turdı. Awqattı qalay bolsa solay awzına gu'rep tıg'ıp otırg'an Tayırg'a oqırayıp qaradı da, judırıg'ı menen jawırnına salıp jiberdi.

— Ba'ri sennen bolg'an na'rse! Ashko'z!

— Ne? Ne o'zi, balam? — dedi anası tan'lanıp.

— O'zi biledi. Keshegi somsalardın' ko'bisin bizin' sumkag'a tıg'ıptı. O'ziniki dep g'abırısqan, bolmasa bizikine o'lmey saladı-aw! Biraq, izi ne boldı?! Men tap-taza sumkamnan ayırıldım.

Sabır bolg'an waqıyanı anasına qaldırmay bayanlap berdi. Bunı tu'singen Tayır ayıbın tu'sindi me, basın to'men alıp qıp-qızıl bolıp ketti...

**Sorawlar:**

1. Sumka ne sebep jırtıldı?
2. Sumkanın' jırtılıwına kim sebepshi boldı?
3. Tayır menen Niyetbaydın' islegen isleri durıs pa?
4. Sizler Sabırdın' ornında bolg'anın'ızda ne qılar edin'iz?

### Naqıl

Urlıq tu'bi xorlıq.

## SHO'JE HA'M KU'SHİK

*U. Sadıqov*

**Ku'shik:**

Tawıqqa usaydı turin',
Shu'yik — shu'ykildegen sulıw u'nin'.
Sizge qon'sı boldım bu'gin,
Jalıqpaspan endi sho'je.

**Sho'je:**

Aytago'rme jalıqqandı,
İyem jaqsı jayg'a saldı.
Jollarımız bolıp qaldı,
Bizler ha'zdi ko'rip ku'shik.

**Ku'shik:**

Mende sıylap ko'rip ju'rmen,
Arman-berman jelip ju'rmen,
O'zimshe is qılıp ju'rmen
Dos bolıwg'a keldim sho'je.

**Sho'je:**

Doslıq isten qashpaymız hesh,
Boldı bizge bolmasan' o'sh,
Pıshıqqa bol qırag'ı ko'z,
Bizdi saqlan' sonnan ku'shik.

**Ku'shik:**

Pıshıq jolatpaspan jaqın,
Shabalap beremen haqın,
Sizge keltirtpespen zaqım,
Tek te bergizbeymen sho'je.

**Sho'je:**

Bizler ko'p zattan u'rkemiz,
Sonnan qurıydı din'kemiz,
Na'restemiz g'oy ele biz,
Sondaylardan qorg'a ku'shik.

**Kushik:**

Qorg'aw menin' baslı isim,
Qag'aman pıshıqtın' tisin,

Ondaylarg'a jeter ku'shim,
Dım qa'terjem bolın' sho'je.

**Shoje:**

Onda sag'an hu'rmet alg'ıs,
Bir bolayıq ju'rme jalg'ız,
Doslıq bolsın qıylı-qalsız,
Sen ekensen' jaqsı ku'shik.

**Ku'shik:**

Ma'z mayram bol sulıw sho'je

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. Ku'shik sho'jege ne dedi?
2. Sho'je o'zleri tuwralı ne ayttı?
3. Sizler doslıqtı qalay tu'sinesiz?
4. Qosıqtı rolge bo'lip oqın'.

## O'LİP ALDIM MIN' TEN'GE

O'mirbektin' jarlı tu'sip ju'rgen ku'nleri eken. Bir ku'ni bir joldası menen bazarg'a baratırsa, izinen Erejep tentektin' kiyatırg'anın ko'rip, O'mirbek joldasına:

— Ha'zir men jataman, sen menin' u'stime shapanımdı ayqara jawıp taslap, bas ushımda jılap otıra ber. Erejep tentek keler, bul kim dep sorar, sen sonda:

«Menin' dostım O'mirbeк edi, usı jerge кelgende Qudaydın' amanatın tapsırdı, sonı ne qılarımdı bilmey otırman», — dep ayt depti.

Erejep jetip кelip:

— Bul кim? — dep sorag'anda O'mirbeкtin' jorası bag'anag'ı ga'plerdin' birewin de qaldırmay aytıp beripti. Erejep ol adamg'a mın' ten'ge beripti de?

— Ha'zirshe usının' menen jayg'astırıp otıra ber, men кeshte aynalıp кelemen, — dep o'zi bazarg'a кetipti.

O'mirbeк bazarlap ju'rip Erejep tenteк penen ushırasıp qalıptı.

— Haw, O'mirbeк, joldag'ı ne ha'diyse, — dep soraptı.

Sonda O'mirbeк:

— Qoysan'a Erejep, tenteкliкti, o'lmey beresen' be sen ten'geni, o'lip zordan aldım g'oy mın' ten'ge, — depti.

Erejep so'zden utılıp, o'z jo'nine кetipti.

**Sorawlar ha'm tapsırmalar:**

1. O'mirbeк o'z ornı menen qalay so'ylegen?.
2. O'mirbeк haqqında bilgenlerin'izdi aytın'.

## BİR DEGENDE NE JAMAN

Bir degende ne jaman,
Bilimsiz o'sкen ul jaman.
Eкinshide ne jaman,
Eliwsiz o'sкen qız jaman.
U'sh degende ne jaman,
U'shкilsiz pishкen ton jaman.
To'rt degende ne jaman,
To'relisip barg'anda,
To'resin buzg'an biy jaman.
Bes degende ne jaman,
Beles-beles tawlarda ,
Bel mayırsa sol jaman.
Altınshıda ne jaman,
Atlan, atlan degende,
Atlanarg'a atı joq,
U'stine кiyer zatı joq,
Piyada qalg'an sol jaman.
Jetinshide ne jaman,
Jan'a jettim degende,
Jetкinsheкten ayrılıp,
Jez qannattan qayrılıp,
Jer tayang'an sol jaman.
Seккizlenshide ne jaman,
Sergizdanlıq sol jaman.
Toqqızlanshıda ne jaman,

Tolıp tasıp to'gilip,
Shaypatılsan' sol jaman.
Tog'ız qabat torqa ton,
Tozdırmay кetsen' sol jaman.
On degende ne jaman,
O'tiriк aytıp ba'rha'ma,
Shermende bolsan' sol jaman.
Aqsha ju'zge daq jaman,
Aq u'yine кo'к jaman,
Jigirma beste, otızda,
Jannan ayırılg'an jaman.
Jas ortag'a barg'anda,
Qostardan ayırılg'an jaman.
Jigit sahra nala shegip,
Elden ayırılg'an jaman.
Ne bir ullı alımlardın',
Joldan ayırılg'anı jaman.
Jılqı ishinde sur jaman.
Qoy ishinde er jaman.
Tu'ye ishinde loq jaman.
Ag'ayinnen jat ju'rip,
Japa sheкsen' sol jaman.
Jomartardı mert qılg'an,
Toqeterin aytqanda,
Ba'rinende joq jaman.

**Tapsırma.**

Qosıq qatarlarının' ma'nisin tu'sinip oqın'.

# MAZMUNI

## 1-SENTYABR — O'ZBEKTAN RESPUBLİKASININ' GA'REZSİZLİK ALG'AN KU'Nİ. BİLİMLER BAYRAMI


O'zbektan Respublikasının' Ma'mleketlik gimni............................3
Qaraqalpaqstan Respublikasının' Ma'mleketlik gimni ..............4
G'a'rezsizlik haqqında qosıq. A. Seytjanov ..................................5
Bilimler bayramı ............................................................................7
Bilim. X. Saparov ...........................................................................8
O'zbekstan — Watanım menin'. A. Sultanov...........................10
O'zbekstan barar sarras jol menen. X. Saparov ................11
Tashkent . T. Jumamuratov ....................................................12
Qaraqalpaqpan. J. Aymurzaev ..................................................13
Xalıq so'zleri. İ. Yusupov.............................................................15
Menin' qalam. X. Saparov .......................................................16
Xalqım qaharman menin'. X. U'bbiniyazov ........................117


## GU'Z


Altın gu'z. X. Seytov ................................................................20
Gu'z. J. Aymurzaev ...................................................................21


## USTAZLAR — ATAN'DAY ULLI


Ustazlarg'a. S. Abbazov ...........................................................22
Ustazlar. T. Qabulov ...............................................................23
Mug'allimge raxmet (u'zindi) .................................................24
Mug'allim. T. Qabulov .............................................................29
Oqıwshı jastın qosıg'ı. X. Turımbetov ..................................30
Oqıwshıg'a estelik. B. İsmaylov ...............................................31
Jaslıq bag'ı. J. Dilmuratov .......................................................32
Bag'man ha'm bala. A'. Seytjanov.........................................33

Shabdaldin’ shaqası. S. Aytmuratov ......................................35
Men diyqanman. T. Qabulov ................................................39
Ag’ash kesiwshinin’ bir bo’lek nanı (xalıq ertegi) ............40
Nannın’ usag’ı. U. Sadıqov ..................................................46
Nannın’ iyisi. Ya. A’jimov ........................................................47
G’arbız. X. Saparov .................................................................50
Qawın. Kapusta. Qıyar ............................................................51
Pomidor. Ju’zim .........................................................................52

## ERTEKLER JAQSILIQQA JETELEYDİ

Aqıllı g’arrı ...............................................................................53
Baylıq. Baxıt. Aqıl .........................................................................56
Sumlıg’ı basına jetken tu’lki ...................................................58
Doslıq ullı baxıt .........................................................................63
Sawg’a .........................................................................................64
Nan ha’m altın ............................................................................65

## ATALAR JOLI — MA’RTLİKKE TOLI

Ullılardın’ na’siyatı. T. Qabulov ...............................................68
Ernazar Alako’zdin’ gu’resi (gu’rrin’) .....................................68
Xalqım. D. Allamaxova .............................................................71
Babalar. S. Pirjanov ...................................................................73
Ayanıshlı ku’nler. N. Dawqaraev ..........................................74
Jetimnin’ ju’regi. J. Aymurzaev. ...........................................79
An’ızg’a aylang’an shınar. S. Pirjanov ..................................81

## ANA TİLİM — SEN BASQADAN AYIRMAM

Ana tilimde. T. Seytjanov .....................................................88
Ana tilime. İ. Yusupov ...........................................................89

## ELİMİZDİN’ ULLI NIZAMI

Menin’ konstitutsiyam. X. Saparov .........................................90
Bul a’lemde onnan ullı Watan joq. T. Qabulov ................92

## QIS

Qıs. B. Qayıpnazarov ....................94
Shırsha aylanasında. X. Saparov ....................95
Muzda qalg'an etik. Ya. A'jimov ....................96
Ayaz baba kiyatır. T. Qabulov ....................100
Awılg'a kelgen kiyikler. (gu'rrin') ....................100

## O'ZBEKSTAN QURALLI KU'SHLERİ

Ana — Watanımnın' qalqan ulları. Z. Zamatdinov ....................105
Watandı ma'rtler qorg'aydı ....................106
Armiyam. X. Saparov ....................107

## ATALAR SO'Zİ — AQILDIN' KO'Zİ

Naqıl-maqallar ....................108
Jumbaqlar ....................110
Jan'Itpashlar ....................112

## SHESHENLİK O'NERİ

Sheshenlik ....................113
To'k tawı (a'nız) ....................114
Balanın' parızı (ha'disten) ....................115
Kerek. A'jiniyaz ....................116
Balam. Berdaq ....................117
To'rtlikler. T. Jumamuratrov ....................119

## QAYIR-SAQAWATLI İS

Qayır-saqawatlı is. X. Saparov ....................121
Ma'n'gi qalar jaqsılıq. D. Allamuratov ....................125
Sawaplı is. X. Saparov ....................126
Jaqsılıq jerde qalmas. A. Avloniy ....................127
Iraslıq. S. Nurımbetov ....................128
Hadallıq. A'. Seytjanov ....................129
Hu'jdan buyrıg'ı....................130
Eki tayınshaq. K.Allambergenov....................134
Etik. K.Pazılbekov....................139

## ARAL TAG'DİRİ — EL TAG'DİRİ

Aral ten'izi ........................................................................144
Aral. T.Qabulov ...................................................................145
Ten'izdi toltrg'an egiz batırlar (ertek). Ya. A'jimov ...............146

## BA'HA'R KELDİ, NA'WBA'HA'R KELDİ

Ba'ha'r keldi. Q. Awezov .......................................................163
Na'lshe ekken qız. N. Japaqov ..............................................164

## MEHRİBANIM — ANAM MENİN'

Anajan. D. Allamaxova ..........................................................165
Siz a'diwli analarsız. B.Qayıpnazarov ..................................166
Miyrimli bala. O'. Ayjanov ....................................................168

## NAWRIZ — XALIQ BAYRAMI

Nawrız kelgen ma'ha'lde. H.Jumashev...................................172
Nawrız. X. Saparov................................................................175

## QUSLAR — BİZİN' DOSTIMIZ

Quslar menen sırlasqanda. X. Saparov .................................176
Bu'rkit ..................................................................................176
Toy. S. Axmet .......................................................................178
Ana ju'regi .............................................................................181
Qırg'awıldın' uyası ................................................................184

## ANA — WATANIMIZDIN' GO'ZZAL TA'BİYATI

U'lkeni tanın' balalar. T. Seytjanov .......................................189
Kiyiklerdi atpa, an'shı. X. Saparov .......................................190
G'amxorlıq. T. Qayıpbergenov ...............................................191

## 9-MAY — ESLEW HA'M QA'DİRLEW KU'Nİ

Estelik aldında. T. Qabulov....................................................196
Estelik aldında. K. Pazılbekov................................................197
Ulım, sira' urıs bolmaydı. Zulfiya...........................................201
Tınıshlıq jasasın. X. Saparov..................................................203
Oqıwshılar tilinen. S. Nurımbetov .........................................204

## KO’RKEM JAZ O’TEDİ SAZ

Daryada suw mol boladı. T. Qabulov ....................................206
Ma’dreyim su’n’gigish. G. Esemuratova ...................................207
Ajayıp gu’l ...........................................................................209
Jazg’ı tapsırma ....................................................................211
Jol qa’desin bilip al. S. Abbazov ..........................................213
Svetofordın’ so’zi. X. Saparov...............................................214
Bilim — aqıldın’ shırag’ı. Yusup Has Hajip ......................216

## QOSIMSHA OQIW USHIN:

Sorayman men apamnan. S. Abbazov ...................................217
Shontıq tıshqan. J. Dilmuratov ...............................................221
Jaman a’det. S. Abbazov .......................................................224
Bilip qoyg’an jaqsı. (Ha’disten)...............................................225
Altın nızamım. X.Saparov .......................................................226
Terme. T. Jumamuratov .........................................................227
Ata-anam hurmetlew haqqında. Kayqawıs ..............................228
Apalarımızg’a sawg’a .............................................................230
Sport — menin’ joldasım. X. Saparov ...................................235
Jazg’ı dem alısta (gu’rrin’) ...................................................236
Keshte da’rya boyında. K. Sultanov .....................................238
Ten’iz qalay qurıydı. X. U’bbiniyazov ..................................239
Jıllar. S. Abbazov .................................................................242
Tut nawqan qurtı ..................................................................249
Dem alıs ku’nlerinde. S. Pirjanov .......................................250
Kel, paxtakesh. T. Qabulov ...................................................256
Sumka nege jırtıldı. Ya. A’jimov ..........................................257
Sho’je ha’m ku’shik. U. Saqıqov .......................................261
O’lip aldım mın’ ten’ge .........................................................263
Bir degende ne jaman ..........................................................265

E. BERDİMURATOV, J. PİRNİYAZOV,
Q. ALLANAZAROV

# OQIW KİTABI

TO'RT JILLIQ BASLAWISH
MEKTEPTİN' 4-KLASI USHIN SABAQLIQ

*Qaraqalpaq tilinde*

Redaktorı J. Uspanova, X. Abdijabbarova
Xudojnigi A. Jarimbetov

Basıwg'a ruxsat etilgen waqtı 15. 03. 2009-j. Formatı 70x90 1/16. Ofset qag'azı. Tip «Pragmatika» garniturası. Ofset usılında basıldı. Kegl 14. Ko'lemi 17,0 b/t., 19,89 sha'rtli b/t., 16,85 esap b/t.. Nusqası 10356 dana. Buyırtpa .

O'zbekstan baspa so'z ha'm xabar agentliginin' «O'zbekiston» baspa-poligrafiyalıq do'retiwshilik u'yinde basıldı.
100129, Tashkent qalası, Nawayı ko'shesi, 30.